# КÆСУНИ КИУНУГÆ

РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙ
ДУККАГ КЪЛАСÆН



ДЗÆУÆГИГЪÆУ — 1948

Отсканировано в ноябре 2025 года
специально для эл. библиотеки
паблика «Бæрзæфцæг»
(«Крестовый перевал»).

Скангонд æрцыд 2025 азы ноябры
сæрмагондæй паблик «Бæрзæфцæг»-ы
чиныгдонæн.

ВКОНТАКТЕ http://vk.com/barzafcag
ТЕЛЕГРАМ https://t.me/barzafcag1

БИМБАСАТИ М., КЪЕСАТИ А.

# КӔСУНИ КИУНУГӔ

## ДУККАГ ХАЙ

РАЙДАЙӔН СКЪОЛАЙ
ДУККАГ КЪЛАСӔН

*Исфедар ӕй кодта*
*Цӕгат Иристони АССР-и*
*Рохсади Министрадӕ*

1-аг РАУАГЪД

ЦӔГАТ ИРИСТОНИ АССР-и ПАДДЗАХАДОН РАУАГЪДАДӔ
ДЗӔУӔГИГЪӔУ * 1948

БИМБАСОВ М., КЕСАЕВ А.

# КНИГА ДЛЯ ЧТЕНИЯ

Часть 2-я, для 2-го класса
начальной школы

На дигорском диалекте
осетинского языка

---

Госиздат Северо-Осетинской АССР
Дзауджикау * 1948



# Советон Цæдисы Гимн.

Сæрибар республикты ’нæхæлгæ Цæдис
Æсиу кодта ’нусмæ Стыр, номдзыд Уырыс.
Æгас цæуæд адæмты фæндонæй арæзт
Нæ домбай, æмзæрдæ Советон Цæдис!

Кад дын, нæ сæрибар, не’стыр Фыдыбæстæ,
Адæмты лымæнады фидар гæнах!
Советон тырыса, адæмон тырыса,
Уадз æмæ скуыхтæй æскуыхтмæ кæна!

Сæрибары хур нæм зынд тымыгъты ’хсæнты,
Æстыр Ленин срухс кодта махæн фæндаг.
Мах Сталин æсхаста нæ адæмы фарнæн,
Фæллой æмæ скуыхттæм мах скодта тырнаг.

Кад дын, нæ сæрибар, не стыр Фыдыбæстæ,
Адæмты амонды фидар гæнах!
Советон тырыса, адæмон тырыса,
Уадз æмæ скуыхтæй æскуыхтмæ кæна!

Мах не’фсады тохты куы фæхъомыл кодтам,
Цъаммар тыхгæнджыты кæндзыстæм бындзагъд!
Мах аразæм хæсты фæлтæртæн сæ хъысмæт.
Нæ Райгуырæн бæстæн æскæндзыстæм кад!

Кад дын, нæ сæрибар, не стыр Фыдыбæстæ,
Адæмты кадæн йæ фидар гæнах!
Советон тырыса, адæмон тырыса,
Уадз æмæ скуыхтæй æскуыхтмæ кæна!

---

## Скъоладзау.

Райсом раджы хур хъæлдзæг
Рудзынгæй куы 'ркæсы,
Уæд мæ цæстыты хуыссæг
Уый тынтæй фæтæрсы,
Алидзы мæ уатæй дард.
Скæнын æз мæ дарæс
Æмæ скъоламæ тагъд
Уайын уæд, æрбакæс!
Фаг рæвдыд нæ цардæй дæн,
Бирæ сты мæ хæстæ;
Ахуыр, ахуыр,—уый мæнæн
Ленин тынг фæдзæхста.
Амонддзын хуыйны мæ ном,
Цин кæнын мæ цардыл,
Дæн Сталины фæндон,—
Фидæны хъæбатыр.

## Бибо скъолай.



Рæфтæмæ хæстæг æрцæй. Бибо некæцæй зиндтæй. Уалинмæ дуармæ сувæллæнтти гъæр исцудæй. Бибой æ мадæ æ гъæрæй базудта. Исцийнæ кодта. Бибо хæдза-

рæмæ еци-еу уад бакодта. Æ нæуæг сумкæ æривардта æ бунати. Æхе рахснадта. Мадæ ибæл ку цийнæ кодта, уæд Бибо хуæрунбæл æрбадтæй.

Æ фиццаг бони хабæрттæ дзоруй Бибо.

— Æгириддæр нæ бафæлладтæн. Абони æй 1-аг сентябр—дуйней фæсевæди бон. Нæ бон рарвистан игъæлдзæгæй. Хесдæртæ нæ гъазун æма зарун кодтонцæ. Нæуæг зартæ нин амудтонцæ. Ахургæнгутæ нин нæ бунæттæ байамудтонцæ. Исон ба нин киунугутæ райуардзæнæнцæ. Цума-еу фиццаг дæр уотæ адтæй?—бафарста Бибо æ мади.

— Фиццаг уотæ н'адтæй. Уæд мæгуртæн скъоламæ цæун амал н'адтæй. Скъолати ахур кодтонцæ гъæздугути цæуæт,—загъта мадæ.

---

Ци рæдзурдта Бибо æма цæй туххæй бафарста æ мади?
Ци радзурдта мадæ Бибойæн?

## Æнхæсткæнуйнаг.

Скъоламæ цæун гъæуй æнæ цохæй.
Еу урокмæ дæр æрæги ма кæнæ.
Къласи игъосæ ахургæнæгмæ.
Ци куст равардта, уой æнхæст кæнæ.

## Чиныг

Уарзон чиныг—мад мæнæн,
Нæй йын сæрæй рохгæнæн.
Зæрдæрайгæ дзы кæсын,
Тынг ын чъизийæ тæрсын.
Нæй дзы иу хахх, чъизи цъар,
Нæу æскъуыдтæ,—уый æмбар.
Нал дзы комы стонын цæст.
Сæр дзы диссæгтыл фæхæст:
Мæнæ дын рæсугъд нывтæ,
Радзырдтæ, æмдзæвгæтæ...
Мадау зонд дæтты мæнæн,
Нæй йын сæрæй рохгæнæн.

Киунугæ—не'цæгдæр лимæн. Киунугæ—æй зунд амонæг,—унаффæ гæнæг.

Исахур уо киунуги кæсун.

**Бацеу:** Къотæр нæй, сифтæ ба ин ес, хæдонæ нæй, худ ба æй. Уорс будур, сау мукқаг. Ка'й тауй, е æй лæдæруй.

**Æмбесæнттæ.**

Пъерой финст фæрæтæй не слух кæндзæнæ. Ахурдзийнадæ—рохс, æнахурдзийнадæ—талингæ.

## Цубур æма Гъолон.

Фиццаг хатт Цубури скъоламæ æ мадæ Фурдæ фæххудта. Ахургæнæг Цубури ку рауидта, уæд ниддес кодта æма загъта:

— Куд минкъий æй? Цал анзи ибæл цæуй?.

— Е'вдæймаг анз æ уæлæ,—исдзурдта Фурдæ.

Ахургæнæг æ сæр банкъуста æма загъта:

— Уой скъоламæ райсун мæнæн мæ бон нæй, авд анзи ибæл нæма исæнхæст æй. Ци кæндзæнæн æ хæццæ,—куд æй ахур кæндзæнæн!—цæуæд бал уой бæсти рæвдауæндонæмæ.— Нæ, мæ бон нæй.

— Фæсмонгонд нæ уодзæнæ, д æ рун бахуæрон!—загъта Фурдæ.

— Æ минкъиймæ ин ма кæсæ,—уæхæн цæрдæг æма зæрдаргъæв æй æма дессаг! Ахур кæнунмæ хъæбæр бæллуй, нæбал си фæразун. Дæ рун бахуæрон, райсæ'й скъоламæ...

— Æз абетæ финсун дæр зонун!—гъæрæй багæлста Цубур дæр æ дзурд.

Ахургæнæг фæддес кодта, рагъуди кодта æма загъта:

— Хуарз мадта. Исон еу æй æрæрветæ скъоламæ. Сæ дзурд рахецæнæй. Фурдæ æма Цубур рацудæнцæ скъолайæй. Цæунцæ, фæххæстæг кæнунцæ сæхемæ. Циййнæ кæнуй Фурдæ, цийнæ кæнуй Цубур дæр.

Сæ размæ сæ куй—Гъолон рæйгæ æма цийнæ гæнгæ рауадæй. Фур цийнæй Гъолон Цубури цæсгом растардта. Цубур рамæстгун æй. Расхуста куйи, æ ходæ æ сæрбæл радзæбæхтæ кодта æма дзоруй:

— Гъолон, æз дæуæн æмбал нæбал дæн! Æз нур дæн скъоладзау! Ку исирæзон, уæд уодзæнæн капитан. Денгизи наутæ скъæрдзæнæн. Тухгин къохæй мæ науæ тæрдзæнæн. Нæ Советон райгурæн бæстæн фуртæн бæззæнæн.

## Нæуæгдзаути рацуд.

Сæумæ-раги игъæлдзæгæй
Барабани гъæр цудæй.
Уотæ рæхги рæсугъд рæнгъæй
Нæуæгдзаутæ фæззиндтæй.
Фæсевæдæн сæ раздзæуæг
Зæлланг хъурæй низзардта.
Бор хæгæлæй дæсни цæгъдæг
Игъæлдзæгæй ниццагъта.
Еу-уæ-дууæй... нæуæгдзаутæ
Фæццæунцæ рæнгъитæй;
Фелаунцæ турусатæ
Сурх æрттивдæй, номгинæй!

## Бæгъатæр.

Хор бон. Уолæфæн бон. Алихан æма Бимбол гъæдæмæ муркъитæ тонунмæ рандæнцæ. Ходгæ æма гъазгæ цæунцæ фæндагбæл. Алихан фæрсуй Бимболи:

— Бимбол, берæгътæй нæ тæрсис?

Бимбол æхе фæхъхъæбæр кодта æма дзоруй:

— Нæ тæрсун. Мæнæ ин аци лæдзæгæй æ сæр ниццæвдзæнæн!

Цæунцæ идарддæр. Гъазунцæ. Уалинмæ гъæдæмæ бахъæрттæнцæ. Фæлмæн думгæ кæнуй. Бæлæсти сифтæ сир-сир кæнунцæ. Бимбол фæйнердæмæ фæккæсæ-фæккæсæ кæнуй. Алиханмæ æхе хæстæг ласуй. Алихан имæ дзоруй:

— Тæрсис?

Ходуйнаг кæсуй Бимболмæ æ тарстбæл басæттун, æхе бæгъатæр кæнуй:

— Нæ си тæрсун, нæ, минкъий ку нæ дæн!

Уалинмæ Алихан еци-еу гъæр фæккодта барæй:
— Берæгъ!
Бимбол фæстæмæ фездахтæй, ледзунмæ гъавта. Алихан нихxудтæй Бимболбæл:
— Е дин бæгъатæр Бимбол!

---

Кумæ рандæнцæ æма ци дзубандитæ кодтонцæ Алихан æма Бимбол?
Цæмæй фæттарстæй Бимбол?

## Сæрдæ.

Хори тæфæй лигъз будурти
Фонси хезнæ фæбборæй.
Фонси къуæрттæ бон-изæрмæ
Не'схезунцæ нæ донæй.

Гъæди хурфи биндзи хуæстæй
Гъæддзауи гал æстъæлфуй.
Хъиамæтгун лæг йе'фхæлд къохæй
Тарст гали цар æрсæрфуй.

Не'гуæрдæни, арф кæрдæги,
Зеууæнтти гъæр игъусуй,
Сатæги син тъæпæнæги
Хуари къумæл имисуй.

Иннердигæй мæнæути дæр
Не'фсæдунцæ кæрдунæй,
Æллæх-æллæх, се'хсирфи гъæр
Æнтæфи дæр тухгин æй.

Бæлæути къуар бæкъуæлтæмæ
Ку'ртæхунцæ пæрпæрæй,—
Се'рæмбæлдæй сурх мæнæутæ
Нигъзæлунцæ гæргæрæй.

## Хелагæ.

Гъæумæ хæстæг хуасдзаутæ хуасæ карстонцæ. Еу биццеу хуасгæрсти гæппитæ кодта. Кæми еу ласæги,

кæми иннеми-еу арф бабуридæ. Хуасдзаутæ райдардæнцæ. Биццеуи хæццæ адтæй минкъий куй, е хустæй ласæги рæбун. Биццеу бабурдæй иннæ ласæгмæ. Æвеппайди æ къохтæ уазал цæбæлдæр фембалдæнцæ æма еуварс рагæпп кодта. Хуасæй рабурдæй усдур хелагæ. Æ сæр исиста. Гъавта биццеубæл фæххуæцунмæ. Биццеу фæттарстæй æма еу рауæн лæууй, хелагæ дæр кæсуй.

Уалинмæ куй ласæги разæй рагæпп кодта æма хелагæбæл æхе ниццавта. Куй хелаги тонуй, къæхтæй æй хуайуй. Хелагæ дæр куййæн хуæцуй кæми æ къембурбæл кæми æ реубæл, кæми æ губунбæл. Фал куй уæддæр хелаги никъкъабæзтæ кодта. Куй фæллигъдæй, фæццидæр æй.

Биццеу дæр кæун æма гъæр кæнун байдæдта. Æ гъæрмæ æрбахъæрттæнцæ колхозон хуасдзаутæ. Хелаги хецæн гæбæзтæ ма тæлфтæнцæ. Хуасдзаутæ сæ ниммардтонцæ.

Куй дæр дæс боней фæсте кæцæйдæр фæззиндтæй. Мæ фидæ мин дзурдта, куй, дан, хелаги хуæстæй æхе цидæр кæрдæгæй фæдздзæбæх кæнуй.

---

Кæми адтæй биццеу æма цæмæй фæттарстæй? Ци бакодта куй æма ци фæцæй?

## Сæумон хори тунтæ.

Исцудæй арвбæл сурх хор æма райдæдта æрветун æ сугъзæрийнæ тунтæ алли'рдæмæ—зæнхæ игъал кæнунмæ.

Фиццаг тунæ фæттахтæй æма исимбалдæй гоппой цъеубæл. Гоппой цъеу æ базуртæ бацагъта, фæппæррæст кодта астъонæй, бæрзонд æрвтæмæ æхе исиста æма низзардта æ зæлланггун зар:„Куд хуарз æй, куд дзæбæх æй сæумон сатæг уæлдæфи! Куд хуарз æй!

Дуккаг тунæ фæцæй тæрхъосбæл. Батилдта тæрхъос æ даргъ гъостæ æма игъæлдзæгæй гæппитæ гæнгæ фæууайуй æртæхгин игуæрдæни: æхецæн мурдгун кæрдæг сехуарæн амал кæнунмæ.

Æртиккаг тунæ бахаудтæй кæркдонæмæ. Исцагъта уасæнгæ æ базуртæ æма низзардта: Хъи-хъра-хъу! Кæркитæ æфтауæн гъæдтæй æртахтæнцæ, хъудат исистонцæ, бухтæ згелунбæл фæццалх æнцæ, сæхецæн золкъитæ агорунбæл.

Цуппæрæймаг тунæ фæцæй мудибиндзити бунати. Рахилдæй биндзæ мудигъосæй, къæразгæбæл минкъий рабадтæй, райтигъта æ базуртæ æма—з-з-з-з!—гæнгæ фæттахтæй дзæбæх тæфгæнагæ дидингутæмæ муд æмбурд кæнунмæ.

Фæндзæймаг тунæ бахаудтæй сувæллæнтти хуссæн уатмæ, цæрдæг скъоладзауи цæстæбæл фæцæй. Рагæй кодта скъоладзау, æхе цурд рарæвдзæ кодта æма æвæстеуатæй скъоламæ фæйагайдта.

---

Радзоретæ радзурди дзурдтæй:

1. Куд зардта гоппой цъеу?—уасæнгæ?
2. Ке ма райгъал кодтонцæ хори тунтæ?



**Бацеу:**

Зæтхæй æй нæ хæссунцæ,
Æхсæй æй нæ тæрунцæ,
Хумæгæнгæй ба æвдгай
Готæнттæ ласуй.

# Кæсалгæ ахæссунмæ.

—Алихан! Уæ, Алихан! сæумæ раги, сарайи зихъирæй æрбадзурдта кадæр.

Алихан хустæй сарайи, раст зихъири комкоммæ, æма гъæрмæ уайтагъд фегъалæй.

—Ка дæ, ци дæ гъæуй?

—Æз дæн, Хъизилбег. Исистæ тагъд, кæд Бехъанмæ кæсалгæ ахæссунмæ цæуис, уæд!

—Цæун, цæун, ба мæ хезетæ!—загъта Алихан æма æ хъæппæлтæ кæнунбæл фæцæй. Æхе рарæвдзæ кодта æма, æ мадæй барæ райсгæй, е'мбæлтти фæсте рауадæй. Гъæугæрон сæ раййафта. Цæунцæ, Игъæлдзæг дзубанди кæнунцæ. Ходунцæ. Уалинмæ Алихан фæстæмæ фæккастæй æма йе'рвадæ минкъий Бибой сæ фæсте уайгæ рауидта. Æрлæудтæнцæ. Фæндуй сæ бафæрсун уой, кумæ цæуй, уобæл. Бибо дæр идардгомау æрлæудтæй. Е дæр лæдæруй гъуддаг. Зонуй, Алихан æй сæ хæццæ ке нæ рауадздзæнæй, уой, æма имæ хæстæг нæ цæуй. Уæд имæ Алихан æхуæдæг раздахтæй.

—Рауадзæй, нæ бафæллайдзæнæй! Рауадзæй, æма исахур уа кæсалгæ ахæссун,—исдзурдта Алиханмæ Хъизилбег.

Алихан исарази æй æма Бибомæ фæдздзурдта:

—Рацо, рацо! Хъизилбеги хатир дин фæууæд.

Бибо сæмæ игъæлдзæгæй æруадæй. Минкъий фæстæдæр Бехъани кæсæлгитæ ахæстонцæ.



Саугæдони къабазæ байаузтонцæ. Хъизилбег æма е'мбæлттæ дони кæсæлгитæ ахæстонцæ.

Бибо дæр дони бацудæй æма ахæссуй. Февналуй æма бабæй кæсалги бæсти æмбуд къуæцæл фелвасуй. Бицœутæ ибæл ходунцæ. Дзорунцæ имæ:

—Кæсæлгитæ едзæ, Бибо, кæсæлгитæ, къуæцæлтæй ци кæнис?

—А-гъа! А дæр къуæцæл æй? Нур дæр ма мæбæл ходдзинайтæ?!— фæгъгъæр кодта Бибо, кæсалгæ æ къохи даргæй.— Фæууинайтæ, фæууинайтæ, куд рæсугъд æй! Æ фæрстæбæл ци сугъзæрийнæ стъæлфитæ ес! Æз æй некæмæн раттдзæнæн!

Исхизтæй билæмæ æма кæсалги къибилай кæдзос дони ниггæлста. Кæсалгæ уоми æрискъиттæй. Бибо бабæй æй е'нгулдзитæй рабæрæг кодта. Æ къохмæ'й исиста. Кæсалгæ базмалдæй. Бибо, цийнæ кæнгæй, фæгъгъæр кодта:

—Алихан, Алихан, мæ кæсалгæ райгас æй! Ракæсæ-ма, ракæсæ!

Бауадæй дони хуæдбилæмæ æма'й æвдесуй. Кæсалгæ исцъибирттитæ кодта, Бибой къохтæй фæцъцъуввут ласта æма дони исмедæгæй. Бибо æ фæдбæл еу усмæ къехæй байзадæй, уæдта нибботъ-богъ кодта. Нæбал æнцайуй кæунæй.

—Мако, æндæр дин раттдзинан!—дзоруй имæ Алихан. Фал Бибо кæми æнцайуй, дзоруй:

—Мæн мæхеуон гъæуй, нæ мæ гъæуй дæууон! Цæмæн фæллигъдæй мæнæй, ести æ хæццæ хилæ кодтон?!

---

Кумæ рандæнцæ биццеутæ. Ци кодта Бибо? Ци фæцæй æ кæсалгæ?

## Соцерис.

Абони колхози адтæн. Уоми, ерисæй кустан, зæгъгæ, дзурдтонцæ.

—Ерис ций?—бафарста Мерихан ахургæнæги.

Байгъосетæ, æз уин æй байамондзæнæн.

Сувæллæнттæ фæссабур æнцæ. Ахургæнæг дзоруй:

—Заводти æма фабрикти берæ косгутæ ес. Еци фабриктæ æма заводтæ фиццаг гъæздугути адтæнцæ. Нур ба æнцæ фæллойнæгæнæг адæми. Нур еци косгутæ ци косунцæ, е цæуй æхсæнадæмæ, сæхемæ. Æма косгутæ кæрæдземæ бадзорунцæ, цæмæй алке дæр хъазауатонæй коса, коса æма хуæздæр куст равдеса. Е æй соцерис. Нур колхозтæ дæр соцерисæй косунцæ.

# Сæрддон сах уарун гъæди.

Минкъий биццеуи рарвистонцæ гъæдæмæ лискъæфдзауæни. Биццеу æримбурд кодта лискъæфтæ æма ранæхстæрæй сæхемæ. Æваст æрбаталингæй, уарун райдæдта, арв ниггур-гур кодта. Биццеу фæттарстæй æма усдур толдзи буни æрбадтæй. Арв уотæ хъæбæр æрттивта, æма имæ биццеуи цæститæ кæсун нæ фæразтонцæ, æма сæ биццеу нинцъулдта. Уотæ тагъд биццеуи тæккæ сæрмæ арв никъкъæрæхтæ, ниггур-гур кодта. Биццеуи сæр ци дæр ниццавта. Биццеу рахаудтæй æма, цалинмæ уарун фæцæй, уæдмæ хъанæй лæудтæй.

Ку 'рæскъидтæй биццеу, уæд фæууидта: бæлæстæй тъинккитæ хаудтæй, цъеутæ зардтонцæ, цъæх арвбæл ирд хор гъазта. Усдур толдзæ расастæй æма си хъуæцæ цудæй. Биццеуи фалæмбулай бæласи схъестæ пурхитæй лæудтæнцæ. Æ уæле дарæс донластæй бауæрбæл ниццæфстæй; æ сæрбæл къубус рабадтæй æма тъизтæй.

Биццеу иссердта æ ходæ, райста лискъæфтæ æма æриздахтæй сæхемæ. Сæ хæдзари неке адтæй. Биццеу райста дзол, пеци сæрмæ исхизтæй æма уоми бафунæй æй. Ку райгъал æй, уæд рауидта: бинонтæ æртеголæ'нцæ лискъæфтæбæл. Биццеу фæгъгъæр кодта:



—Æнæ мæн цæмæн хуæретæ?

Етæ ба имæ дзорунцæ:

—Хусгæ ци кæнис? Рауай тагъддæр. Хуæрæ.

---

Бакæсетæ радзурди: уаруни размæ ци адтæй, уаруни фæсте ци адтæй, уой.

## Хосгæрдæг.

Зад кæрдæгмæ зæрдæ райы,—
Уæнгты бирæ хъару ис:
Узгæ кæрдæг къулæй зайы,
Размæ цырд хæссын мæ уис.
Кæс, цæхæртæ калы цæвæг,
Нал хæцы нæ куыстыл цæст,
Тохы куысты зæрдæ сцæрдæг,
Царды цинтæй у æфсæст.
Дæн донбай,—тыхджын мæ цæнгтæ,—
Хорз мæ уис æххæст кæнын,
Риуы кафы цинæй зæрдæ,—
Æнцон у мах дуджы цæрын!

## Бæгъатæртæ.

Æримбурд æнцæ рæфти афони сувæллæнттæ цонггин сосхъæди хорауони.

Æнтæф æрсабур кодта еугурей дæр. Сибирт некæцæй цæуй. Цъæх ирд арвбæл тæвдæ хори тумбул цæфсуй...

Æрсабур æнцæ, æринкъард æнцæ сувæллæнттæ... Уæд сæ еу дзоруй: „Цæуæнтæ кæсалгдзауæни. Куройнæмæ хæстæг замманай усдур хъæдæгъа зменсæбæл фæуундтон. Ме'нгурæ нæхемæ байронх дæн, æндæра ахæст адтайдæ!"

„На, нæ цæуæн, тæссаг æй! Аци афони донбеттир дони фæббадуй! „Гъе, тæппуодтæ! Цæмæй тæрсетæ? Мах еухатт дууемæй бабай хæццæ тар æхсæви бæхгæс дæр адтан. Нур ба ци'й! Æмбесбон, арви астæу ирд хор! Цæй, ка цæуй мæ хæццæ?"

Ранæхстæр æнцæ сувеллæнттæ донмæ.

Гъæуи фæсте фæцæнцæ, пихситæй рахецæн æнцæ; сæ размæ байгом æй æрттевагæ урух дон. Дони фалæмбулай цъеу змæлæг нæйес. Рахесфарсæй куройнæ æнцадæй фунæйи хузæнæй лæууй. Сувæллæнттæ билæбæл фæццæунцæ. Агорунцæ, Миндзай хъæдæгъа кæми фæууидта, еци бунат.

—Ами адтæй?—фæрсунцæ'й.

—Хæстæг.

Æваст цидæр донмæ нитъттъупп кодта. Æма мæгур сувæллæнттæн сæ уодтæ рауадæнцæ. Еугурæй дæр, кæмæн æ бон куд адтæй, донæй сæ хæдзæрттæмæ фæтъ-тъæбæрт кодтонцæ. Бæгъатæр Миндзай æнккæтей разæй, æгасемæй дæр тагъддæр сæ хæдзари исмедæгæй.

Уой фæсте се'мбал Хасан дзурдта,—уæ бæгъатæрдзийнадæ исбæрæг кæнун мæ зæрди æрифтудæй. Къотæрти мæхе раримахстон æма дортæ донмæ гæлдзун байдæдтон.

---

Сувæллæнттæй бæгъатæр ка адтæй?
Æхе æппæлагæ ба кæ адтæй?
Фудмиуæ, фудаг ба ка адтæй?

## Дууæ 'мбали.

Гъæди цудæнцæ дууæ 'мбали. Еуемæ си адтæй топп. Æвеппайди сæ разæй фæззиндтæй арс. Топп кæмæ адтæй, е надæй фæйеуварс кодта æма бæласæмæ исхизтæй. Иннæ надбæл байзадæй.

— Нур ци кæнон?—гъуди кæнуй.

Æ зæрди æрбафтудæй, арс мардмæ ке нæ февналуй, е. Æхе зæнхæбæл æргæлста æма мардау æхе искодта. Арс имæ бацудæй, е уолæфгæ дæр нæбал кодта. Арс имæ басмуститæ кодта æма рандæй.

Арс ку фæййауунæй, уæд топпгин бæласæй æрхизтæй æма ходуй.

— Гъи, ци дин дзурдта арс дæ гъоси?

— Арс мин загъта: лæгъуз æмбалæй е, тас рауæни е'мбалæй ка ледзуй,—дзуапп ин равардта æмбал.

---

Хуарз бакодта топпгин æмбал?

## Аргъау.

Хонхи цæрæг æнсувæр æрцудæй æ будури цæрæг æнсувæрмæ. Хæрæг колдуармæ бабаста, æхуæдæгка ме-

дæгмæ бацудæй. Хæрæг райхалдæй æма рандæй. Фæсхуæрдæ æнсувæртæ æруилтонцæ, хæрæг æ бунати ке нæ бал æй, уой. Агорунти æй фæцæнцæ.

Фембалдæнцæ еу биццеубæл.

— Хæрæг нæ фæууидтай?—фæрсунцæ биццеуи.

— Циуавæр хæрæг? Галеу цæстæй хъæрæу? Фæстаг къахæй къулух? Цъæх зæронд голлаги хъæбæрхуари хæццæ?

— Гъе, гъетæккæ уæхæн...—æмдзурд искодтонцæ æнсувæртæ.

— Нæ фæууидтон—загъта биццеу.

—Куд нæ фæууидтай?!—исгъæр кодтонцæ æнсувæртæ.

—Æ бæрæггæнæнтæ ин хуарз ку зонис, уæд!

Æрхуæстæнцæ биццеубæл, хæрæги давд ибæл исæвардтонцæ æма'й судмæ бакодтонцæ.

— Хъæрæу ести дæн?—загъта биццеу суди размæ.— Надбæл фæууидтон хæрæги фæд. Æ фæстаг къахи фæд уæлдзæндæр æ къахдзæф ба цубурдæр иннæ къæхти фæд æма къахдзæфæй. Æвæццæгæн, еци къахбæл къулух æй. Надбæл кæрдæг хуæрд æй айдагъ рахезфарсæй; уомæй бæрæг æй, галеуфарсæй кæрдæг ке нæ уидта.

Нади билæбæл еу бæласæбæл хæрæг æхе нихта æма бæласи цъарæбæл цъæх хæлттæ байзадæй. Бæласи рæбун хъæбæр хуари нæмгути калдмæ гæсгæ æз базудтон голлаги цъæстæ ке адтæй, уой.

Еци радзурди фæсте суд исуæгъдæ кодта биццеуи, æнсувæртæн ба бауайдзæф кодта.

---

Цæмæй бæрæг æй, биццеу лæмбунæг æма зæрдаргъæвд ке адтæй, е?

## Фæззæг.

Сæрдæ фæцæй. Ралæудтæй фæззæг. Хор арвбæл нииллæгдæр тулун байдæдта. Бон фæццубур æй. Берæ фæууазалдæр æй. Уазал алцæбæл дæр фæззиндтæй. Æрдзæ æ хузæ райивта. Гъæдæ æ цъæх дарæс райивта борæй æма æ сифтæ æгъзалуй. Уæлдæфи уазал фæббæрæг æй

сирдтæбæл æма мæргътæбæл дæр. Нæ игъæлдзæг зарагæ цъеути зæлланг зард нæбал игъусуй, етæ фæттахтæнцæ гъар бæстæмæ. Байзадæнцæ ма сирддон цъеутæ, цъахтæ æма халæнттæ. Сирдтæ дæр байагурдтонцæ сæ бунæттæ. Айдагъ цъæх берæгъ æхецæн бунат æма хуæруйнаги сагъæс зумæгмæ нæ бакодта. Е æнæ косгæй хуæрун исахур æй æма бабæй зелдзæнæй æхецæй æнæхъаурæдæрти хуæрунбæл.

---

Радзорæ фæззæги бæрæггæнæнтæ.

## Фæззæг.

Арви зилдæй хори цæстæ
Уайсахатти ниттулуй.
Деденæгау идзулд бæстæ
Æрдзи кастæй æмпулуй.

Тагъд бæлæстæ, сугъзæрийнау,
Итаунцæ сæ сифтæр.
Хæмпос мегъæ, дзæгъиндзæгау,
Æрбайдзæгъдуй æ фæлтæр.

Бестауи думд æ уолæвди
Хускъ нартихуар радауй,
Косæг лæгæн æ зинг зæрди
Фæззигон куст æрлæуууй...

Цъæх кæрдæг ма деденгутæ
Рарттивтонцæ морайæй.
Арф донгæнтти ’взестæ дæнттæ
Азæлунцæ æсхъеугæй.

## Сувæллæнтти рæвдауæндонæ.

Синхаг уоститæ Сæли æма Зæли донмæ цудæнцæ. Дзубанди кодтонцæ. Сæли загъта:

— Алли колхози дæр сувæллæнттæн ес рæвдауæндонæ. Уоми сæмæ ес кæсæг, ес син рæвдаугутæ.

Етæ сувæллæнттæмæ хуарз зелунцæ, рæвдаунцæ сæ. Рæвдауæндони кустмæ æ цæстæ даруй дохдир. Сувæллæнттæн хуæруйнаг дæдтунцæ сахатмæ гæсгæ. Сæ хуæруйнаг æй хуарз. Алли сувæллонæн дæр си ес кæдзос хуссæн.

Ес си сувæллæнттæн алли хузон гъазæнтæ.



Мадæн æ зæрдæ не'хсайуй æ сувæллонмæ.

Æ цæрæнбон берæ нæ цитгин Сталинæн.

— Паддзахи дзамани мадæн уæхæн фадуæттæ н' адтæй,—нийнæфтæй æма исдзурдта Зæли,—паддзах мадтæлти сагъæс нæ кодта.

## Рæвдауæндони агъаз мадтæлтæн.

— Кумæ тагъд кæнис æд сувæллон, Ханиффæ?— фæрсуй æй æ синхон уосæ Киабæ.

— Байрæги мин æй мæ кустмæ.

— Æма дæ сувæллони ба кумæ хæссис?

— Дæлæй сувæллæнтти рæвдауæндонæмæ хæссун, æзинæ'й байгон кодтонцæ...

— О, ку нæ'й дæдтисæ уордæмæ. Æнгъæл дæн, дæ сувæллони исафун фæндæ искодтай.

Нæ имæ байгъуста. Сувæллони фæхxаста æма'й равардта рæвдауæндонæмæ.

Синхон уосæ æ фуд куст нæ ниууагъта. Фал уæддæр адæм сæ сувæллæнтти фулдæрæй-фулдæр хастонцæ рæвдауæндонæмæ.

Айдагъ Годзе рацудæй Киаби зундбæл—нæ равардта æ сувæллони уордæмæ.

Еу бонæ Годзе куройнæмæ рандæй. Сувæллони еунæгæй фунæййæй ниууагъта.

Сувæллон ку' райгъал æй, уæд, æ мадæ дон кæцæй хаста, уордæмæ рандæй æма уоми дони бахаудтæй.

Æ амондмæ гæсгæ дони билæбæл зæронд лæг бадтæй. Е сувæллони фæййервæзун кодта.

Мадæ куройнæй ку'рбацудæй, уæд фердеуагæ кодта.

Усдур фæсмон имæ æрцудæй, æ сувæллони рæвдауæндонæмæ ке нæ равардта, уой туххæй.

Сувæллон ку исдзæбæх æй, уæд æй хæссун байдæдта рæвдауæндонæмæ.

---

Кумæ хаста Ханиффæ æ сувæллони?
Ци загъта Киабæ Ханиффæн?
Ка рацудæй Киаби зундбæл?

## Æрра фийау.

Раджы хохы цъуппæй касти
Иу æрра фийау.
Мигъ æнгом йæ быны бадти,
Урс цагъд хъумбилау.

Бахъазыд дын æм йæ зæрдæ,—
Тæккæ былгæрон
Дурыл авæрдта йæ къæхтæ,—
„Агæпп æм кæнон,—

Загъта,—фос уал ам мæ сæрмæ
Хизæд уæзæгыл,
Æз фæхуысдзынæн изæрмæ
Уыцы бæмбæгыл“...

2*

Дардыл йе уæнгтæ фæхаста,—
—Гъопп!—зæгъгæ,—йæхи
Пуртийы зыввытт фæласта...
Лæг ныххæрæгъ и?

## Мæргътæ тæхунцæ.

Скъоладзаутæ ахур кæнун нæма райдæдтонцæ, тургъи гъазунцæ. Ахургæнæг син нæуæг гъазт амонуй. Уалинмæ гъæунги 'рдигæй æрбауадæй скъоладзау Алихан æма гъæр кæнуй:

— Искæсетæ-ма, цæйбæрцæ хъуррройтæ фæттæхуй. Кумæ тæхунцæ кумæ?—бафарста ахургæнæги.



— Етæ тæхунцæ гъар бæстæмæ,—радзурдта ахургæнæг скъоладзаутæн.—Айдагъ хъуррройтæ нæ, фал ма нæмæ ес берæ мæргътæ, ку фæззумæг уй, уæд махæй ка фæттæхуй, уæхæнттæ. Æцæг, еци еу рæстæги нæ фæттæхунцæ. Фиццаги дæр, радугай, сæхе райсунцæ, листæг хелгутæй ка цæруй, еци мæргътæ. Нæбал син фæууй хуæруйнаг: фесæфунцæ биндзитæ, арф рауæнти сæхе баримæхсунцæ зокъитæ, хелгутæ.

Еци мæргътæ æнцæ: сау мæлгъитæ, зæрбатгутæ, борæмæлгъитæ, дзубутцъотæ æма æндæртæ.

Уони фæсте тæхун байдайунцæ хуарæй цæрæг мæргъ-

тæ: дзили, уæрццæ æма иннетæ. Анæн дæр хуæруйнаг нæбал фæууй, хуартæ æфснайд æрцæунцæ.

Бустæги фæстаг фæттæхунцæ донбæл цæрæг мæргътæ: хъурройтæ, хъæзтæ æма бабузтæ. Хæфситæ æма кæсæлгитæ арф баримæхсунцæ сæхе æма мæргътæ ци хуæронцæ, е син нæбал фæууй.

Надбæл æрфусун кæнгæй, еугурæй фунæй нæ кæнунцæ. Фæууй син гъæуай гæнгутæ æма над амонгутæ.

Нур кæд махæй тæхунцæ, уæддæр бабæй сæ уалдзæг махмæ гъæуй.

---

Ци фæуунцæ мæргътæ зумæги?

## Бирæгъ æмæ хърихъупп.

Алчи зыдгæнаджы
Бирæгъ фæхони.
Бирæгъ зыд кæй кæны,—
Чидæрид зоны.

Раджы та иу бирæгъ
Нард хæдмæл хордта,
Афтæмæй адæмæн
Тугуарæн кодта.

Диссаг æвналынмæ,—
Цас ын æнтысти!
Уалынмæ уæны стæг
Хурхы нынныхсти.

Атылди, адаргъ и,
Нал уыд йæ сæрæн.
Амонд йæ хъахъæнæг
Ахæм æвзæрæн!—

Хърихъупп хæстæджыты
Донбылтыл зилы,—
Бирæгъ йæ цыппæртæ
Хърихъуппмæ тилы.



— Ай та цы диссаг у?—
Рагæй æрæгмæ
Никуы мæм бабæллыд
Бирæгъ хæстæгмæ...

Хърихъупп фæзæрдæлхæд,
Абадт йæ цуры:
„Цæй-ма, цы мæ кæныс?“
Сырд ма кæм дзуры!—

Иу цæст ма фезмæлыд,
Иннæ ныдздзагъыр...
Хърихъупп цæстæнгасыл
Рагæй уыд ахуыр,—

Бирæгъы хъæлæсы
Фатау фæцавта
Даргъ бырынкъ, афтæмæй
Уæны стæг сдавта.

Бирæгъ æсулæфыд,—
Фервæзт нæ рынчын!..

Хърихъупп æм бадзырдта:
„Цæй-ма, мæ мызд мын!“

Сырд дын фæхъæр ласта:
—Гъæ, дзæгъæл хæтæг!
Гас мын кæй баззадтæ
Абон дæхæдæг!—

Бузныг цæуылнæ дæ,
Гайтма мæ дзыхæй
Де'взæр лæгуын къоппа
Райстай дзæбæхæй?!

Барст дын уæд ацы хатт
Ацы тых тона!
Искуы-ма фембæлæм,—
Додой дæ къона!

*Къоста*

---

*Куст.*

1. Ци загъта берæгъ?
2. Ци загъта хъуррой берæгъæн?
3. Радзоретæ æртемæй:
Еу—финсæги дзурдтæ.
Дуккаг—хъуррой дзурдтæ.
Æртиккаг—берæгъи дзурдтæ.

## Цъиу æмæ сывæллæттæ.

СЫВÆЛЛÆТТÆ:

Гъе! ныр ахст дæ, цъиу, фæлæу,—
Нал аирвæздзынæ,
Нал ауадздзыстæм ныр дæу,—
Махимæ цæрдзынæ!..

ЦЪИУ:

Циу, цы, циу? Цы кодтон, ау!—
Цас тыхджын рæдыд дæн?

Ауадзут-ма мæ фæлтау,
Райхалут мæ бæттæн!

СЫВÆЛЛÆТТÆ:

Нæй, нæй! Ма тæрс,—махмæ ды
Хъаны цард кæндзынæ;
Дзул дын тулдзыстæм мыды,
Адджын цай цымдзынæ.

ЦЪИУ:

Хъаны цард мын уанцон нæу!—
Æз уæ цай нæ уарзын,—
Уидзын быдырты мæнæу,
Къогъотæ дзы ахсын.

СЫВÆЛЛÆТТÆ:

Уазал у зымæг æттæ,—
Махау дын хæдзар нæй! —
Ам дæ къалати цæттæ,—
Бафсæддзынæ хъармæй.

ЦЪИУ:

Ам зымæг куы вæййы, уæд
Иу хъарм бæстæ зонын.
Къалати сызгъæрин уæд,—
Ахæстон æй хонын!

СЫВÆЛЛÆТТÆ:

Курæм дæ, æмæ нæм лæу,—
Бузныг дæ уыдзыстæм;
Мах цард дæр æвзæр цард нæу,—
Не схъыг дæ кæндзыстæм.

ЦЪИУ:

Нæй, мæ хуртæ, нæй гæнæн!
Уарзут мæ уый хатын,
Фæлæ тынг зын у мæнæн
Ахæстоны бадын...

СЫВÆЛЛÆТТÆ:

Ох-хай, гъе! уæдæ дæ маст
Махæн у хъуыдыйаг,—
Атæх, цу! дæ фæндаг раст!
Цæр дæхи фæндиаг!..

*Къоста.*

## Фæззæг колхози.

Хуарз æй колхози фæззæг. Колхозонтæ æнхузонæй косунцæ. Етæ лæсунцæ нартихуар. Хуартæ инайæ кæнунбæл косунцæ. Дзæхæрати æмбурд кæнунцæ халсартæ. Рæзбун-дзæхæрати æмбурд кæнунцæ рæзæ. Фæуунцæ будури куститæ. Колхозонтæ рæзбун-дзæхæрадæнттæ, дзæхæратæ кæдзос кæнунмæ бавналунцæ.

Ралæудтæй октябри мæйæ. Æй фæззигон сæумæ. Сæумон хори туштæ гъазунцæ колхозонти цæсгæнттæбæл. Зæрдæн æхцæуæн думгæ комæй думуй. Фелаунцæ колхози зад хумтæ. Ерисæй косунцæ колхозонтæ. Йдзаг æнцæ сæ зæрдитæ усдур игъæлдзæгдзийнадæй. Сæ ходуни гъæр æма сæ игъæлдзæг дзубанди сæумон уæлдæфи зæлланг кæнуй.

Æма куд нæ уонцæ игъæлдзæг Сталини номбæл колхози колхозонтæ!

Колхозонтæ уалдзæги кустити размæ парти æма хецауадæн дзурд равардтонцæ, 80 центнери æрхæсдзинан алли гектарæй, зæгъгæ. Нур алли гектарæй дæр тонунцæ 80—120 центнери нартихуар!

Зæронд адæм, фæсевæд—еугурæй дæр цийнæ кæнунцæ сæ уæлахездзийнадæбæл.

Уæхæн хуарæрзад, зæронд Цæрай, кæд ибæл 70 анзи цæуй, уæддæр нæ гъуди кæнуй. Фурцийнæй фæсевæди хæццæ æмгъæлæсæй ходуй. Æ къохи еу усдур нартихуар бæрзонд исесгæй, дзоруй фæсевæдмæ:

— Мæ цæргæ-цæрæнбонти некæд ма фæууидтон ауæхæн нартихуар æрзайгæ.

— Æгас нæмæ цæуæд колхозон будурти социалистон хуарæрзад!—равардтонцæ ин дзуапп фæсевæд.

— Февналетæ, февналетæ, мадта, мæ хортæ,—дзоруй

Цæрай,—æма нæ нæртон дессаг хуарз хуартæ тагъддæр бафснайæн.

Колхозонтæй беретæн бæрзонд тиллæг æрзайуни туххæй Советон хецауадæ равардта Социалистон фæллойнади геройи ном.

---

Колхозонтæ ци фæккосунцæ фæззæги?
Ци дзурд равардтонцæ колхозонтæ парти æма хецауадæн?
Колхозонтæ куд исæнхæст кодтонцæ сæ дзурд?
Куд раарфæ кодта Советон Хецауадæ колхозонтæн?

## Æрæгвæззæг.

Бон уазалæй-уазалдæр кæнуй. Бæлæсти сифтæ рагъзалдæнцæ. Хор мегъти ауон баримахста æхе. Цубурæй-цубурдæр кæнуй бон.

Колхозонтæ æрбафснайдтонцæ сæ фæллæнттæ будуртæй. Гъæздуг хуарæрзад бафснайдтонцæ сæ хуардæнтти, айдагъ ма фермитæмæ æфтауцæ кæнунцæ хуаллаг сæ фонсæн.

Нæуæг хуарæй колхозонтæ афойнадæбæл æринсадтонцæ курæнтти, æма зумæгмæ æрцæттæ кодтонцæ берæ цæхгунтæ: къабуста, хуæргæнæстæ, помидортæ, дзæвгарæ нихxускъæ кодтонцæ рæзæ дæр.

Сувæллæнттæ бадунцæ æма дзубанди кæнунцæ. Уалдзæг, сæрдæ, фæззæг—колхозонтæ кæнунцæ будури куститæ, зумæг ба—гъæди куст æма æндæртæ.

---

Уæ колхоз æхе куд бацæттæ кодта зумæгмæ?

## Тиллæги бон.

Тиллæги бони колхоз исаразта равдист. Алли бригадæ дæр æрхаста дзæхæрадони хуæздæр зайæгойтæ æма хуари муккæгтæ. Фæрстæбæл бакодтонцæ лозунгтæ, плакаттæ, диаграммитæ. Равдисти байгони адтæнцæ гъæуи совет, партион организаци, фæскомцæдес, скъола æма кооперативи косгутæ. Равдисти хуæздæр разиндтæнцæ

колхози нартихуар æма мæнæуæ. Адæм зæрдиуагæй игъустонцæ агрономи дзурдтæмæ. Изæрæй скъоладзаутæ исаразтонцæ гъазт-изæртæ. Бибо æма Аминæт бакастæнцæ æндзæвгитæ тиллæг æма колхози туххæй.

---

Ка исаразта тиллæги бони равдист?
Ка исаразта гъаст-изæр?
Ци бакастæнцæ Бибо æма Аминæт?

## Колхозон бригад.

Уæртæ та быдырмæ,
Райдзаст лæгъз быдырмæ,
Рараст колхозон бригад,—
Хъугæмтты, астымты,
Бур æфсир зад хуымты
Иу у сæ фæллой, сæ зард...
Рог дымгæ рахъазы,
Узæлгæ афасы
Мæнæуты зулмæ дзæбæх.
Хъазгæ мæ худгæйæ,
Нартхæртты рувгæйæ,
Азæлы зараг уæрæх:
Размæ, домбай æфсад!—
Фæззæджы стыр бæркад
Ацы быдыртæй цæуы.
Фос æмæ хоры кæнд —
Дзыллæйы царды фæнд, —
Мах куыстæй аразгæ у!
Ацы зынаргъ бонты
Ног тохы фронты —
Размæ, хъæбатыр фæлтæр!
Абоны хиды 'ртах
Фæззæджы хоры рагъ
Мин путæй раттдзæн фылдæр!

## Хуарз æнсувæр.

Адæм сæ рæзæ тонунцæ. Алли рæзи дзæхæрай дæр игъæлдзæг æй. Игъæлдзæг æй Сталини номбæл колхози

рæзи дзæхæрай дæр. Уоми Бибо бæласæмæ исбурдæй æма, бæласи цæнгтæ æхемæ тасунгæнгæй кæрдтутæ тонуй. Бунæй æ дууæ кæсдæр хуæри кæсунцæ æма имæ дзорунцæ:

— Ма рахауæ, Бибо!

Бибо сæбæл ходуй. Рæзи дзæхæрай фæрсти фæццæйцудæй. Басил. Æ къохи адтæй хуастæ æ сæйгæ хуæрæн. Бибо Басили рауидта æма имæ фæдздзурдта:

— Басил, æрбахезæ нæмæ, нæ кæртутæ мудæй адгиндæр æнцæ!

— Нæ мæ евдæлуй: мæ хуæрæ сæйгæй æнгъæл мæмæ кæсуй.

— Гъа, уæддæр си еу рахуæрæ! — загъта кæсдæр хуæрæ, æма имæ рагæлста еу кæрдту.

Басил хуæрунмæ гъавта кæрдту, фæл цæбæлдæр рагъуди кодта æма сæхе'рдæмæ тагъд кæнун байдæдта.

— Нана, Лизæн кæрдту хуæрæн ес?

— Ес, мæ хор, — загъта мадæ.

Басил æ сæйгæ хуæрæмæ бауадæй æма ин æ кæрдту равардта.

---

Кæми адтæнцæ сувæллæнттæ?
Ци бакодта Басил?

## Фурттæ.

(Аргъау)

Дууæ уоси истонцæ цъайæй дон. Æртиккаг сæмæ бацудæй. Еу хуæрз зæронд лæг сæ размæ дорбæл æхе æруагъта бауолæфунмæ. Уæд уоститæй еу дзоруй:

—Мæ фурт уæхæн арæхстгин æма тухгин æй — æма ибæл неке фæхъхъæбæрдæр уодзæнæй.

— Мæнон ба борæмæлгъи хузæн заруй. Уæхæн хъури хатт некæмæн ес, — загъта дуккаг.

Æртиккаг ба неци исдзурдта.

— Ду ба куд неци зæгъис дæ фуртæй? — фæрсунцæй иннæ дууæ.

—Æма си ци зæгъон?—дзоруй уосæ. — Неци дессаг имæ ес.

Исистонцæ уоститæдон æма фæццæунцæ. Зæронд лæг ба сæ фæсте. Хæссунцæ уоститæ дон, æрлæуунцæ: сæ къохтæ, сæ фæсонтæ ресунцæ. Уотæ тагъд сæ размæ æртæ бидцеуи рауадæй.

Еу сæрбехъурæнттæ кæнуй, усдур дортæ къæхтæй къуæрттитæ кæнуй. Æхсидзгонæй уоститæн æ уиндæ.

Дуккаг заруй борæмæлгъи хузæн. Ний'гъустонцæ имæ уоститæ.

Æртиккаг ба бауадæй æ мадæмæ, райста ин æ уæззау къибилатæ æма сæ фæххæссуй.

Фæрсунцæ уоститæ зæронд лæги;

— Гъи куд? Куд æнцæ нæ фурттæ?

—Кæми æнцæ?—дзоруй зæронд. —Æз еунæг фурт уинун!

Æма баамудта, æ мади къибилатæ ка хаста, уомæ.

---

Цæмæн баамудта зæронд лæг еунæг фуртмæ?

# Хæлар æнсувæрдзийнадæ хъазардæр æй гъæздугдзийнадæй?

Еу гъæуи цардæй дууæ æнсувæри; зæнхи куст кодтонцæ æма тиллæгæй сæхе дардтонцæ. Кæсдæрæн адтæй авд сувæллони; хесдæрæн ба бийнонтæ на 'дтæй. Æнсувæртæ цардæнцæ хæларæй; зæнхæ иуаргæ нæ кодтонцæ, еумæ'й хумæ кодтонцæ, еумæ'й итудтонцæ. Тиллæг ку исцæттæй, уæд æй æркарстонцæ æма курестæ ба'мбес кодтонцæ. Ралæудтæй æхсæвæ. Æрхъан кодта хесдæр æнсувæр æма гъуди кæнуй:

„Раст байурстан нæ тиллæг? Ме'нсувæрæн усдур бийнонтæ; сувæллæнттæн уой берæ тиллæг гъæуй. Цæуон æма ин мæ курестæй бафтауон". Фестадæй, фæццудæй æма æ курестæй еу дзæвгарæ е 'нсувæри бæкъуæлбæл исцурхта.

Еци 'хсæвæ кæсдæр æнсувæр загъта æ уосæн:

— Раст байурстан нæ тиллæг ме 'нсувæри хæццæ? Ме 'нусвæр зæронд, цæруй еунæгæй, хæдзари кустиймæ фæккæсæг нæйес. Цæй нæ курестæй ин еу минкъий ма бафтауæн. Куд баунаффæ кодтонцæ, уотæ кæнгæ дæр бакодтонцæ.

Дуккаг бон кæсунцæ æнсувæртæ, — сæ курестæ куд сæ байурстонцæ, уотемæй лæуунцæ. Фæддес кодтонцæ сæхе нимæр æнусвæртæ, зæгъгæ ба неци кодтонцæ кæрæдземæн.

Уотæ еу къуар æхсæви æнсувæртæ кæрæдземæн рацурхæ-бацурхæ кодтонцæ курестæ. Æрæгиау ба æхсæвæ гъæуай кæнун байдæдтонцæ æма кæрæдзебæл фе 'мбалдæнцæ.

## Дууæ фæткъуй.

Æнæнез, сурхфазæ, рæсугъд, став æма донгун фæткъу загъта золкъæхуæрд, цъæххуз-фæлорс, листæг, æмпулдцъарæ æма фудконд фæткъуйæн:

— Ци зин æй мæнæн дæу хузæн золкъæхуæрд, гъæдгин, ностæ, листæг нæмуги асæ цъæх фæткъумæ кæсун! Зин мин æй дæумæ кæсун. Сифæй уæддæр бамбæрзæ дæхе. Ходуйнаг нин кæнис нæ мукказ.

— Ду сурхуадолæ, хуæрзуиндæ, рæсугъд, адгин æма донгун дæ, уой туххæй дæхецæй ма ниббоз уо!—загъта цъæх фæткъу.—Мæнæн дæр дæуау хуасæй мæ бæласæ афонадæбæл ку бапурф кодтайуонцæ æма мин мезнæгти: тогцъир систити, рæзи румпæгути, цилле-уафгути æма æндæр уæхæнтти афонадæбæл ку исфедуйун кодтайуонцæ, уæд æз дæуæй рæсугъддæр, ставддæр, адгиндæр æма донгундæр адтайнæ. Фал ци кодтайнæ, ецн фуд знæгтæ мин мæ бæласи сифтæ бахуардтонцæ, æ цъарæ ин нигъгъæнтæ кодтонцæ, уæдта æ уæлдай цæнгтæ æнæ лухæй байзадæнцæ, хор мæмæ дзæбæх нæ кастæй æма хускъæ кодтон. Бæласæн цъарæ ку нæ уа, сифтæ ибæл ку нæ зайа, хор имæ ку нæ кæса, уæд ин хуарз цæрæн ес? Ралух-ма кæнæ лæгæн æ ахсæн, æ рæугутæ, æ тогдадзинттæ, цума ма цæридæ? Кенæ ба ма уæд æгасæй куд байзадтæн!—загъта, æма æ цæсти сугтæ æ фарсæй ракалдæнцæ, фур мæстæй еуæрдæмæ ку фæззилдæй, уæд.

---

Фарæй, аци анзæй уæ рæзæ-дзæхæрамæ хуæздæр зилд кæд адтæй, æма си фулдæр рæзæ кæд æрзадæй? Куд-еу базелетæ уæ рæзæ-донæмæ?

# Галхæфсæ.

Галхæфсæ лæгæн æ лимæн æй. Неци зиан кæнуй, æйдагъ æй кьохмæ есун нæ гъæуй. Е бонигон талингæ рауæнмæ бабуруй. Æхсæвæ цауæни рацæуй. Галхæфситæ ахæссунцæ алли хузæн золкъитæ, гæлæботæ æма æндæрти æма сæ хуæрунцæ. Берæгæйдтæй етæ знаггадæгæнгути исафунцæ дзæвгарæ. Галхæфсæн æ бауæрбæл ес будзухтæ. Будзухтæй рацæуй марги тæнгъæдæ. Уомæй адæймаги цар хуæрун байдайуй. Галхæфсæн йе 'взаг æй дессаг арæзт.



Уомæн е 'взаг федаргонд æй гъæлæси медæгæ кæрон æрдигæй. Золкъитæ ку фæйахæссуй, уæд е'взаги фæстаг кæрон рагæлдузй.

Æвзаг æмбæрзт æй сæтæй. Золкъæ ибæл нихасæгау ракæнуй, æма'й хæфсæ æ гъæлæсмæ баласуй. Цæститæ бацъундæ кæнуй. Нихъуæрун байдайуй золкъи. Хуæрди фæсте нæуæгæй райдайуй кæсун æма гъæуай кæнун, кæд бабæй ести æрахæссидæ.

---

Ци пайда æй галхæфсæ?
Ци ахæссунцæ галхæфситæ?
Ци рацæуй галхæфси будзухтæй?

---

**Галхæфсæ сахатмæ нихъуæруй æртин къудур золкъей бæрцæ.**

**Ма маретæ галхæфсити.**

---

# Æрæгвæззæг будури.

Мæргътæн сæ фулдæр гъар бæститæмæ фæттахтæнцæ. Ами ма си ка байзадæй, етæ дæр мостæмæ сæхе хæстæг ласун байдæдтонцæ. Миститæ будур ниууагътонцæ. Етæ дæр гъæутæмæ сæхе бийстонцæ.

— Фæйнердæмæ рандæнцæ мæ иуазгутæ,—загъта будур. Æрæнкъардæй. Æ хузæ фендæрæй. Бор радардта. Гъигæ кæнуй еунæгæй.



—Гъигæ ма кæнæ, нана, мах дин ами ан!—исдзурдтонцæ имæ уæд колхозонтæ.—Уинис, мах ами ан. Нуртæккæ дин дæ бор хузæ сауæй, уæдта бабæй цъæхæй райевдзинан, æма бабæй дæмæ нæмугдав мистæ дæр уайдзæнæй.

Тракторист нискъот кодта. Рауагъта трактор, уой фæсте итауæн машинæ, æма будур сау-сауид фестун кодтонцæ. Æртæ къуæрей фæсте фæззигæндæ тауæ искодта, æма будур цъæх-цъæхид радардта.

Нæмугдав мисти хæдзарæ ихалун, æхе ба ин лицъæ кæнун гъæуй.

---

Мæргътæн сæ фулдæр кумæ фæттахтæнцæ
Æз дæр ами дæн
О мæнæ бабæй Созур дæр амий
Аци гъудиадитæй алке фæсте ци уавæр æрхуæцæн нисан ниввæрдзæнæ?

## Гъæди.

— Гъæдæ, ци дæбæл æрцудæй? Куд æнкъардæй лæууис? Ци фæцæй дæ цъæх-цъæхид хузæ? Ци фæцæй дæ игъæлдзæг зард? Ци фæцæй дæ æхемæ сайæг æхсицгон ауон? Ци фæцæй дæ кæдзос уæлдæф?—бафарста æй гъæддзау.

Гъæдæ ин равардта дзуапп:

— Ниууадзæ мæ, ма мæ игъæлдзæг кæнæ! Хуссун

мæмæ цæуй. Уинис, мæ сувæллæнттæй-сирдтæй, мæргътæй ка гъар бæститæмæ фæттахтæй, ка ба си ами арф рауæни бабурдæй. Дæхуæдæг ку зонис, алцæмæн дæр ес рæстæг—косунæн дæр æма фунæйæн дæр. Бауадзæ мæ фунæй кæнун. Райгъал бабæй уодзæнæн, æма бабæй мæ фæууиндзæнæ мæ рагон хузи игъæлдзæгæй, рæсугъдæй, нæуæг киндзау фæлустæй... Нур бал ди корун, æма мæ ма игъал кæнæ, калд бæлæстæй фæстæмæ фунæй бæлæсти ма цæгъдæ.

— Хуарз, хуарз! Хуарз фунти фæсте райгъал уо!— загъта ин гъæддзау. Разилдæй, гъæди иссердта калд бæлæстæ, ниффаста сæ æма сæ раласта согæн.

---

Цæбæл бафарста гъæди гъæддзау? Ци дзуапп равардта гъæдæ гъæддзауæн?

## Мичурини æскъуæлхтдзийнæдтæ.

Пионер барæсби æ хуарз ахури æма кусти туххæй æрвист æрцудæй Мæскумæ Еугурцæдесон гъæууон-хæдзарадон равдистмæ. Уоми фæууидта берæ дессæгтæ.



— Барæсби, радзорæма нин Мæскуй хабæрттæй ести,—нæбал уагътонцæ пионертæ се‘мбал Барæсбий.

Барæсбийæн æхецæн дæр æхцæуæн адтæй, Мæскуй хабæрттæ-еу ку дзурдта, уæд. Сувæллæнттæ фæссабур æнцæ, æма Барæсби райдæдта дзорун:

— Е адтæй раги, паддзахи тар дзаманти. Горæт Козлови цардæй Мичурин. Е куста еунæгæй. Паддзахи хецауадæ ин нецæмæй агъаз код-

та. Æ бийнонти хæццæ мæгур, къæбæргъæуагæ цард кодта. Мичурин дессæгтæ аразта. Дзæдуртæ æрзайун кодта нинæгъбæл, къæбурдтæгбæл ба—балитæ.

Фал æ фæткъутæ, кæрдтутæ æма сæнæфсертæн ба æмбал нæйес: æнцæ хуæрзадæ æма адгин.

Кæрдтути муккаг Мичурин исхудта „бере-зумæгон". Еци кæрдту бæлæстæ нæ тæрсунцæ гъизти уазалæй æма дæдтунцæ берæ кæрдтутæ.



Кæрдтутæ зумæги дæргъи лæуунцæ сауæнгæ уалдзæгмæ—не'мбуйунцæ.

Номдзуд советон ахургонд Мичурини ном фегъустæй алли бæститæбæл. Цудæнцæ имæ Америкæй усдур ахургонд адæм, цæмæй ин исахур кæнонцæ æ фæлтæрддзийнадæ.

Æрцудæй Октябри революци. Мичурини гъуддаг цæмæй исирæза, уобæл Ленин æхуæдæг берæ бакуста.

Советон хецауадæ Мичуринæн усдур аргъ искодта æма ин равардта фæллойнади Сурх Турусай орден, уæдта Ленини орден.

Мичурини гъуддаг идарддæр ирæзун кæнунбæл нур косунцæ советон берæ ахургæндтитæ.

---

Кумæ æрвист æрцудæй Барæсби? Цæмæй номдзуд æй Мичурин?

Ка косуй Мичурини гъуддаг идарддæр ирæзун кæнунбæл? Фиццагдæр æ гъос ка бадардта Мичурини куститæмæ?

# Гъæуайгæнæг.

Колхоз æ фонсæн гæс исæвæрдта Темболати. Алли бон Темболат хезуй фонси æ куй Муртузи хæццæ. Алли хатт минкъий Батир Темболатæй фæккоруй:

— Фæххонæ-ма мæн дæр дæ хæццæ, баба!

— Бафунæй уодзæнæ есгæми, биццеу!—хъур-хъур кæнуй баба.

— Фæххонæ мæ, нæ бафунæй уодзæнæн.

Баба исарази æй:

— Цæй цæуæн, фæууиндзинан, ци уавæр гæс уодзæнæ, уой!

Гъæди кæрони æнцад думгæ гъазуй. Фонс хезунцæ цъæх кæрдæгбæл. Сифтæ сæбар-субур кæнунцæ. Батир зæронд лæги фæдбæл рауайæ-бауайæ кæнуй. Темболат лискъæфтæ агоруй æма бафæдзахста Батирæн:

— Игъосис, бадæ! Бадæ æма гъæуай кæнæ! Ести ку фегъосай, уæд мæнмæ гъæр кæнæ.

Батир бадуй æма гъуди кæнуй, куд радзордзæнæй исон е 'мбæлттæн, фонс куд гъæуай кодта, уой. Бадуй Батир, Муртуз æ фарсмæ, æма гъæуай кæнуй. Æвеппайди Муртуз еци-еу гæпп фæккодта æма исрæйдтæй. Е адтæй тæрхъос.

Батир фæттарстæй æма гъæр кæнуй:

— Берæгътæ, берæгътæ!

— Хуарз гæс дæ, хуарз,—игъосуй Батир æ фидæ Темболати дзурдтæ.—Тæрхъоси берæгъ хонис?

---

Кумæ рандæй Батир Темболати хæццæ?
Цæмæй фæттарстæй Батир?

# Фæззигон изæр колхози.

Æнкъард изæр. Сæлфуй. Гъæунгтæ исцъифæ 'нцæ. Фал ка бауорамдзæнæй нур адæми? Ка ма бадуй хæдзари? Къуæрттæй—нæлгоймагæй, силгоймагæй, сувæллонæй клубмæ цæунцæ. Клуби къæрæзгитæй рохс кæлуй. Уæттæ адæмæй сæ тæккæ идзаг. Еу уати Бибо „Рæстдзинадæ“ гъæрæй кæсуй. Иннетæ бадунцæ. Зæрд-

тагонæй байгъосунцæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ рафæрсунцæ Бибой æма син е дæр дзуапп радтуй.

Иннæ уати колхози фæсевæд цалдæр къуаремæй стъолти алли фарс бадунцæ. Етæ гъазунцæ шашкитæй.



Идард кæцæйдæр цæуй сувæллæнтти гъæр, ходун æма зарун. Уалинмæ фæццудæй дзæнгæрæги гъæр. Еугурæй дæр базмалдæнцæ. Зал мæ фæццæунцæ.

Абони бабæй син нæуæг кино-хузæ æвдесдзæнæнцæ.

## Мæгур лæг.

Еу мæгур лæгæн æ хумгæндæ адтæй мæскъи рази. Уоми зæнхæ адтæй урдуг, хæмпæлгæрдæггун. Еу фæссехуар рауардта, æма зæнхæ бафæлмæнæй.

Мæгур лæг бацийнæ кодта:

— Ести амæлттæй æй кæд бафæразинæ бакæнун... Мæ дзубур куд уайуй!..

Æризæр æй. Мæгур лæг æ бæхи къæхтæ бабаста, уотемæй æй рауагъта игуæрдæнмæ; æхсæвæр бахуардта æма æ уæрдуни буни исхустæй. Игуæрдæн адтæй æлдари.

Мæгур лæг райгъалæй гъæр æма загъдмæ. Æ кæрци къæредæ еу фарс рагæлста, фестадæй æма къехæй байзадæй...

— Дæхе хæдзари æрфусун кодтай æви ци?—гъæр кæнуй æлдар.—Æз дин байамондзæнæн... Дзуларæ кæмий? Ракæнай æй ардæмæ.

Æлдар байста бæхи дзуларæ æма мæгур лæгæн æ бæх фæлласта сæхемæ. Сæумæ раги мæгур лæг бацудæй æлдари тургъæмæ æ бæх раласунмæ, фал кæми—æлдар нæ равардта мæгур лæгæн æ бæх.

Мæгур лæг раздахтæй фæстæмæ,—ницъцъæхæй, ниффæлорс æй, уотемæй æрбадтæй æ уæрдуни рази æма æ дууæ къохемæй фæллæбурдта æ сæри гъунтæмæ æма нирдеуагæ кодта:

— Ци кодтон?.. Цæй туххæй?.. Мæ бæх мин цæмæн фæлласта?

Сехуар афони размæ бабæй мæгур лæг рандæй æлдарæн лихстæ кæнунмæ. Хор нигулунмæ гъавта, уотемæй бабæй сæргубурæй æрцудæй æ бунатмæ мæгур лæг. Исиста кæрдзин, æрæй саста, еу къæбæр си рахуардта, уæдта загъта:

— Цæуон мæ хæдзарæмæ!—æма рараст æй сæхемæ.

Сæ хæдзари æ уоси кæугæй æрæййафта: е дæр хабар базудта.

Дуккаг æма æртиккаг бон дæр æлдар мæгур лæгæн æ бæх нæ равардта. Бæхæй фудкуст фæккæнун кодта.

Цуппæрæймаг бон æлдармæ корæг фæццудæй мæгур лæги уосæ, фал ибæл æлдар æ куй исардудта. Куй уосæбæл фæххуæстæй, æма уосæ æ цæсти сугтæ калгæй, раздахтæй.

Еци бон бабæй мæгур лæг фæццудæй дуккаг хатт корæг æлдармæ.

— Ци дæ фæндуй, уой мин бакæнæ, фал мин мæ бæх радтæ,—загъта æлдарæн, æма исбадтæй зæнхæбæл.

Æлдар мæгур лæги дууæ бони фæккосун кодта æхецæн, уæдта ин æ бæх фæлмæстæй равардта æнхъерæнтæ гæнгæ:

— Аци хатт дин хатир фæууæд, æндæр хатт ма дæ бæх ку бауадзай мæ игуæрдæнмæ, уæд дин фæууинун кæндзæнæн!

Мæгур лæг æрцудæй сæхемæ. Стонг бæх æхе гъæмпæбæл ниццавта. Мæгур лæг бацудæй хæдзарæмæ, æр-

бадтæй æма хуæруйнаг байагурдта; тагъдгомау рахуард, та æма рарастæй æхе хумæ кæнунмæ.

Уотæ тохæнтæ кодта мæгур адæймаг зæронд дзамани.

---

Ци кодта мæгур лæг?
Ци бакодта æлдар мæгур лæгæн?



## Мæгуыры зæрдæ.

Зымæг нæ хæхты цух нæ уадзы,—
Лæджы æмбæрц æруары мит;
Æвцæгæй коммæ уад дзыназы;
Их доныл саразы йæ хид.

Æхсæвæн нæм кæрон нæ вæййы...
Тæхудиаг кæм нæ у сæрд!
Сæнар кæмæ нæй, уый ныссæйы,—
Цырагъ нæм чи судзы фæсхæрд!

Нæй кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн,—
Йæ сихор, йе 'хсæвæр—йæ мæт;
Йæ уат—æскъæт, зыгуым—йæ лыстæн,
Хъæбæр йæ цъæх хуыссæн нымæт...

Кæд рухс нæ баййафы йæ цардæй,
Йæ бон кæд арвиты зынтæй,—
Уæддæр нæ ныххуыссы æнкъардæй—
Йæ зæрдæ хъал вæййы фынтæй.

## А-лол-лай!..

Къух дæ аузын фæразы...
Мæй дæ авдæнимæ хъазы,—
Стыр лæг мын æсуай!..
А-лол-лай!..

Ракæндзынæн дын мæ зарæг...
Искуы кæд æсуис мæ дарæг,
Урс уæрыкк дын уон!..
О, мæ бон!..

Зындонæй фыддæр нæ цæрæн...
Нал у ныр дæ фыд йæ сæрæн
Сау хæххон куыстæй...
Ахуысс, цæй!..

Искуы мын куы схъомыл уаис,
Уæд ды дæр дзы цух нæ заис,
Бирæ мын цæрай!..
А-лол-лай!..

Скæнис хъугдзармæй æрчъитæ,
Къахис митбынæй мæхъитæ,
Стонг æмæ сыдæй...
Ахуысс, цæй!..

Сугтæ мын хæссис æргъомæй...
Бадзурин дæм уæд æргомæй:
Мады зæрдæ зон,
О, мæ бон!..

Бадзурин дæм: уарз нæ бæстæ,
Ма сæ суæлдай кæ нæ фæстæ,
Ма сæ бафæллай!..
А-лол-лай!..

## Зæронд дзамани.

Фабрики дуармæ лæудтæй æ хецау. Æ рази æрбалæудтæнцæ куст агорæг косгутæ. Æ рази æнæдзоргæй æрлæудтæнцæ. Сæ сæртæ æруагътонцæ.

— Косгутæ?—нæ сæмæ кæсуй, уотемæй сæ фæрсуй хецау.

— Уотæ... Дæумæ 'рбацудан куст агорæг,—тæрсгæй, æнхузонæй исдзурдтонцæ.

— Æдзох, æдулитæ, мах æлгъететæ, тогцъиртæ æма нæ цар стъегъгутæ хонетæ, уæхуæдтæ ба нæмæ куст агорæг цæуетæ!

Цума син тæрегъæд кодта, уой хузæн æхе ракодта æма дзоруй идаоддæр:

— Ци бакиндæуа сумах хæццæ, райсдзæнæн уæ бонгай кустмæ. Феддзæнæн алкæмæн дæр 6 саурий бонæ.

— Е бабæй уæд куд æй? Уæхæн мизд дзоли фагæ дæр ку нæ уодзæнæй. Фæйнæ 2 саурий ма нин бафтауæ,—тæрсгæй дзорунцæ фæйнердигæй.

— Минкъий мизд æй? Уæ фагæ нæй? Кæд уæ нæ фæндуй, уæд цотæ æма уæртæ хормæ уæхе таветæ.

Фабрики 'рдæмæ фæззилдæй хецау æма медæгмæ фæррасг æй.

Кадæр æхе нæбал бауорæдта æма æ фæдбæл дзоруй: „Тогцъир, цар стъегъæг!“

Ци хуæздæр амал син адтæй?

Стонги бæсти исарази æнцæ æма кустмæ бацудæнцæ бонæ 6 сауребæл.

Сæумæ-еу æхсæз сахаттемæ нирræнгъæ'нцæ косгутæ фабрикæмæ. Алке дæр-еу æ къохи хаста æ хуæруйнаг.

Ænæ уотæ гæнæн надтæй. Косæн бони дæргъæ адтæй 12 сахатти. Косæги мизд адтæй минкъий, нецæййаг мизд. Косæг мæйæ куста 17—18 соми. Косгути косун кодтонцæ æвард æнгъудæй никки дæр фулдæр.

Косæги кусти фадуæттæ адтæнцæ уæззау. Косæн бунати скъодт кодта думгæ, зумæг-еу мстæй байдзаг æй. Къæвда рæстæги ба-еу уаруни дон косгутæбæл тугурæй урдугмæ калдæй.

Уæхæн зин кусти уавæри адтæй паддзахи рæстæги косæг.

# Октябри революци.

1917 анзи октябри мæйи, империалистон тугъд æ тæккæ тухгинбæл ку адтæй, уæд æрцудæй дуйней усдурдæр революци—Октябри социалистон революци.

Ленини парти дзиллити æхсæнмæ рацудæй ауæхæн лозунгти хæццæ: „Фесæфæд стъегъæг тугъд“, „Зæнхæ—фæллойнæгæнгутæн!“, „Еугур хецауадæ—советтæн!“.

Еци лозунгтæ адтæнцæ алли косæги æма зæнхкосæги зæрди дæр. Еци лозунгтæ син адтæнцæ, сæ цæргæ-цæрæнбонти цæмæ бæлдтæнцæ, уæхæн гъуддаг.

Косгутæ æма зæнхкосгутæ уидтонцæ, Ленинон парти син се' носмæ бæллуйнаг гъуддæгти сæрбæл ке дзоруй, уой. Сæ цæститæ цæйбæрцæ фулдæр игон кодтонцæ, уой бæрцæ фулдæрæй-фулдæр æууæндтæнцæ Ленинбæл æма æ партибæл.

Ленини парти дзурдта:

Æмбæлттæ косгутæ, сумах фæуузлахез уодзинайтæ айдагъ уæд, æма зæнхкосгутæбæл æнцойнæ ку кæнайтæ, уони уæхебæл ку бауузндун кæнайтæ. Зæнхкосгути хæццæ еумæ æмцæдесæй тох кæнгæй, фæуузлахез уодзинайтæ.

Ленини парти дзурдта:

Æмбæлттæ зæнхкосгутæ, косгути класс сумахæн фæййагъаз кæндзæнæй империалистон тугъдæй фæййервæзунæн æма зæнхæ райсунæн, помещикти æма уони гъæууайгæнæг хецæутти къæхти бунæй сæребарæмæ рацæунæн. Цæуетæ мах фæдбæл!

Æма косгутæ райдæдтонцæ тох кæнун. Косгути ра-

замундмæ гæсгæ цудæнцæ зæнхкосгутæ дæр. Етæ еумæ æфхуæрд адтæнцæ помещиктæ æма капиталисттæй.

Еумæ æфхуæрд æййафтонцæ паддзахи хецауадæй дæр. Æма сæ нихмæ истгæ дæр еумæ искодтонцæ. Октябри сæхе къохмæ райстонцæ хецауеуæгдзийнадæ æма еци сахат рауагътонцæ декрет зæнхитæ райсун æма империалистон тугъд бауорамуни туххæй.

## Хъобангом.

Бæрзонд сау хуæнхтæ арви цъæхи нихъулунцæ. Ходунцæ колхозон будуртæ.

Аци хуæнхтæбæл Октябри социалистон революций размæ æлдари ихуæрститæ æнкъардæй æрвистонцæ сæ цард.

Октябрь ниннæрдтæй: æ артæй басугъта тогцъир гъæздугути, æлдæртти.

Иристони фæллойнæгæнæг адæм дæр райстонцæ сæ бартæ сæхемæ.

Мæнæ раги æфхуæрд Хъобан. Æ гъæздугдзийнæдтæ адтæнцæ бонгин æлдæртти къохи.

Нур, революций фæсте, Хъобани исирæзтæй усдур колхоз.

Фæллойнæгæнæг адæм косунцæ еумæ; сæребарæй косунцæ еумæйаг косæндзаумаутæй урух æнæ арæн будурти. Гъæдæй, фонсæй, зæнхи хуæрзгъæдæ кустæй есунцæ берæ хуар æма гъæздугдзийнадæ. Сæ цард кæнуй бонæй-бон гъæздугдæр æма игъæлдзæгдæр.

Æгомуг къæдзæхти астæу арæзт æрцудæй усдур электростанцæ Гизелдонбæл.

Алли рауæнтæмæ дæттуй е электрон тухæ: æхсæвæ ниррохс уй. Хъобани электрон тухæй æфсес æрцудæнцæ завод „Электроцинк“ æма Дзæуæгигъæу.

Фæскуст клуби лæги цæстæ рауинуй алли хузон адæми: ка дин зæгъдзæнæй „де'зæр хуарз“ иронау, ка гурдзиагау, ка уруссагау, ка ба дзиуиттагау. Етæ æнцæ электростанци косгутæ: косунцæ еузæрдиуонæй еумæ.

Бонæ рæсугъд уæлхуæнхтæмæ фæццæунцæ пионертæ. Атæ æрæмбурд унцæ алли гъæутæй сæ фæллад уадзунмæ, æма сæ хонхаг фæлмæн уæлдæф фæррæвдауй мадау.

Фæуунцæ си ахури отличниктæ, фæллойнæгæнæг адæми цæуæт.

Нæуæг цардæй цæруй Хъобангом.

---

Октябри революций фæсте ци исирæзтæй Хъобани?
Ци арæзт æрцудæй къæдзæхти астæу?

## Беслæни маисон комбинат.

Идардмæ зиннунцæ Беслæни маисон комбинати усдур галауантæ. Сæ фарсмæ рæнгъитæй лæуунцæ рæсугъд райдзаст азгъунститæ, комбинати косгути цæрæн бунæттæ. Дзæхæрадони еуфарс бæрзонд исцудæй косгути клуб.

Æхсæвæ комбинат фæууй бонау рохс. Ильичи цирæгътæ стъалутау æрттевунцæ.



Комбинати косунцæ мингай косгутæ. Етæ æнцæ алли адæмти хаттитæй: ирæнттæ, уруссæгтæ, дзиуиттæгтæ, гурдзиæгтæ, сомехæгтæ æма æндæртæ. Етæ цæрунцæ æнсувæрти хузæн æма тох кæнунцæ кустади пълантæ уæлдайгунтæй исæнхæст кæнунбæл.

Бонæй-бон тухгиндæр кæнуй стахановон змæлд косгути æхсæн. Стахановон косгутæ фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ.

Косгути цард æй хуарз. Сæ сувæллæнттæн ес хуарз астæуккаг скъолатæ, хуарз гъазæн фæзтæ æма рæвдауæндæнттæ.

## Трактор.

Трактор ци æй, уой канæ фегъуста, трактор ка нæ фæууидта, уæхæн нæбал ес нæ адæмæй.

Усдур нифс æй адæмæн трактор.

Е хъæбæр фæййагъаз æй гъæуугон хæдзарадæн.

Колхози кусти хуæздæр некæци машинæ уодзæнæй. Гъæууон хæдзаради куститæй берæ нæбал байзадæй, трактор си ке нæ бакосдзæнæй, уæхæнттæ. Трактортæ кæнæн заводтæ нæмæ берæ рауæнти арæзт æрцудæй.

Тракторæн сæ сæйраг куст æй хуми куст, фал уæззау дзаумаутæ ласунæн дæр хуарз æнцæ.

Советон хецауадæ исаразта берæ рауæнти машинæтракторон станцитæ, исаразта уæхæн станцитæ Иристони дæр. Уæхæн станци фæууй 70—250 трактори, уæдта комбайнтæ, пиккертæ, тауæнтæ, инайæгæнæнтæ сæхæццæ æма æндæр уæхæнттæ. Уоми косунцæ дæсни инженертæ, агрономтæ, техниктæ, механиктæ æма трактористтæ. Колхозонтæ ахур кæнунцæ тракторæй æма алли хузон æндæр машинттæй куд косун гъæуй, куд сæмæ зелун гъæуй, уонæбæлти. Хъæбæр пайда æнцæ аци станцитæ колхозонтæн. Колхозонтæ рæвдзæй æнхæст кæнунцæ сæ еумæйаг зæнхи куститæ.

Машини кусти фæрци колхозтæн сæ хуартæ зайунцæ хуæздæр æма син дæттунцæ фулдæр пайда.

Ес нæмæ МТС-тæ Беслæнигъæуи, Хумæллæги, Елхоти, Æрхони, Дигори гъæуи, Циколай, Гъæдгæрони, Алагири, Мæздæги, Винограднæйи æма æндæр рауæнти.

## Тракторти завод.

Сталингради арæзт æрцудæй трактортæгæнæн завод. Завод косун райдæдта 1930 анзи июни мæйи. Еци заводи ес, дуйней хуæздæр ци станоктæ æма машинттæ ес, уæхæнттæ. Косгути багъудæй нæуæг машинттæбæл косунмæ сæхе ахур кæнун.



Фиццаг райдайæни гъуддаг хуарз нæ цудæй. Зинаргъ станоктæ æма машинттæ саст цудæнцæ. Берæ адтæй, ка нæ бæзтæй, уæхæн куст. Классон знаг архайдта знаггадæ кæнунбæл. Фал косгутæ, коммунистон партий разамунди фæрци, еугур зинтæбæл дæр фæууæлахез æнцæ. Хъазауатæй кустонцæ æма ахур кодтонцæ нæуæг техникæ. Тох кодтонцæ классон знæгти нихмæ. Уотемæй куст фæррæвдзæ'й.

Трактортæ цæунцæ колхозтæмæ. Етæ фенцондæр кодтонцæ колхозонти куст, Ленини фæдзæхст—мæлиæг бæхæй индустрий бæхмæ бахезæн,— зæгъгæ, е æнхæстгонд æрцудæй парти æма æмбал Сталини разамунди фæрци.

Завод фехалдтонцæ немуцаг сирдтæ. Фал бабæй æй нæуæгæй исаразтан. Колхозон æма совхозон будурти косуй сæдæмингай тракторта.

## Курд.

Цард цæуй кустæй аразгæй,
Гъæйдт зæгъун,
Хъуæлти гъазун ме'фсæйнагæй,
Цъинк кæнун.
Цард ихалд æй, уой æфсонтæй
Сонт сайуй.
Цъинк кæнун мæ рист фæсонтæй

Хед цæуй.
Хæрдмæ хауй зинги стъæлфæг,
Пурх кæнуй.
Цох ми бадуй магоса лæг,
Финдз тæдзуй.
Цард цæуй кусти фадуатæй,
Гъæйдт зæгъун.
Зунд нæ есун магосатæй,
Цъинк кæнун.

## Адæмти æнсувæрдзийнадæ.

Цæгат Кавкази цæруй берæ минкъий адæмти хæттитæ: ирæ, кæсæг, Дагъистани адæмтæ æма æндæртæ. Етæ дзорунцæ алли æвзæгтæй.

Паддзахи дзамани уæхæн минкъий адæмтæ адтæнцæ æфхуæрди бунати, кодтонцæ фуд цард, талингæ цард. Ахурмæ син фæндаг на'дтæй. Скъолатæ кæнуни барæ син нæ лæвардтонцæ.

Нур сæмæ исарæх æнцæ скъолатæ. Алкæмæн дæр си ес ахурмæ урух фæндаг. Скъолати ахур кæнунцæ мадтæлон æвзагбæл. Советон хецауадæ сæмæ кæнуй заводтæ, фабриктæ, электрон станцитæ. Алли хузон усдур скъолатæ сæмæ байгон кодта.

Советон хецауадæ æфхуæрд адæмти фæйервæзун кодта талингæ цардæй. Ракодта сæ размæ. Равардта син рохсдзийнадæ. Паддзахи хецауадæ сæ кæрæдзебæл ардудта. Кæрæдземæн кард æма фид адтæнцæ. Нур еци минкъий адæми хæттитæ еумæ сæхецæн исаразтонцæ амондгун цард, социалистон цард.

---

Циуавæр адæмтæ цæрунцæ Цæгат Кавкази?
Æфхуæрд адæмти талингæ цардæй ка фæйервæзун кодта?

## Дохдир сæйги уинуй.

Чизнали мадæ Аминæт сагъæси бахаудтæй. Синхи Чизналмæ сæйгæфæрсæг цæунцæ. Аминæти зæрдæ федар кæнунцæ:

—Ма ин тæрсæ. Анхосаг ин æй. Дæсни ин бафæрсæ æма радзæбæх уодзæнæй.

—Дæсни неци... Дохдирмæ рарвистон... Кæд афонадæбæл фæззинна, уæд мæ амонд, кенæ ба мæ хæдзарæ ихæлдзæнæй.

Уалинмæ дохдир æрбацудæй. Фæууидта кизги. Загъта.

—Уæззау сæйгæ'й, фал ин неци уодзæнæй.
Хуастæ ин рафинста.

---

Тæвдæй уазал дон ма ниуазæ.
Хедæйдзагæй думгæмæ ма бадæ.

## Сæйгæ ахургæнæгмæ.

Æнкъард хабар рахæлеу æй гъæубæл: скъолай ахургæнæг фæссæйгæй—зæгъгæ. Скъоладзаутæн хъæбæр гъулæг адтæй еци хабар: берæ уарзтонцæ сæ ахургæнæги.

—Бабæрæг æй кæнун гъæуй,—дзорунцæ сувæллæнттæ,—æма ин ести фæххæссун гъæуй...

Дзерассæ æма Мурати зæрди æрбафтудæй: нуртæккæ лискъæфи афонæ ку æй. Сувæллæнттæ дуккаг сæумæ раги фестадæнцæ, райстонцæ къостæ æма ра'ндæнцæ гъæдæмæ. Æримбурд кодтонцæ цæттæдæр лискъæфтæ æма скъоламæ æрцудæнцæ.

Ахургæнæг хуссæни хъан адтæй. Æ размæ неке адтæй. Сувæллæнтти ку фæууидта, уæд бацийнæ кодта, баходæзмолтæ сæмæ кодта æма æнцадæй загъта:

— Æрфæгонд уотæ, мæ уарзонтæ, ке мæ æргъуди кодтайтæ: еунæгæй мин æнкъард æй. Нур ба мин æнцондæр уодзæнæй. Уинун, хæстæг адæм мин ке ес, уой..

Ахургæнæг хъæбæр æдонуг кодта. Æрхæссун кодта æхецæн фунх дон, бацумта цай лискъæфти хæццæ, æсдудта лискъæфтæ. Сувæллæнттæ ин гъæуи хабæрттæ дзорун байдæдтонцæ. Æримбурд æнцæ иннæ ахургæнуйнæгтæ дæр. Уæдæй фæстæмæ ахургæнæг еунæгæй нæбал изадæй, æна'нхос гæнæг нæбал адтæй.

Е'нæнездзийнадæ рæвдзæдæр кæнун байдæдта, æма рæхги исдзæбæх æй.

Сувæллæнттæн хъæбæр æхцæуæн адтæй е.

---

1. Куд зилдæнцæ сувæллæнттæ сæйгæ ахургæнæгмæ?
2. Цæмæн худта ахургæнæг сувæллæнтти „Хæстæгутæ“ — зæгъгæ.
3. Бакæсетæ радзурди уой туххæн финст кæми ес, еци бунæттæ.

## Сæйгæдæнттæ æма санаторити агъаз.

Революций размæ нæ паддзахади горæтти æма гъæути берæ адæм мардæй алли незтæй. Хъæбæрдæр мардæнцæ фæллойнæгæнæг адæми сувæллæнттæ.

Хецауадæ аразта дзиуæрттæ, мæзгиттæ æма æндæр уæхæнттæ. Етæ адтæнцæ æфтуйгæ незтæ хæлеугæнгутæ. Алли анз дæр алли хузон незтæй мардæй берæ фæллойнæгæнгутæ. Нæ син адтæй сæйгæдæнттæй æнхусдзийнадæ.

Революций фæсте анзæй-анзмæ минкъийæй-минкъийдæр мæлунцæ. Нæ бæсти адæми нимæдзæ фулдæрæй-фулдæр кæнуй. Е уомæн уотæ'й æма Советон хецауадæ алли усдур гъæуи дæр дохдиртæ æривардта, аразуй сæйгæдæнттæ, амбулаторитæ, сувæллæнтти консултацитæ æма æндæртæ.

Санаторитæмæ, курорттæмæ æма фæлладуадзæн хæдзæрттæмæ берæ фæллойнæгæнæг адæм æрвист цæунцæ.

Цæгат Иристони дæр ес фæлладуадзæн хæдзæрттæ æма санаторитæ Цъæйи, Тæмискъи æма æндæр рауæнти. Паддзахи дзамани Иристони номбæл адтæй Дзæуæгигъæуи еу дохдир.

Гъæутæмæ-еу есгæд еу хаттæй æндæр зингæ дæр нæ кодта.

Нур нæмæ алли района дæр ес сæйгæдонæ, алли усдур гъæуи ба амбулатори.

Фиццаг дзамани-еу заводи медæгæ базæронди уæнгæ ка фæккуста, кенæ си-еу сахъатгун ка фæцæй, уонæн дæр неци æнхус цудæй. Нур ба уæхæн косгутæн Советон хецауадæ федуй пенси.

Косæг ку фæссæйгæ уй, уæд æй лæвар дзæбæх кæ-

*Фарстатæ.*

1. Ци уавæр сауæртæ ес Цæгат Иристони?
2. Сауæри дон цæмæн фæууй кæдзос æма рæсог?

*Косуйнаг.*

1. Райсæ лæкъун дон æма'й искæдзос кæнæ ацæудасæй.
2. Райсæ бабæй уæхæн лæкъун дон æма'й ниффæлсодзæ бæмпæгæй, æменсæй, къимбусæй æма æнд.

# Цъæйи курорт.

Уæллагири коми цæугæй, бахъæртдзæнæ Бурони фæзæмæ. Разиндзæнæй дæмæ рахес æрдигæй Цъæйи унгæг ком. Коми золæ-молæ цæугæй нарæггомау цалхфæндаг рахæссуй курортмæ дæс километри.

Паддзахи дзамани курорт адтæй хецæн лæгти къохи. Етæ си искодтонцæ минкъийгомау ниллæг фæйнæгсæр хæдзæрттæ æма сæ сæрди æртæ мæйи сæйгитæн зинаргъ бæл ихуæрсти лæвардтонцæ.

Фал уæхæн къумтæ дæр еугуремæн байхуæрсун сæ бон н'адтæй. Берæ мæгуртæ цардæнцæ кибиткити кенæ ба уосæнгти.

Еуæй-еуетæ ба цардæнцæ никки лæгъуздæр—лæгæтти, тæдзгæ сæбæл кæми кодта, уæхæн рауæнти.

Сæ хæццæ-еу æрбатардтонцæ гъоцитæ, байхуæрстонцæ-еу сæгътæ, фустæ, æрбаластонцæ-еу нартихуари инсад. Æма-еу дзæбæх кæнуни бæсти, хуæруйнаг кæнгæй, фудæбон кодтонцæ. Уотемæй сæйгитæ сæ бонтæ цубур кодтонцæ. Дохдир сæмæ нæ кастæй,—нæ си адтæй. Ке куд фæндадтæй, уотæ æхе дзæбæх кодта. Уазал цъете дони сæхе æртадтонцæ, æнæгъæуаги берæ'й ниуазтонцæ, дони билæмæ-еу цудæнцæ, сæ реутæ-еу байгон кодтонцæ æма тух уолæфт кодтонцæ, гъома, уотемæй тагъддæр радзæбæх уодзинан, зæгъгæ. Уотемæй-еу берети уазал бацудæй æма-еу сæ нез фæккарздæр æй.

Еци дзамани курортмæ фæндаг н'адтæй, æма уордæмæ ка цудæй, етæ сæ дзаумаутæ хастонцæ уаргъæй—бæхтæбæл æма хæргутæбæл.

Уотæ адтæй паддзахи дзамани.

Нуртæккæ, советон хецауади рæстæги, Цъæйи ку-

рорт бунтон фендæрхузонæй. Уæрдуни æма автомобилы фæндаг арæзт æрцудæй сауæнгæ курортмæ. Арæзт си æрцудæнцæ нæуæг азгъунститæ, санатори. Никки ма электростанцæ, санаторий бæстихæйтти æма æ алли фалæмбулай ка рохс кæнуй. Ес си хуæрæндонæ, аптекæ, абана. Дохдиртæ зелунцæ сæйгитæмæ. Ес си клуб. Кæсунцæ си газеттæ æма киунугутæ.

Цъæйæмæ ма цæунцæ нуртæккæ сæ фæлладуадзунмæ дæр. Уой туххæй уоми æрцудæй арæзт æртæуæладзугон азгъунст: „Цъæйи фæлладуадзæн хæдзарæ".

Санатори æма фæлладуадзæн хæдзарæмæ æнхуæцæй раздæр лæвар æрвист цæунцæ косгутæ æма колхозонтæ. Берæ хæттити уордæмæ бунæттæ фæддæдтунцæ хъазауатон кусти туххæй.

Цъæйи курортмæ цæунцæ айдагъ Цæгат Иристонæй нæ, фал ма Цæгат Кавкази æма ССР Цæдеси алли рауæнтæй дæр.

Цъæйæмæ рандæунцæ дохдири амундмæ гæсгæ.

Фæлласунцæ сæ автомобилтæй.

---

Паддзахи дзамани ке къохи адтæй Цъæйи курорт? Уæди дзамани сæйгитæ си куд цардæнцæ? Нур советон хецауадæ сæйгитæн Цъæйи курорти цитæ исаразта?

## Зумæг.

Зумæг. Мет æруардта арф.

Куд хуарз æй! Еугурæй бæстæ рохс. Алци дæр кæдзос, дзæхæрадонæ дæр æй рохс. Бæлæстæ æма къотæртæ фæлмæн мети ранихъулдæнцæ. Еугурæй дæр фæндæгтæ æхгæд. Фæлмæн мет хормæ æрттивтитæ калуй. Мет къæхти буни хъæс-хъæс кæнуй.

Сувæллæнттæ метбæл гъазунцæ.

Замирæт Сосланбæл кæдзос мети къубарæ фехста.

Сослан, гъазгæй, ратулдæй.

Куд игъæлдзæг æй! Ходæг сæбæл бахуæстæй.

Сувæлæнттæ циййнæ кæнунцæ зумæгбæл.

---

Кæбæл фехста Замирæт мети къубарæ?

Ци бакодта Сослан?

# Фиццаг мет.

Сæумæй мет уарун байдæдта. Æрæхгæдта бæлæстæ, зæнхæ, азгъунститæ. Фæлмæн мет куд уардта, уой мах уидтан скъолай къæразгæй.

Фæцæнцæ уроктæ. Нæ хæдзæрттæмæ нæ цудан. Метæй гъазунбæл фæцан. Метæй къубæрттæ æма лæгæттæ кодтан. Еу къуаремæй ба мети уæле тургъи къумти рауайæ-бауайæ кодтонцæ. Еу минкъий рагъазтан. Уæдта исфæндæ кодтан тургъæ ракæдзос кæнун. Скъолай сарайæй фийæгтæ раскъафтан. Тургъæ кæдзос кæнун байдæдтан. Ахургæнæг дæр нæ хæццæ архайдта.



— Бавналетæ, æмбæлттæ!—гъæр кодтан.—Мах метæй нæ тæрсæн. Цæттæ имæ уодзинан. Не'скъола алцæмæй цæттæ, нæ хæдзæрттæ дæр зумæгмæ алци дæр исцæттæ кодтонцæ сæ фагæ.

Мадта колхози фонсæн дæр тас нæ'й, колхоз исараззта нæуæг скъæттæ æма фонсдæнтæ, æз сæ æзинæ фæууидтон,—гъæр кæнуй Бола.

Уæхæн гъар æма кæдзос рауæни цæргæй, нæ колхози фонс нард куд нæ уонцæ? Мадта бæхтæ дæр дзæбæх зилди фæрци уалдзæгмæ сæ хузæ искалдзæнæнцæ.

---

Кæд байдæдта мет уарун?

Ци кодтонцæ скъоладзаутæ уроктн фæсте?

# Гурæн къолæ.

Сувæллæнттæ къубурмæ уайунцæ. Сæ цонæгътæ сæ фæдбæл ласунцæ. Исхъæрттæнцæ къолæмæ. Фæрсæй-фæрстæмæ æрлæудтæнцæ. Еу си фæгъгъæр кодта:

— Буретæ! Тагъд!

Фезмалдæнцæ цонæгътæ. Дæлæ фæттæхунцæ. Æвзарæн гæппгæнæнтæ фæххæстæг кæнунцæ. Бицщеутæ раздæр сæ цонæгътæбæл низзæгæл æнцæ. Æндеуагæдæртæ ба сæ къæхтæ æма сæ къохтæ исауихтонцæ, телунцæ сæ. Гъæр кæнунцæ: „Тæхгæ"! Тæхгæ! Нихъхъæрттæнцæ саппмæ.

„Гæпп! Гæпп"!—Аллиʼрдæмæ сæрберхъурæнттæ гæнгæ тæхунцæ.

— Ха! ха! ха! хи! хи! хи! Дæдæдæй. Ду-ду-дуй!.

Бæстæ ходун æма гъæр иссæй.

Радзорæ-ма, ду кæми гурдтæ, ке хæнцæ адтæ, куд гурдтæ.
Кæмити зонис гурæнтæ?
Ка си урдугдæр æй?
Кæци уæмæ идарддæр æй?



# Ехбæл æма метбæл.

Скъоламæ хæстæг адтæй цæугæдон. Скъоладзаутæ тургъи гъазунцæ. Уалинмæ кадæр гъæр кæнуй:

— Дон айнæгау нийехæй.

Уинунмæ имæ æнхузонæй уадæнцæ. Дон куд нийех æй, уой фæууйдтонцæ.

Фæсрæфтад биццеутæ сæ къахцонæгътæ райстонцæ. Ехбæл гурæнтæй гъазун исамадтонцæ. Сæ гъæр æма сæ ходун идардмæ игъустæй.

Уонæй минкъий идарддæр адтæй къубур. Цонæгъти хæццæ уордæмæ къуар скъоладзауи рацудæй. Къубурæн æ сæрмæ исцудæнцæ. Бафæлладæнцæ. Еу дзæвгарæ æнцад фæллæудтæнцæ, уæдта кæрæдзей фæдбæл нийаразтонцæ сæ цонæгътæ. Радугай къубурæй гурун байдæдтонцæ. Фæстаги цонæгъ кæронмæ нæма æрхъæрттæй, уотæ тæссармæ фæззилдæй. Ка си бадтæй, е фæлмæн мети буни фæцæй. Биццеу цурд фестадæй, æ цонæгъи босмæ рæвдзæ февналдта æма бабæй иннети фæдбæл къубурмæ исгурдæй.

Фæгъгазтонцæ дзæвгарæ. Изæри, сæ уадæлттæ сурхæй, заргæ æма ходгæ, скъоладзаутæ сæ хæдзæрттæмæ фæраст æнцæ.

---

Кумæ рандæнцæ скъоладзаутæ?
Ци кодтонцæ скъоладзаутæ?

## Уазал бæститi.

Кикæ адтæй эскимосаг минкъий биццеу?

Райгъалæй Кикæ сæ хæдзари. Хæдзари астæу къоси медæгæ содзуй кæсалги сойнæ. Арт тавуй æма рохс кæнуй. Кики мадæ еци артбæл сехуар цæттæ кæнуй.

Кикæ ци арси царбæл хустæй, уордигæй фæггæпп ласта. Искодта æ цæрмин дарæс: хæлаф, цубур кæрцæ æма ходæ еумæ худæй. Байгон кодта Кикæ хæдзарæмæ цæуæни цæрмин æмбæрзæн æма рабурдæй даргъ нарæг дзатмабæл. Куй дæр фæггæпп ласта, рауадæй Кики фæдбæл.

Рабурдæнцæ æндæмæ уазалмæ. Адтæй уазал æма хъæбæр талингæ. Ами зумæги хор еу къуар мæйи æгириддæр нæ фæззиннуй. Сæрдигон хор ба еу къуар мæйи нæ нигулуй.



Нæ зайуй бæласæ аци бæсти. Уомæ гæсгæ Кики фидæ зумæг æ хæдзарæ искæнуй метæй, сæрдæ ба искæнуй æхецæн уосонгæ саги цæрттæй.

---

Ка'й Кикæ?

Ци содзу хæдзари астæу?

Ка рауадæй Кики фæдбæл?

Кики фидæ цæмæйти искæнуй æ хæдзарæ?

## Мети буни.

Хъасбол гъæдæмæ сог ласунмæ рандæй. Адтæй гъизт. Бурдæн исистадæй. Хъасбол, надбæл ке фæррæдудæй, уой бафеппайдта. Æ бæх æрорæдта. Æрхизтæй уæрдунæй æма хæстæгути фæндаг агурдта. Нæ'й еруй. Идарддæр рауадæй. Агоруй.

Мет адтæй арф. Хъасбол бафæлладæй, бастадæй æма мети ниссагъдæй. Бурдæн æй уайтагъд мети буни фæккодта. Бæх еу дзæвгарæ фæллæудтæй æ бунати, æ фæллад исуагъта, уæдта, æ хецау ку некуцæй зиндтæй, уæд рараст æй сæхемæ.

Бæх хæдзарæмæ ку исцудæй, уæд бийнонтæ, синхон-

тæ уайтагъд фæффæдес æнцæ. Рацудæнцæ Хъасболи агорæг. Дууæ бони'й фæййагурдтонцæ, фал æй нæссирдтонцæ.

Æртиккаг бон еци фæндагбæл цудæй еу æндæргъæуккаг æ куйи хæццæ. Еу рауæн куй æваст фæллæудтæй. Алли'рдæмæ смуститæ кодта, уæдта фæсвæд еу рауæн мет къахун байдæдта. Бæлццони зæрдæ цæмæдæр фехсайдта. Бæх æрорæдта æма куймæ бацудæй. Кæсуй, æма куй ци мети уæрмæ искъахта, уордигæй тулфæ кæлуй уæлæмæ. Бæлццон райдæдта мет фæйнердæмæ калун. Дзæвгарæ'й ку никъкъахта, уæдта си разиндтæй арси бадæни асæ уæгъдæ бунат. Уоми хустæй лæг. Æ алли фарс мет ниттадæй. Еци лæг адтæй Хъасбол. Адтæй ма æгас.

---

Бæлццонмæ æрбахъæрттæнцæ фæдесонтæ дæр. Ислстонцæ Хъасболи.

---

Кумæ рандæй Хъасбол? Ци ибæл æрцудæй?
Ка иссердта Хъасболи?

## Фæндæгти арæзтадæ.

Фиццаг, паддзахи дзамани, фæндæгтæ аразуни сагъæс нæ кодтонцæ.

Фæллойнæгæнæг адæмæн лæгъуз, æнарæзт фæндæгтæбæл цæун зин ке адтæй, уой паддзахи хецауадæ гъуди дæр нæ кодта.

Иристони фæллойнæгæнæг адæм усдур зин рауæни адтæнцæ фиццаг дзамани. Нæ кæмтти бацæуæн нæ'дтæй, нæ будурти фæндæгтæмæ зилд некæд адтæй.

Советон хецауадæ хуарз фæндæгтæ исаразтæ æма никкидæр аразуй зæрдтагонæй, уой туххæй æма етæ æнцæ адæми цард æнцондæр кæнунæн.

## Турксиб.

Сибирæй Туркестанмæ ци æфсæйнаг фæндаг арæзт æрцудæй, е цубурæй хуннуй Турксиб.

Туркестани хуарз зайуй бæмпæг, пириндз æма аллихузон рæзæ.

Сибири дæр фæндаг цæуй гъæздуг рауæнти. Уоми ес гъæдæ, æрхи, изди, æвзестæ, дорæвзалу. Хуарз си зайуй мæнæуæ.



Казахстани бæстæ гъæздуг æй фонсæй.

Фæндаг цæттæ'й. Поездтæ дууердæмæ уайунцæ. Сибирæй Туркестанмæ поезд ласуй гъæдæ, хуар æма фонс, Туркестанæй ба Сибирмæ—бæмпæг, хъумац, пириндз æма æндæр уæхæнттæ.

---

Ци арæзт æрцудæй Сибирæй Туркестанмæ?

Цубурæй куд хунуйі? Цæмæй гъæздуг æй Туркестан? Цæмæй гъæздуг æй Сибир? Казахстан?

## Цæликк.

Е адтæй мин фарастсæдæ цуппорæймаг (1940) анзи, сæрди.

— Федир, гъе Федир!—сæумæй бадзурдта фæскомцæдесон Батраз йе'мбалмæ,—Цæликкмæ, Цæликкмæ!—дон уадзунмæ!..

— Фæццæун. Фæццæун!—рагъæр имæ кодта Федир.

Батраз æма Федир рараст æнцæ Цæликкмæ. Сæумæ раги фæлмæн думгæ фелауй мæнæуи хумти.

Федир æма Батраз игъæлдзæгæй сæ рæзти рæвдзæ цæунцæ æма дзубанди кæнунцæ.

—Батраз, абони Цæликки канали дон рацæудзæнæй.



Аци зæнхи тъæпæн нур донæй бафсæддзæнæй! Никкæнæн нæбал уодзæнæй хуарæн! Сор дзамани-еу хуартæ исæфгæ кодтонцæ ами. Цæликки ка 'фсаста донæй!

— Федир, айдагъ Цæликкæн пайда нæ уодзæнæй аци канали дон. Пълан куд амонуй, уомæ гæсгæ ибæл исараздзæнæнцæ электростанцитæ, уæдта Цæликки канали билæбæл гъæу дæр æрцæрдзænæй.

— Большевиктæ ци зæгъонцæ æма ци нæ искæндзæнæнцæ!—игъæлдзæгæй исгъæр кодта Батраз.

Бахъæрттæнцæ дууæ æнгари Цæликки каналмæ. Адæм дæр æмбурд кæнун байдæдтонцæ. Дзиллитæ, усдурæйминкъийæй, низмалдæнцæ. Райдæдта митинг.

Дон цæликки канали рацудæй. Уотæ, Советон хецауади унаффæмæ гæсгæ æма фæллойнæгæнæг адæми стахановон кусти фæрци, нур дон æфсадуй Цæликки гъæздуг будуртæ, æма си колхозтæ æмбурд кæнунцæ берæ æма хуæрзгъæдæ тиллæг.

---

Ци пайда дæдтуй адæмæн Цæликки канал?

## Дигори канал.

Ирæфи район адтæй донгъæуагæ. Адæм æма фонс хъæбæр тухст адтæнцæ. Силтанухъи усдур тъæпæн æма Муртазати фæхстæ дæр адтæнцæ æнæ дон.

Адæм дон агурдтонцæ, æма син æй ка равардтайдæ? Агурдтонцæ'й, фал ибæл нæ хуæст кодтонцæ. Уотæ адтæй паддзахи рæстæги. Иристони, куд æгас Уæрæсей дæр, æрфедар æй Советон хецауадæ.

Ленин æма Сталини разамундæй Советон хецауадæ зæрдиуагæй архайун райдæдта адæмæн сæ цард фæххуæздæр кæнунбæл.

Еу хатт Циколамæ фæззиндтæй æрвист лæг. Е æрбахаста уац: Советон хецауадæ исфæндæ кодта Циколай будуртæбæл дон рауадзун.

Еци уац уайтагъд адæмбæл фæххæлеу æй. Æ кой ин алли хæдзари дæр кæнун байдæдтонцæ.

Еу къуар рæстæги фæсте бæрнон лæгтæ æрцудæй. Етæ дон рауадзуни хабар бæлвурдæй адæмæн балæдæрун кодтонцæ. Адæм цийнæ кодтонцæ.

Дини косгутæ, моллотæ, дзурдтонцæ адæмæн:

„Æнæ дон хуцауи фæндæй ан. Хуцауи ку фæндадтайдæ, уæд ами дон раги фæууидтайанæ. Фал хуцауи нæ фæндуй, æма уомæ гæсгæ аци гъуддагæй неци рауайдзæнæй".

Райдæдтонцæ канал къахун. Дууæ анзи рацудæй. Циколай гъæумæ бабæй æрцудæнцæ Иристони æрвист лæгтæ.

Гъæу æнхузонæй æрæмбурд æй. Æрвист лæгтæ адæмæн фегъосун кодтонцæ, канал цæттæ ке æй, уой.

Минкъий фæстæдæр дон гъæунгти фæззиндтæй. Адæми цийнæн кæрон нæбал адтæй.

Уæдæй фæстæмæ Циколай, Силтанухъи æма Муртазати гъæздуг будурти уайуй дон, æма адæм Советон хецауадæн арфæ кæнунцæ.

---

Ка адтæй дон гъæуагæ? Ци дзурдтонцæ моллотæ? Ци фæззиндтæй Циколай гъæунгти æма будурти? Ке фæрци фæззиндтæй дон?

Ци пайда æй дон адæмæн?

## Мæскуй номбæл канал.

Мæску æма Волги дæнттæ баеу æнцæ. Коммунистон партий унаффæ æнхæстгонд æрцудæй. Волги берæ дæнт-

тæ кæлун байдæдтонцæ Мæску-донбæл. Волги усдур наутæн нур фадуат æрцудæй цæунæн Мæскумæ—Советон бæсти столицæмæ.

Е адтæй 1937 анзи уалдзæги. Бæрæгбони арæзтæй æрæмбурд æнцæ косгутæ, службæгæнгутæ, Мæскумæ хæстæг ци колхозтæ ес, уони колхозонтæ, æма цийнæ кодтонцæ нæ бæсти нæуæг усдур уæлахездзийнадæбæл. Мæскумæ нæуæг арæзт усдур каналбæл æрбацудæнцæ наутæ. 3-аг майи раст 12 сахаттебæл усдур науæ „Иосиф Сталин“ æрбацудæй науæ лæууæнмæ. Науæ ниууаста, æрлæудтæй. Идардæй хеди бунæй æрбазиндтæнцæ иннæ наутæ: „Вячеслав Молотов“, „Михаил Калинин“, „Клим Ворошилов“, „Клара Цеткин“, „Алексей Стаханов“, „Бусыгин“ æма æндæртæ. Фæллойнæгæнæг адæм арфæ кæнунцæ коммунистон партийæн æма нæ фæтæг æмбал Сталинæн.

Мæску—Волги канал æй сталинон фондзанзонти усдурдæр арæзтадтæй еу. Уоми ес берæ рæсугъддзийнæдтæ. Е берæ агъаз æй фæллойнæгæнгути цард никкиддæр хуæздæр фæккæнунæн.

## Уæлдæфон флот.

Хъæбæр бæрзæндти, хъæбæр идæрдтæмæ æма хъæбæр тагъд тæхуй хуæдтæхæг.

Советон Цæдеси тæхгутæ Чкалов, Байдуков æма Беляков фæттахтæнцæ, æнæ'рбадгæй, Мæскуйæй Цæгати полюси сæрти Цæгат Америкæмæ.

Еци фæндагбæл фиццагдæр айдагъ советон бæгъатæр тæхгутæ ратахтæнцæ. Дуйней адæм дес кодтонцæ советон бæгъатæр тæхгути нифс æма арæхстдзийнадæбæл.

Дуккаг хатт дæр Цæгат полюсбæл Цæгат Америкæмæ фæттахтæнцæ Советон бæгъатæр тæхгутæ Громов, Юмашев æма Данилин, дуйнейон дууæ рекорди радтгæй...

Советон тæхгутæ Коккинаки æма Бряндинский Мæскуйæй Владивостокмæ нихъхъæрттæнцæ 24 сахаттемæ, æнæ'рбадгæй.

Советон хецауадæ аци бæгъатæр тæхгутæн равардта Советон Цæдеси Геройти ном æма Ленини ордентæ.



Осипенко



Чкалов



Коккинаки



Громов

Сидгоймаг тæхгутæ Осипенко, Ломако æма Раскова, æрмæст дони æрбадæн кæмæн ес, уæхæн аэропланбæл фæттахтæнцæ æнæ'рбадгæй Севастополæй Архангельскмæ.

Еци аэроплантæ æнхуæцæй дæр конд адтæнцæ нæхе, советон заводти, советон æрмæгæй.

Усдур хъаурæ, бæгъатæр æма арæхстдзийнадæ равдистонцæ нæ тугъдон тæхгутæ геройтæ капитан Гастелло Н. Ф., Талалихин В. В., Цоколати Г. А. æма андæртæ, фашистти нихмæ тохгæй.

Гастелло знаги нихмæ тох кодта. Знаги дзармадзани нæмугæй Гастеллойи хуæдтæхæг иссугъдæй. Гастелло æхе сæр фæйервæзунбæл нæ байархайдта. Е уидта знаги бензини æма тохæндзаумаути скълад, берæ танкитæ æма гитлеронти дзугур.

Æ содзгæ хуæдтæхæги Гастелло уордæмæ исаразта. Артæй нигупп ластонцæ знаги скъладтæ. Берæ танкитæ æма гитлеронтæ фесавдæнцæ еци рауæн. Гастелло æхуæдæг дæр рамардæй. Е æ цард нæ бавгъау кодта æма'й равардта Фидибæсти сæраппгонд. Фæллойнæгæнæг адæм некæд феронх кæндзæнæнцæ герой Гастеллой ном.

Советон уæлдæфон флот нæ социалистон бæсти гъæуай кæнуй знæгтæй: ниддæрæн кодта цъаммар лæгхуар фашистти. Хъæбæр берæ агъаз кæнунцæ хуæдтæхгутæ несдур социалистон хæдзарадæн, ласунцæ почтæ, иоссажиртæ, алли хузон уæззау дзаумаутæ.

**Æгас цæуæнтæ нæ уæлдæфон флот æма нæ бæгъатæр тæхгутæ!**

---

Ка фæттахтæй фиццагдæр Цæгати полюсбæл Цæгат Америкæмæ?

Ка ма фæттахтæй никкидæр? Ци æнхус æнцæ аэроплантæ несдур социалистон хæдзарадæн? Ка'й Гастелло?

## Ополченецты марш.

Тох, хъæбатыр гуырдтæ!
Тох, Кавказы фырттæ,
Не'ппæт дæр карз хæстмæ цом!
Цыргъ—нæ номдзыд кæрдтæ,

Рæвдз—нæ хæцæн гæрзтæ,
У нæ тохы ныфс æндон!

Цом, нæртон цæргæстæ,
Цом, ныфсхаст уаритæ,
Не стæм цагъайрадæн гуырд!
Мах æрра фашизмæн—
Стонг куыйты æрдонгтæн—
Радтæм мæлæтдзаг ныхкъуырд!

Тох, хъæбатыр гуырдтæ,
Тох, Кавказы фырттæ,
Сиды нæм фæтæг, цæуæм!
Мах нæ дзадджын фæзтæ,
Мах нæ уарзон бæстæ
Знæгтæй расыгъдæг кæнæм!

Цом, нæртон цæргæстæ,
Цом, ныфсхаст уаритæ,
Знаг æрцæудзæнис бындзагъд!
Цыргъ—нæ номдзыд кæрдтæ,
Рæвдз—нæ хæцæн гæрзтæ.
Тохы цыт уыдзæнис мах!

## Павлик нæ тæхгутæн куд фæйагъаз æй.

Æфсæддон тæхгути штаб ци хæдзари адтæй, уордæмæ бацудæй минкъий биццеу. Цæмæн æрбацудæй, уой командирæй æндæр некæмæн гъæр кодта æма, уой дæр, куд неке сæмæ игъустайдæ, уотемæй. Иннетæ еугурæй дæр азгъунстæй ку рацудæнцæ, уæд биццеу загъта, немуци хуæдтæхгутæн сæ бунат кæми æй æма си цал æма ци хузæн аэроплантæ ес, уой дин радзорунмæ гъавун, зæгъгæ.

— Æма сæ ду ба цæмæй зонис?—бадес кодта командир.

— Æз æгас къуæре уоми фæдтæн.

— Цæргæ дæр уоми кæнис?

— Нæ, æз аци'рдигон дæн.

Æма биццеу,—æ ном Павлик,—радзурдта дессаги хабар.

Павлики хъæбæр фæндадтæй Советон Æфсадæн банхус кæнун. Мæстæй ихæлгæй-еу кастæй, немуци хуæдтæхгутæ не'фсæдти нихмæ тохунмæ куд тахтæнцæ, сабур цæргутæбæл бомбитæ куд æргæлдзиуонцæ, пулеметтæй сæ куд цагътонцæ, уонæмæ. Павлик некæмæн неци исгъæр кодта, уотемæй рараст æй знæгти хуæдтæхгути бунат, аэродром агорæг. Берæ фæццудæй, немуци хуæдтæхгутæ-еу кæци 'рдигæй æрбатахтæнцæ, еци 'рдæмæ.

Бустæги фæстаг, еу усдур гъæуи рази иссердта, ци агурдта, уой. Павлик сонт-монтæй нæ фæццавта æхе еци гъуддаги. Е æрцардæй еу зæронд уосæмæ, балимæн æй гъæуй сувæллæнтти хæццæ, уонæй отряд исаразта, æ фæндитæ син исгъæр кодта, æма уæд райдæдтонцæ æнвæндæй косун. Биццеутæ еу гъазгæ-гъазгæй сæхе байстонцæ хуæдтæхгути лæууæн бунатмæ, кæми мети къубæртти хæццæ кæрæдзей расорæ-басорæ кæнгæй, кæми ба къахдзонугътæбæл бургæй. Немуцæгтæ мæстгун кодтонцæ, биццеути-еу уордигæй расориуонцæ, еу хатт ба Павлики нийахæстонцæ æма'й хуарз исцъæхтæ кодтонцæ.

— Усдур боз, æмбал, — загъта тæхгути командир Павликæн. Мах рагæй ку агорæн еци хуæдтæхгути бунат.

Минкъий биццеу командирæн лæмбунæгæй радзурдта, хуæдтæхгутæ ци рауæн римæхст æнцæ, тæхгути хуæрæндонæ кæми'й, се штаб ци уавæр хæдзари æй, бензин æфснайæн бунат хуæдтæхгути лæууæнæй цал метри идарддæр арæзт æй, уонити.

Дуккаг бон бæгъатæр советон тæхгутæ къуарæй ратахтæнцæ. Павлик кумæ байамудта, еци рауæнмæ, знаги хуæдтæхгутæбæл бомбитæ æргæлстонцæ æма си 35 хуæдтæхæги ниппурх кодтонцæ.

## Радио.

Анзæй-анзмæ зингæлдæр бунат ахæссуй радио адæми царди медæгæ. Радио ес нæ бæсти алли рауæнти: горæтти, гъæути, идард цæгати станцити азгъунстити медæгæ, наути, æфсæйнаг фæндаги вагæнтти; автомобилти,



хуæдтæхгути æма æндæр рауæнти.

Радиой фæрци ес идард горæтæй лекцитæмæ игъосæн æма уотемæй ахурдзийнадæ райсæн.

Радиой игъосæн ес зармæ, цагъдмæ, докладмæ æма æндæртæмæ.

## Уыци-уыцитæ.

Базон, базон, уый та циу,—
Нæу цæргæс, бæлон, йе цъиу,
Фæлæ уый тæхы бæрзæндты,
Хæхтæн, быдыртæн сæ сæрты,
Æмæ бæстæтæм кæсы;
Йемæ адæмы хæссы,—
Афтæмæй йын уд дæр нæй.
У æфсæн æмæ хъæдæй!

Цæй, уæдæ,—уыциу-уыциу,
Базон ноджы,—уый та циу;
Къулыл ауыгъдæй лæууы,
Хъæлдзæг зарджытæ кæны.
Зоны хабæрттæ æппæтдæр,
Авд æфцæгæй дæр æттæдæр,
Æмæ чи бады йæ цуры,
Уыдонæн сæ уый фæдзуры!

## Челюскинонтæ.

Науæ „Челюскин“ рандæй идард балций Цæгат Ехгун океани. Идардæй-идарддæр накæ кæнуй „Челюскин“. Бурдæнтæ, думгитæ хъæбæрæй-хъæбæрдæр æлвасун байдæдтонцæ науи æма ин бустæги фæстаг ба æ фарс батудтонцæ. „Челюскин“ дон æма ехæй идзаг кæнун байдæдта.

Челюскинонтæ, капитани командæмæ гæсгæ, райдæдтонцæ æфснайун ехмæ сæ ес, сæ бон: хуæруйнаг, уо-



сæнгтæ, царæй гъæццолтæ, нефть, æвзалу æма алли æндæр дзаумаутæ.

Науæ уайтагъд дони бунмæ цæун байдæдта. Лæгтæ, уоститæ сæ сувæллæнтти хæццæ байзадæнцæ ехти сæрбæл, уазал мет æма бурдæнти 'хсæн талинги. Еци гъуддаг æрцудæй 1934 анзи 13 феврали. Челюскинонтæ нæ фæттарстæнцæ, уайтагъд сæхецæн искодтонцæ уосæнгтæ, æрсагътонцæ радио, æма хабар фегъосун кодтонцæ Мæскумæ.

Советон хецауадæ уац райста æма батагъд кодта сæ фæйервæзун кæнунбæл.

Ехи уæле цæрун адтæй хъæбæр зин. Алли секунд дæр тæссаг адтæй адæмæн фесæфунæй, фал бæгъатæр адæм сæ куст нæ уагътонцæ, карз æрдзи нихмæ тох кодтонцæ. Сæ нифс некæд басастæй, уомæн æма етæ зудтонцæ, нæ социалистон райгурæн бæстæ еугур мадзæлттæ дæр ке бакæндзæнæй æма сæ ке фæййервæзун кæндзæнæй.

Цалдæр хатти сæ багъудæй нæуæг аэродромтæ аразун ехи уæле.

Æнгъæл кастæнцæ хуæдтæхгутæмæ...

Молоков, Каманин, Водопьянов æма æндæртæ фæттахтæнцæ, Сталини дзурдмæ гæсгæ, парти æма хецауади дзурдмæ гæсгæ æнхус кæнунмæ. Еци тæхгутæ кустонцæ сæ фæллад нæ уадзгæй, сæ цардбæл нæ ауæрдгæй сæ гъуди адтæй айдагъ челюскинонти тагъддæр цæмæй фæйервæзун кæнонцæ, е. Берæ фудæбæнттæ æма тох фæккодтонцæ еци бæгъатæр тæхгутæ мегъти

5*

хæццæ, бурдæнти æма гъизти хæццæ. Тæхгутæ уонæбæл фæууæлахез æнцæ.

Челюскинонти ехи сæрæй рахастонцæ зæнхæмæ. Еугурæй дæр фæййервазтæнцæ.

Æгас дуйне дес кодта советон тæхгути æма челюскинонти хъаурæ æма арæхстдзийнадæбæл.

Советон хецауадæ усдур аргъ искодта аци бæгъатæр адæмæн: равардта син ордентæ æма æндæр хуæрзеугутæ. Бæгъатæр советон тæхгутæн лæвæрд æрцудæй нæ бæсти кадгиндæр ном: Советон Цæдеси Геройи ном.

---

Ка рандæй идард балций?
Ци фæцæй науæ „Челюскин"?
Ка фæййервæзун кодта Челюскинонти?

## Тогæйдзаг хуцаубон.

(1905-аг анзи 9-аг январь).

1905 анзи 9-аг январи (нæуæг нимадæй 22-аг январи) Петербурги (уотæ хундтæй уæд Ленинград) косгутæ æмбурдæй корæг рандæнцæ паддзахмæ. Етæ курдтонцæ сæ цард фенцондæр кæнун. Косгутæ уæд кустонцæ12—14 сахатти бонæ. Фуд цардæй цардæнцæ. Сæ царди фадуæттæ



адтæнцæ лæгъуз. Нæбал фæразтонцæ уæхæн цардæй цæрун. Фудгин худтонцæ заводти хецæутти. Паддзахи ба фудгин нæ худтонцæ, худтонцæ'й сæ фидæ.

Ци курдтонцæ, уой гæгъæдибæл ниффинстонцæ. Хуцаубони, сæумæ, æрæмбурд æнцæ, сæ разæй рахастонцæ паддзахи хузæ, дзиуари турусатæ æма дзиуæртти хузтæ. Сæ хæццæ цудæнцæ сæ уоститæ æма сæ сувæллæнттæ дæр. Дзиуари зартæ кæнгæй, цудæнцæ æнцад.

Паддзах син сæ размæ рарвиста æфсæдтæ. Бахъæрттæнцæ адæм. Салдæттæ ралæудтæнцæ адæми цæгъдунбæл. Берæ адæм сæ тог никкалдтонцæ.

Адæм балæдæрдтæнцæ, паддзах сæ гъæуайгæнæг ке нæй, фал сæ фуд знаг ке æй, уой.

Уæдæй фæстæмæ косгутæ сæ революцион тох уæлдай тухгиндæрæй кæнун байдæдтонцæ.

Кæмæ цудæнцæ Петербурги косгутæ 9-аг январи?
Ке худтонцæ косгутæ фудгин, сæ царди фадуæттæ лæгъуз ке адтæнцæ, уой туххæй? Ци балæдæрдтæнцæ адæм?

## Ленин.



Ленин адтæй косæг адæми раздзæуæг, коммунистон партий разамонæг æма æ исаразæг, дуйней пролетартæн зунд амонæг. Ленин райгурдæй Симбирски горæти 1870 анзи. Фиццаг Ленин ахур кодта гимнази. Фæцæй æй каст хъæбæр хуарз, сугъзæрийнæ майдани хæццæ. Бацудæй идарддæр ахур кæнунмæ Хъазани университетмæ. Уоми революцион куст кæнун райдæдта.

Уой туххæй æй университетæй рацох кодтонцæ. Æ революцион куст нæ ниуагъта уæддæр. Косгутæн лæдæрун кодта, сæ'цард фæххуæздæр кæнуни туххæй сæ хецаудзийнадæ сæхемæ райсун ке гъæуй, уой.

Ленин адтæй косгутæн сæ хуæздæр æмбал, сæ хуæз-

дæр хæлар. Е тох кодта капиталистон царди æгъдæуттæ еугурæйдæр райевунбæл. Уой фæндадтæй уотæ бакæнун, цæмæй косгæ ка кæнуй, уонæн се 'нхуæцемæн дæр арæзт æрцæуа хуарз цард.

Ленин æма Сталин æмбурд кæнун райдæдтонцæ, косгути фарс ка'дтæй, уони. Уæхæнттæ фулдæрæй-фулдæр кодтонцæ, æма федарæй-федардæр кодта косгути парти, коммунистти парти. Парти уидта, æнæ тохæй ке неци бакæнæн ес, уой. Уой лæдæрун байдæдтонцæ еугур бæстити косгутæ дæр.

1917 анзи Октябри Ленини разамундæй косгутæ салдæтти хæццæ еумæ рагæлстонцæ паддзахи, помещикти æма капиталистти хецаудзийнадæ. Зæнхæ уонæй байстонцæ, байстонцæ фабриктæ æма заводтæ æма аразун райдæдтонцæ сæребарæ цард.

Ленин æма Ленини парти косæг классæн æнхус кодтонцæ нæуæг цард аразунæн. Коммунистон партий разамундæй нæ бæсти косгутæ æма зæнхкосгутæ исаразтонцæ сæхецæн нæуæг, амондгун цард, исаразтонцæ социалистон паддзахадæ—Советон Социалистон Республикти Цæдес.

Ленин рамардæй 1924 анзи 21-аг январи Горкæти гъæуи, Мæскумæ хæстæг.

---

Кæми райгурдæй Ленин?
Цæбæл тох кодта Ленин?
Куд ахур кодта Ленин?
Кæд рамардæй Ленин?



# Владимир Ильич Ленин.

(Косæг Иванови радзурд).

*1. Цæбæл ахур кодта Ленин мах.*

Е адтæй раги. Кустон æз уæд Петербурги еу фабрики.



Еу хатт мæмæ заводи косгутæй еу æмбал æрбацудæй æма мин загъта: цæуæн косгути æмбурдмæ. Фæххудта мæ æ хæццæ.

Не 'рцудмæ æмбурди адтæй еу 30 адæймагей бæрцæ. Æз ке нæ зудтон, уæхæнттæ си берæ адтæй. Еу ниллæггомау лæг хъæбæр зæрдиуагæй дзурдта:

— Сумах судæй мæлетæ, уæ хецæуттæ ба уæ фæллойнæй гъæздугæй тъæпп хаунцæ, нæрсунцæ. Фæссорун гъæуй паддзахи æма бонгинти, æма бартæ гъæуама нæхе къохтæмæ райсæн. Фал æнхузонæй, æнзæрдæй ку нæ исистæн, уæд нæ гъуддаг нæ рауайдзæнæй. Косгутæ гъæуама байеу уонцæ. Гъæуама мах исаразæн косгутæй федар парти. Еци парти косгути революцион змæлдæн дæттдзæнæй разамунд. Æма уæд фæууæлахез уодзинан мах.

Лæмбунæг игъустонцæ косгутæ дзорæгмæ. Æз мæ-

хуæдæг дæр лæугæй байзадтæн мæ фур десæй. Балæдæрдтæн уæд, дзорæг нин æцæг фæндаг ке амудта, уой.

Æмбурди фæсте базудтон: е адтæй æмбал Ленин.

## 2. *Уæлахездзийнадæ.*

Ленини ку фæууидтон, уæдæй нурмæ æгириддæр мæ зæрдæй нæбал цох кæнуй. Уæдæй фæстæмæ косгути къуæрттæмæ арæх цæун байдæдтон. Уоми базонгæ дæн Ленини ахурдзийнади хæццæ, æма партимæ бацудтæн.

Хъæбæр уарзтонцæ косгутæ Ленини. Е адтæй махæн нæ хуæздæр хæлар, нæ хуæздæр æмбал. Нæ уарзтонцæ Ленини капиталисттæ.

Паддзахи дзамани Ленин бадтæй ахæстони. Сибирмæ дæр къуар хатти адтæй æрвист. Паддзахи жандармтæ æ фæдбæл зилдæнцæ. Ленинæн гæнæн ку нæбал адтæй, уæд фæсарæнмæ райста æхе. Фал уордигæ дæр косгути змæлдæн лæвардта разамунд.

1914 анзи райдæдта тугъд. Берæ адæм фесавдæй еци тугъди. Берæ хæттити амудта Ленин фæсарæнæй: ниууадзетæ тугъд. Тугъд айдагъдæр бонгинти гъæуй. Уæ гæрзтæ раздахетæ уæхе капиталистти нихмæ.

Ралæудтæй 1917 анз. Нæбал адтæй сæ бон косгутæн æма зæнхкосгутæн. Исистадæнцæ еумæ салдæтти хæццæ æма рагæлстонцæ паддзахи.

Фиццаг райдайæни бартæ бафтудæнцæ бонгинти къохи. Фал уалинмæ Ленин фæсарæнæй æрбаздахтæй. Ленин æма большевикон партий разамундæй 1917 анзи октябри мæйи косгутæ фæссурдтонцæ капиталистти. Косгутæ бартæ сæхе къохмæ райстонцæ æма исаразтонцæ Советтæ. Советон бæсти сæргъи æрлæудтæй Владимир Ильич Ленин.

## 3. *Æнæ Ленин.*

1918 анзи классон знæгтæ Ленини фæццæф кодтонцæ. Исдзæбæх æй Владимир Ильич æма бабæй æ усдур кустити сæргъи æрлæудтæй. Партийæн æма æвзонг советон бæстæн разамунд дæдтгæй, æнæ æринцойнæ гæнгæ куста Ильич.

Фал цæф, уæдта тухгин куст багъигæ дардтонцæ Ленини æнæнездзийнадæ. Хуæздæр дохдиртæн дæр сæ

бон нæбал бацæй косгути класси уарзон раздзæуæги фæйервæзун кæнун.

Ленин æ цард еугурæй дæр равардта фæллойнæгæнæг адæми иссæребарæ кæнунбæл.

Ленини марди æвæрæн бони æгас бæсти медæгæ несдур гъинцъуни нисанæн фондз минуттей дæргъи еугур змæлд ниллæудтæй. Ниллæудтæнцæ заводтæ, фабриктæ, поездтæ, трамвайтæ, автомобилтæ. Фондз минуттей дæргъи заводти гудоктæ уастонцæ зæрдæунгæгæй.

Сауæй фæлуст сурх турусатæбæл адтæй финст:

**Ленин рамардæй, фал æ гъуддаг цæруй.**

## Косгути æмбал.

Уати фарсбæл портрет ауигъд. Вася дзоруй æ фидæмæ:

— Дада, радзорæ-ма мин уой туххæй.

— Æма æй зонис ка æй, уой?

— Зонун. Е æй Ленин.



— О, е Владимир Ильич Ленин æй. Нæ уарзон, нæ ахсгиаг фæтæг. Мах, косгутæ, лæгъуз цард кодтан уæди рæстæги. Нæ куст адтæй уæззау. Кустан сæумæй талингæмæ, фал цардан стонгæй. Берæ кустан заводи. Заводи хецау адтæй Данилов — е æхуæдæг косгæ нæ кодта. Æ астæу нæ тасун кодта, уотемæй цæргæ ба кодта хъæбæр гъæздуг цардæй.

Кæцæй имæ цудæй алци дæр? Мах кустан уомæн.

Нæ кустæн нин фиста минкъий мизд, раст зæгъун гъæуй, стъигъта нæ. Нæ фæллойнæй гъæздуг кодта. Уомæ завод дæр адтæй, æхца дæр, машинттæ дæр. Махмæ ба нæ косгæ къохтæй идарддæр неци адтæй. Барæй-æнæбари дæр цудан уомæ косунмæ. Уотæ æрмæст Данилови заводи нæ адтæй. Уотæ адтæй еугур заводти æма фабрики дæр.

Гъæути зæнхкосгутæн дæр сæ цард адтæй лæгъуз. Зæнхæ сæмæ адтæй минкъий, помещиктæмæ ба адтæй берæ зæнхæ. Зæнхкосгутæ кустонцæ помещиктæн. Помещиктæ цардæнцæ гъæздуг, зæнхкосгутæ ба—мæгур.

Помещиктæ æма капиталисттæ адтæнцæ æмварс. Сæ фарс адтæй се'гасемæй сæйрагдæр, се'гасæй гъæздугдæр помещик паддзах. Е адтæй се'гасемæн дæр хецау. Е уæхæн æгъдæуттæ æвардта, кæцитæ адтæнцæ хуарз æрмæст помещиктæн æма капиталисттæн. Косгутæ æма зæнхкосгутæн ба еци æгъдæуттæмæ гæсгæ хъæбæр зин цæрæн адтæй.

Ленин адтæй косгути хæлар æмбал. Уой фæндадтæй еци æгъдæуттæ райевун. Ленини фæндадтæй, цæмæй, ка косуй, етæ еугурæй дæр хуарз цардайуонцæ. Ленин тох кодта косгути гъуддагбæл.

Ленин æмбурд кæнун байдæдта, косгути гъуддагбæл ка куæстæй, уони. Етæ фулдæрæй-фулдæр кæнун байдæдтонцæ, тухгинæй-тухгиндæр кодта косгути парти, коммунистон парти. Парти уидта, æнæ тохæй ке неци ес бакæнæн, уой. Уой лæдæрун байдæдтонцæ еугур бæстити косгутæ дæр.

Косгутæ уарзтонцæ Ленини, помещиктæ æма капиталисттæ ба си сесæфт уидтонцæ. Паддзахи пъæлицæ-еу Ленини нийахæста, бакодта-еу æй ахæстони, рарвиста-еу æй идард Сибирмæ. Ленин рандæй фæсарæнмæ æма уордигæй финста косгутæмæ, ци сæ кæнун гъæуй, уой туххæй. Уæдта фæстæмæ æрбаздахтæй æма разамунд лæвардта егур тохæн дæр.

1917 анзи феврали мæйи косгутæ салдæтти хæццæ еумæ (уæд адтæй тугъд) фæссурдтонцæ паддзахи, уæдта бабæй 1917 анзи 7 ноябри фæссурдтонцæ помещикти æма капиталистти дæр. Байстонцæ уонæй хецауадæ, зæнхæ, уæдта бабæй фабриктæ æма заводтæ æма рай-

дæдтонцæ сæхе æгъдæуттæ æвæрун. Паддзах нæ, помещиктæ æма капиталисттæ нæ, фал косгутæ æма зæнхкосгутæ сæхуæттæ райдæдтонцæ советти медæгæ унаффæ кæнун æма сæ гъуддæгутæ аразун. Е уонæн адтæй нæуæг гъуддаг. Ленин æма æ парти косгути кодтонцæ еци нæуæг фæндагбæл æма син æнхус кодтонцæ цард нæуæг æгъдаубæл исæвæрунæн.

Берæ багъудæй Ленини косун. Берæ куст ин адтæй. Владимир Ильич фæссæйгæй, æма 1924 анзи рамардæй.

Мах хъæбæр фæхъхъурмæ кодтан, Вася. Ленин рамардæй, фал ци дзурдта, ци амудта, уой мах некæд феронх кæндзинан, нæ кусти медæгæ алци дæр кæнæн, Ленин нин куд амудта, раст уотæ. Куст, цард нæуæг æгъдаубæл аразæн.

Скъолай дин бæлвурддæр радзордзæнæнцæ Ленини туххæй. Æз дæр ма дин берæ радзордзæнæн уой туххæй, берæ ма ес радзорæн.

## Иосиф Виссариони фурт Сталин.



Ка нæ зонуй æмбал Сталини? Зонунцæ'й æма æй хъæбæр берæ уарзунцæ, хонунцæ æй уарзон еугур косгутæ, колхозонтæ, нæлгоймагæй, силгоймагæй, еугур фæллойнæгæнгутæ зæрондæй, нæуæгæй, уруссагæй æма æндæр адæмтæй.

Сталин æй косæги фурт, гурдзиаг, райгурдæй æма исгъомбæл æй Кавкази, Гурдзистони. Сувæллон ма адтæй,

уæддæр уидта, паддзах, помещиктæ æма капиталисттæ куд тухæ кодтонцæ алли адæмти муккагæй косгутæн æма зæнхкосгутæн. Хуæрз æригонæй райдæдта е тох кæнун паддзахи хецауади æвæрд æгъдæутти нихмæ. Еци æгъдæутти нихмæ е тох кодта е'мбæлтти хæццæ еумæ косгути хæццæ еумæ. Сталин адтæй бæгъатæр. Паддзахи хецауадæ æ фæдбæл зилдæй. Сталин берæ хæттити бадтæй ахæстони. Рарвистонцæ-еу æй хъæбæр идард рауæнтæмæ. Е-еу уордигæй дæр ралигъдæй æма бабæй-еу райдæдта революцион куст кæнун.

---

Кадгин Октябри Социалистон революци цæттæ кæнунбæл хъæбæр берæ бакуста Сталин.

Помещиктæ æма капиталисттæ æнцонæй нæ равардтонцæ сæхе. Етæ гъавтонцæ зæронд æгъдæуттæ раздахунмæ, „Ленини, большевикти, косгути æма зæнхкосгути фесафунмæ. Фал син нæ бантæстæй е. Цалдæр анзи цудæй тох. Ленин æма Сталини разамундæй Советон хецауадæ фæуyæлахез æй.

Ленин æма Сталин иннæ æмбæлтти хæццæ аразун байдæдтонцæ цард нæуæг æгъдаубæл.

Ленин рамардæй, парти æ куст идарддæр хæссуй. Сталин косуй æнæ æринцойнæй, кссуй уобæл, цæмæй Ленини гъуддаг кæронмæ рахæццæ уа. Парти æ разамонæг æма æ фæтæг Сталини фæрци æма фæллойнæгæнгути хъаурæй хъæбæр берæ арæзт æрцудæй а-фæстаг æнзти дæргъи нæуæг фабриктæ æма заводтæ. Сæ куст æгасемæй дæр æй хуæздæр æвæрд. Раздæр мæгур цард ка кодта, раздæр лæгъуз ка цардæй, есгæмæн ка куста, еци зæнхкосгутæ нур цæрунцæ колхозти, косунцæ сæхецæн æхсæни пайдайæн,æнхус кæнунцæ кæрæдземæн æма гъæздуг цард кæнунцæ.

Сувæллæнттæн дæр сæ цард æй хуæздæр. Алли рауæн дæр ес рæвдауæндæнттæ, сувæллæнтти фæзтæ, сувæллæнттæ се'гас дæр ахур кæнунцæ.

Кардзуд адæм дæр ахур кæнунцæ. Нур берæ ес радиотæ, кино-театртæ, театртæ, клубтæ, библиотекитæ. Хæларæй цæурнцæ нæ бæсти еугур адæмтæ: урус,

украинæгтæ, тæтæр, башкиртæ, гурдзи, ирæ, сомех, дзиуиттæ æма æндæртæ.

---

Кæми райгурдæй Сталин?
Ке хæццæ цæттæ кодта Сталин Устур Октябри Социалис-революци?
Цæй туххæй уарзунцæ фæллойнæгæнгутæ æмбал Сталини?

## Авдæни зар.

Ходуй мæйæ дæ базмæ.
Бæргæй фæндуй дæ размæ!
Булла-булла-дæгетæ,
Мингий биццеу, мæ гедæ.

Æстъалутæн бæрзондмæ
Ма кæсæ ду сæ кондмæ,—
Ду си, мæ хор, хуæздæр дæ,
Булла-булла, мæ зæрдæ.

Хуссуй алке хæдзари,
Налат мистæ—фæсдуари.
Гъæйдæ, ду дæр буллатæ,
Дзорон дин æз аргъаутæ.

Адтæй дæуæн хуарз фидæ,
Фур берæ дæу уарзидæ,
Д'авдæнæ дин уозидæ,
Дæ конд, уиндæй боз уидæ.

Кæнгæй цийнæ, æдзохти
Даридæ дæу æ къохти;
Кæнидæ дин гъар батæ,—
Булла-булла-буллатæ.

Фал уæд не‘знаг Цæдесмæ
Ку ’рбампурста,—фæдесмæ
Райста ейæ æ гæрзтæ,
Рандæй тохмæ æдæрсгæ.

Рандæй махæй изолмæ,
Содзгæй æ маст фудголмæ,
Æд топп, æд кард æдзохи
Цудæй разæй и тохи.

Дууæ анзи е æ цæстæ
Не’рфæлкъуæртта,—нæ бæстæ
Кодта гъæуай æзнагæй,
Фуд рун æма сау маргæй.

Уогæй дæуæй идарди,
Адзали ’хсæн, æнкъарди,
Гъизт зумæги, зинг сæрди,—
Дардта дæу ном æ зæрди...

Фал кæд уомæй бартæстæ,—
Нæ дæ седзæр: нæ бæстæ
Уодзæй дæуæн дæ хæццæ,—
Булла-булла, мæ дзæццæ.

Æрмæст зонæ де’хæстæ:
Уарзæ, уоййау, дæ бæстæ.
Кæд знаг гъава нæ цардмæ,—
Лæборæ уæд дæ кардмæ.

Ходуй мæйæ дæ базмæ,
Хонуй дæ е æ размæ,
Ма ймæ комæ,—райрæзæ,
Царди тонхæн рабæззæ.

Æстъалутæн бæрзондмæ
Ма бæллæ ду сæ кондмæ,
Ду си, мæ уод, хуæздæр дæ,
Булла-булла, мæ зæрдæ.



## Мах æвзарæн советтæмæ.

Махмæ разамунд дæдтунцæ фæллойнæгæнгути депутатти Советтæ.

Советтæмæ мах æвзарæн Сталинон Конституцимæ гæсгæ.

ÆГАС НÆМÆ
ЦÆУÆД
СТАЛИНОН
КОНСТИТУЦИ!

## Сталин—дзилли амонд.

Махæн фæрсаг
Никкæнунцæ,
Рохс æрттевгæй,
Нæ къæдзæхтæ,
Ниффелаугæй—
Нæ рохс бæстæ:

„О нæ зæрдæ,
Цитгин Сталин,
Дзиллæ 'взаруй
Дæу Советмæ,
Дæуæн дæттуй
Æ гъæлæстæ!"...

Фудæзнаги
Сау гъуддагæй
Гъæуайгонд ан
Дæу амундæй,
Дæу цæстити
Рохси кондæй!

Сæребарæ—
Царди цийнæ,
Дæу æхсарæ—
Хорзæрийнæ
Ниццæй зарæн
Мах бæрзондæй.

Хуæнхти бунæй—
Тар лæгæттæй,
Зæнхи хурфæй,
Цъифæ цадтæй
Дзилли рохсмæ
Ду ракодтай.

Æнæсæтгæ
Усдур бæсти,
Сæребарæ
Уарзаг дзилли
Фесгун, нивгун
Ду искодтай!

Нæ къæдзæхти,
Нæ будурти,
Цитгин Сталин,
Рохс итаугæ,
Ку цæфсунцæ
Дæ цирæгътæ!

Хонх идзулуй,
Ком ба ходуй,
Рохс ивулуй,
Хъазбег заруй,
Æрттевунцæ
Йе'ндон рæгътæ...

Ду нин, Сталин,
Нирохс кодтай
Тар æностæ,
Развæндæгтæ
Дæ цæстингас—
Хорæй рохсдæр.

Ду дæ, Сталин,
Дзилли цийнæ,
Дзилли амонд;
Райсæ салан
Нæ Кавказæй,
Нæ адæмæй!

Нæ фæндури
Заргæ хъурæй
Бацæй-зарæн:
„О нæ цийнæ,—
Уарзон Сталин,
Ду-нæ кадæ!

Ду æносмæ
Ку цæрдзæнæ
Æхсаргинæй
Дзилли зæрди
Нæ рохс бæсти—
Дзилли мади!“

Махæн фæрсаг
Никкæнунцæ,
Рохс æрттевгæй,
Нæ къæдзæхтæ,
Ниффелаугæй—
Нæ рохс бæстæ:

„Дзилли амонд—
Цитгин Сталин!
Дзиллæ взаруй
Дæу Советмæ,
Дæуæн дæттуй
Æ гъæлæстæ!“

## Сталинон Конституци.

Сталинон Конституций (Бундорон закъони) финст æрцудæнцæ советон гражданини бартæ,—дуйней медæгæ еунæг адæммæ дæр ка нæма адтæй, уæхæн бартæ косуни барæ, ахур кæнуни барæ, фæлладуадзуни барæ æма никки æндæртæ.

Сталинон Конституций финст æрцудæй, социализм Советон бæсти медæгæ бунтон æма æнæраздахгæ ке фæуузæлахез æй, е.

Сталинон Конституци бунтондæр æнхузон бартæ дæттуй еугур адæмтæн дæр. Алли гражданинæн дæр нæ Конституци дæттуй фæллойнæ кæнуни барæ. Алли гражданинæн дæр нæ Конституци дæттуй фæллад уадзуни барæ. Еугур граждантæн дæр нæ Конституци дæттуй ахур кæнуни барæ. Нæуæг Конституций ном иссеруни туххæй Конституций исфедар кæнæн бон, 5 декабрь, нимад æрцудæй еугур адæми бæрæгбонбæл.

## Нæ райгурæн бæстæ.

Нæ райгурæн бæстæ æй Советон Социалистон Республикти Цæдес. Мах берæ уарзæн нæ райгурæн бæсти.



ССР Цæдес æй домбай индустриалон бæстæ. Ес си берæ фабриктæ æма заводтæ. Етæ нин дæттунцæ алли хузон машинттæ.

ССР Цæдес æй социалистон гъæууон хæдзаради бæстæ: ес си берæ совхозтæ, МТС-тæ æма колхозтæ.

ССР Цæдес æй еугур ахури бæстæ: ес си берæ скъолатæ, клубтæ æма библиотекæтæ.

Нæ бæсти фæллойнæгæнгутæ цæрунцæ амондгун, игъæлдзæг, гъæздуг цардæй.

Еци рæсугъд цард фæллойнæгæнгутæн исаразта большевикон парти, Ленини æма Сталини разамундмæ гæсгæ.

МТС-ти ес алли хузон гъæууон хæдзарадон машинттæ: трактортæ, тауæн машинттæ, комбайнтæ, картофкъахæн æма аразæн машинттæ æма æндæртæ.

Колхозти æма совхозти хумæ кæнунцæ трактортæй, хуартæ таунцæ машинттæй, мæнæуæ æфснайунцæ комбайнтæй, картоф къахунцæ картофкъахæн машинттæй, къумбул къахунцæ къумбулкъахæн машинттæй.



Колхозтæ æма совхозтæ æрæфснайунцæ берæ хуар.

Нæ бæсти фæллойнæгæнгути рæсугъд цард ихалун фæндæ искодтонцæ германаг фашисттæ. Цъаммар фашистти фæндæ нæ рауадæй. Нæ цитгин Советон Æфсад фæллойнæгæнæг адæми хæццæ еумæ ниддæрæн кодтонцæ цъаммар гитлеронти æма Япони империалистти.

Тох кæнæн æмбал Сталини фæдзæхст хуарз исæнхæст кæнунбæл, нæ бæстæн хуар, фид æма алли продукттæ фулдæр радтунбæл!

## Ци конд æрцудæй Ленини фæдзæхститæмæ гæсгæ.

Конд æрцудæй берæ заводтæ æмæ фабриктæ; берæ усдур рохс хæдзæрттæ косгутæн.

Горæтти, гъæути конд æрцудæй косгутæн æма колхозонтæн скъолатæ, библиотекитæ, клубтæ.

Байгонæй косгутæ æма колхозонтæн санаторитæ æма уолæфæн хæдзæрттæ.

* * *

Ленин адтæй косгутæ æма зæнхкосгути лимæн. Уой фæндадтæй, цæмæй, косгæ кадæр кæнуй, етæ хуарз цардайуонцæ.

Ленин рамардæй, фал некæд феронх кæндзинан, е цæбæл ахур кодта, уой. Мах аразæн цард Ленини фæдзæхститæмæ гæсгæ.

## Советон Æфсад.

**„Есге зæнхæй нæ еу улинкъи бæрцæ дæр нæ гъæуй. Фал нæхе зæнхæй дæр, еу вершок дæр нæхе зæнхæй некæмæн раттдзинан“.**

(*Сталин*).

Советон Цæдеси медæгæ хецаудзийнадæ æй фæллойнæгæнæг адæми къохи. Мах нæ гъæуй есге зæнхитæ. Нæ райгурæн бæсти ес нæ фагæ алли хæзнатæ. Алли хузон берæ адæмтæ цæрунцæ махмæ æнсувæрти цардæй. Советон Цæдеси адæмтæ исаразтонцæ социализм.

Германи фашисттæ сæхе цæттæ кодтонцæ нæ социалистон цард фехалунмæ. Нæ бæстæмæ гадзирахатæй æрбалæбурдтонцæ. Етæ лæгхуари цæстæй кастæнцæ нæ социалистон паддзахадæмæ: мардтонцæ сувæллæнтти, силгоймæгти, нæ советон адæми.



Нæ домбай Советон Æфсад æма Тугъдон-Денгизон флот ниддæрæн кодтонцæ немуцаг лæборгути. Етæ хъазауатæй тох кæнунцæ æма гъæуай кæнунцæ нæ райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнадæ. Нæ еугур бæстæ, нæ бæсти еугур адæмтæ агъаз кæнунцæ не'фсадæн, нæ флотæн, æнхус син кодтонцæ немуцаг фашистти лæборæг æрдонгти ниппурх кæнунæн. Нæ Советон Æфсад парахатæй æфсесгонд цæуй хъæбæр хуарз танкитæй, хуæдтæхгутæй, дзармадзантæй, миноме ттæй, пулеметтæй, уæдта алли дзаума æма хуæруйнагæй.

Советон Цæдесæн е Æфсад æй е'сдур æма æ бæгъатæр æхсарæ.

Советон Æфсад æй Советон Цæдеси арæнтæ æма социалистон цардарæзт гъæуайгæнæг.

*А. Сурков.*

## Хъæбатырты зарæг.

Сау мигътæ зилдухтæ систой,
Арвæрттывд мигъты зыны.
Рыджы æврагъы æхсæнæй
Уадындз фæдис хъæр кæны.

Сталин хъæбатыртæм сиды
Фашистты ’рдонджы ныхмæ.
Сахъгуырды джебогъ нæ хизы,
Сахъгуырдæй нæмыг тæрсы...
Танкæтæ базмæлдысты,
Стахтысты хæдтæхджытæ.
Райгуырæн бæсты сæраппонд
Æфсæдтæ тохмæ цæуынц.
Зарæг хъæбатыртæм сиды,
Зарæг сын цинад хæссы.
Сахъгуырды джебогъ нæ хизы,
Сахъгуырдæй нæмыг тæрсы.
Скæндзыстæм хæсты нæхицæн
Æнусмæйы кад æмæ цыт.
Хæсты уæлахизы цинад,
Зоны æрмæст дæр герой.
Сахъгуырд уæлахизмæ тындзы,
Сахъгуырд-иу размæ кæсы.
Сахъгуырды джебогъ нæ хизы,
Сахъгуырдæй нæмыг тæрсы.
Сахъгуырд знаджимæ тохы
Н’ауæрды хиуыл дæр, нæ.
Сахъгуырд, тырысайау, йемæ
Фæтæджы рухс ном хæссы.
Сахъгуырдтæй Сталин дæр хъал у,
Зæрдæ сæ цинæй нæрсы.
Сахъгуырды джебогъ нæ хизы,
Сахъгуырдæй нæмыг тæрсы.

## Зарæ, мæлгъæ!

Зарæ, мæлгъæ, зарæ,
Цъæх сифтæрæй идзулд!
Æрхаста дин барæ
Аци уалдзæг ивулд.

Зарæ, мæлгъæ, фунау,
Нæбал цæрæн æд тухст.
Зарæ, ести, фарау,
Ку нæй æрдзæ рæхуст.

Зарæ, мæлгъæ, гъæрахст,
Йе ба зæрдæ бæлла,
Йе ба уодти и маст,
Сæрддон ехау, тайа.

Зарæ, мæлгъæ, зæрдæн
Дæ нæртон хъур—адгин,
Æримистай мæнæн.
Мæ гъæубæстæ, мæ синх.

Зарæ, мæлгъæ, зарæ,
Цъæх уалдзæг дин—дзæнæт,
Æз сатæги фагæ
Бæллун, кæнун сæмæт.

## Цуппар æнсувæри.

Мæнæн ес цуппар æнсувæри. Етæ цуппаремæй дæр адтæнцæ тугъди; фашистон Германи æфсæдти пурх кодтонцæ.

Нæ райгурæн бæсти сæраппгонд етæ тох кодтонцæ сæ тоги фæстаг æртæхи уæнгæ.

Финстонцæ нæхемæ, нæ мадæмæ:

— Нæ нийерæг мадæ, мах, дæ хъæболтæ, дæрæн кодтан цъаммар лæгхуар фашистти. Уæлахездзийнæдти хæццæ нур фæццæуæн нæхемæ дзæбæхæй. Нæ мадæ, ма нæбæл мæтæ кæнæ.

Еуæй-еу хатт мин мæ мадæ дзурдта:

„Мæ минкъий уарзон хъæболæ, ма уо фудуаг. Ахур кæнæ æма бæгъатæр уо де'нсувæрти хузæн".

— Æз уарзун ме'нсувæрти. Æз бæздзæнæн фуртæн нæ райгурæн бæстæн,—адтæй-еу мæ дзуапп.

## Арæн гъæуайгæнгутæ.

Зумæг. Мет тъæпæн æрбадтæй зæнхæбæл. Уорс пæлæзæй æмбарзт æнцæ гъæди бæлæстæ. Фæтталингæдæр æй. Изæр. Уазал гъизтдæр кæнун байдæдта. Думгæ скъот кæнуй.

Бæлæсти къалеутæй мети хъæпæнтæ хаунцæ.

Советон æфсæддонтæ, арæн гъæуай кæнгæй, еци-еу хузон цурд каст кæнунцæ размæ. Сæ куй—Каро—зæрдиуагæй фæлгæсуй алли 'рдæмæ.

Рацудæй æмбесæхсæвæй еу дзæвгарæ. Уазал къæрццитæ кæнуй.

Уалинмæ Карой финдзи цъæстæбæл исæмбалдæй фудголти тæф. Каро æ гъостæ фæхъхъел кодта—кæсуй гъæди кæрони 'рдæмæ.

Советон æфсæддонтæ балæдæрдтæнцæ хабар: тухгин къохтæй хъæбæрдæр нилхъивтонцæ топпитæ. Æнгъæл кæсунцæ. Немуцаг разведкæгæнæг бурдæй не 'фсæддонти 'рдæмæ.

Советон æфсæддонтæ сæ куй Карой хæццæ фудголи размæ æнцæ цæттæ. Знагæн æ размæ фæцæнцæ... Фашист дамбацайæй фехста, фал нæ раргъавта.

— Ниллæуумæ, ма фезмæлæ дæ бунатæй!

Каро ибæл æхе нищцавта...

Фашистæн æ сæр æ кой исцæй... Ахæст æрцудæй.

Советон æфсæддонтæ фашисти æрбакодтонцæ командирмæ. Е радзурдта, фашисттæ ци бакæнунмæ гъавтонцæ, уой.

## Дууæ æмбали.

Гъизт зумæг. Мет арф æрæмбарзта зæнхæ. Гъæди æстæу лæудтæй гъæдгæси хæдзарæ. Æ къилдунмæ мети арф нинниxъулдæй сара. Колхозонтæ уоми баримахстонцæ хуартæ немуцаг къæрнихтæй.

Дууæ биццеуи, Вася æма Андрей, уордæмæ рандæнцæ бæрæггæнæг. Берæ фæццудæнцæ, уæдта фæстагæрдæмæ ба бахъæрттæнцæ. Сара æма хæдзарæ баййафтонцæ æнæ гъигæдардæй. Цийнæ кодтонцæ, немуцаг цъаммартæ син сæ хуар ке нæ иссердтонцæ, уобæл.

Дууæ биццеуи бахизтæнцæ хæдзарæмæ. Уалинмæ сæ гъостæбæл æруадæй къалеути къæрццитæ æма бæхти уасун.

— Æнгъæлдæн, немуцаг лæборгутæ нæмæ æрбацæунцæ,—загъта тарстхузæй Вася.

— Еци лæгхуартæ нин нæ хуартæ сæхецæн фæлласдзæнæнцæ,—зæрдæунгæгæй исдзурдта Андрей.

Дууæ бицщеуи кæрæдземæ бакастæнцæ. Сагъæси бахаудтæнцæ. Игъосун бабæй байдæдтонцæ, Вася æ сæр исдардта æма ракастæй, къæрццитæ кæцæй цудæнцæ, еци'рдæмæ. Кæсуй æма уинуй: бæлæсти æхсæнтæй разиндтæнцæ бæхтæ æд сæргътæ. Бæхгинтæ сæ хæццæ на'дтæй. Бæхтæ адтæнцæ фæлмаст, стонг æма цола. Сæ къæхтæбæл ма туххæй лæудтæнцæ.

— Андрей!—фæгъгъæр кодта Вася.—Уæртæ æвддæс бæхи æд сæргътæ æнæ бæхбæл бадгутæй.

Андрей дæр фæккастæй бæхти 'рдæмæ.

— Æвæдзи, еци бæхтæ æнцæ немуцæгти, фал цумæ сæ хецæуттæ кæми 'нцæ, — тарстгомауæй дзурдта Андрей.

— Етæ, æнæмæнгæ, æнцæ немуцæгти бæхтæ, ка ралигъдæй, уæхæнттæ. Кæсæ ма, Андрей, уæртæ фур æстонгæй къалеутæ куд хуæрунцæ. Цæй æма сæ æрахæссæн.

Дууæ бицщеуи исфæндæ кодтонцæ бæхти нийахæссун.

Сарайæй райстонцæ хуар æма фæддзурдтонцæ бæхтæмæ. Бæхтæ фестъæлфтæнцæ, фал ледзгæ нæ фæккодтонцæ. Советон æфсæдтонтæ син сæ цъаммар хецæутти ниццагъдтонцæ. Берæ бæнтти æма æхсæвти бæхтæ раледзæ-баледзæ фæккодтонцæ дзармадзанти, топпити, минометти гæрæхтæй æма бустæги фæстаг еци рауæнмæ æрбафтудæнцæ.

Андрей бæхтæн æ арми дзаг хуар æркодта метбæл. Сдонг æма фæллад бæхтæ сирддзаст, æнæуæуæндон каст кодтонцæ. Уæдта еу бæх райдæдта хуари нæмгутæ хуæрун. Иннæ бæхтæ дæр уæд фæннифсгундæр æнцæ æма Андреймæ хæстæгдæр цæун байдæдтонцæ.

— Цо, Вася, сарайæй рахæссæ гетен æма'й æритауæ зæнхæбæл,—загъта Андрей. Вася раскъафта гетен æма ибæл æркалдта æртæ къибилай дзаг хуар. Бæхтæ бацудæнцæ гетени размæ. Хуæрун байдæдтонцæ хуар. Минутæй-минутмæ бæхтæн се'нгас игъæлдзæгдæр кодта: бицщеутæбæл æрæуæуæндтæнцæ.

Дууæ бицщеуи нийахæстонцæ æвддæс бæхи æма сæмæ уоми зелун байдæдтонцæ. Æртæ къуæрей фæсте хуæздæр бæхти етæ равардтонцæ Советон Æфсадæн,

иннети ба фællастонцæ, колхози бæхтæ кæми римæхст адтæнцæ гъæди астæу, еци рауæнмæ.

Вася æма Андрей уалдзæги хумæ кодтсинцæ еци бæхтæй.

## Бæх æнæмæнгæ гъæуй.

Ахмæт ихуæрсти бахаудтæй гъæздуг Иналмæ. Кæми стонг, кæми бæгънæгæй æрвиста æ бонтæ. Æ бæрзæй дæр цæфтæй гъæуагæ н'адтæй. Гъæздуги бинонтæй алке дæр æ тухæ æвзурста седзæр Ахмæтбæл.

Йе 'фхуæрддзийнадæ-еу си феронх æй æрмæст бæхтæмæ зелгæй. Бæхтæмæ зилдæй, куд æмбæлуй, уотæ, гъæуагæ сæ нæ уагъта хуаллаг æма кæдзосдзийнадæй. Тузмæгдæр ци бæх адтæй, е-еу Ахмæти къохи фуси хузæн сабур адтæй. Æ цард, æ бон адтæй Ахмæтæн бæхбæл рабадун. Лигъз будури-еу æхе раскъардта бæхбæл. Ие 'фхуæрдтитæ-еу си райронх æнцæ. Уæгъдæ будури некæмæй игъуста æфхуæрæн дзурдтæ, думгæ ин кодта зартæ.

Къуар анзи рацудæй. Цард æйивд æрцудæй. Æлдæрттæ исæфт æрцудæнцæ. Ахмæт бацудæй колхозмæ. Æфхуæрæг æй нæбал ес. Колхози еумæйаг будурти иннети æнхузон хъазауатонæй косуй. Æ барæ ин бакодтонцæ колхозон бæхтæ.

Ахмæт игъæлдзæг æй бæхтæй. Хуæрунбæл не'сбаддзæнæй, цалинмæ бæхтæмæ базела, уæдмæ.

Ахмæт еуæй-еу хатт рагъуди кæнуй: „Ци фæууодзæнæнцæ бæхтæ, колхозти машинттæ ку исарæх уонцæ, уæд?“. Еу хатт ку адтæй, уæд Ахмæт бафарста. гъæумæ цидæр гъуддаги туххæй горæтæй ци бæрнгин æрбацудæй, уой:

— Зæгъай ма мин, дæ хуарзæнхæй, æцæг нæбал гъæудзæнæй бæх, тракторта ку исарæх уонцæ, уæд?

Лæг бахудтæй æма загъта:

— Æнгъæл дæн, æма фæттарстæ дæ бæхтæн?

Ма тæрсæ, бæхтæ алли хатт дæр гъæудзæнæнцæ. Бæх гъæуй колхози трактори хæццæ, бæх гъæуй нæ Советон Æфсади дæр. Алке дæр си æ куст кæндзæнæй.

— Мадта цæттæ дæн æз дæр багъæуаги сахатти Советон Æфсади рæнгъити æрлæуунмæ,—загъта Ахмæт.

## Мамлакат Нахангова.

Мамлакат æй таджикаг кизгæ. Е ахур кæнуй скъолай, ахур кæнуй хъæбæр хуарз. Мамлакат нæ уарзуй æ рæстæг дзæгъæли исафун, фал уарзуй ахур кæнун æма косун.

Таджикистани колхозтæ кæнунцæ бæмпæги куст.

Сæрдæ Мамлакат фæккосуй колхози: æмбурд кæнуй бæмпæг. Уомæн берæ æнтæсуй бæмпæг æмбурд кæнун: е æмбурд кæнуй æ дууæ къохемæй дæр.

Мамлакат кусти медæгæ равдиста усдур æнтæстдзийнæдтæ: бонæ æмбурд кодта 100—102 *кг* бæмпæг, иннетæ ба 50 *кг*. Мамлакат хуæздæр колхозонти хæццæ æрцудæй æрвист Мæскумæ. Мамлакат радзурдта Сталинæн æ ахури æма æ кусти æнтæстдзийнæдтæ.

Цитгин Сталин адтæй боз Мамлакатæй, е скъуæлхтдзийнæдтæй æма ин ралæвар кодта сугъзæрийнæ сахат.

Советон хецауадæ ба Мамлакатæн равардта хуæрзеуæг—Ленини орден.

Ленини орден æй æнхуæцемæйдæр кадгиндæр орден нæ бæсти. Еци орден сæ реутæбæл хæссунцæ æрмæст еугуремæй хуæздæр, номдзуддæр адæм: бæгъатæр тæхгутæ (пилоттæ), бæгъатæр советон æфсæддонтæ, профессортæ, номдзуд стахановонтæ, скъуæлхт колхозонтæ, советон бæсти хуæздæр фурттæ, кæцитæ косунцæ сталинон кустæй.

## Æнхуæцемæй амондгундæр бон.

Еу хатт колхози бæхдонæмæ бацудтæн,—уоми адтæй æст байраги. Байрæгутæ сæ бакастмæ гæсгæ адтæнцæ лæгъуз æма син æз фæттæрегъæд кодтон. Уæд æз бæхтæмæ зелæг Хатау Тауфæн загътон:

— Æз дæн пионер æма зелдзæнæн уæртæ еци байрагмæ,—байамудтон еугуремæй цоладæр байраги.

Æз еци байраги æфсес дардтон, æ листæн ин æй-

ивтон, кæдзос æй кодтон æма-еу æй сапойнæй исæртадтон, куд æмбæлуй, уотæ. Ном ибæл исæвардтон—Костик. Костики æз исгъомбæл кодтон æма е исцæй хуарз догъон бæх. Мæ Костики ма сауæнгæ Буденный æхуæдæг дæр зонуй.

Кæсæги финддæс анзей бæрæгбони Налцикки адтæй еугурадæмон догътæ. Уоми æз дæр мæ уарзон бæхбæл догъи уадтæн. Трибунæй мæнмæ кастæй æмбал Буденный. Æз се'нхуæцемæй раздæр фæдтæн æма догъи нийахæстон фиццаг бунат!

Махмæ, нæ гъæу Кенжейи, берæ ес æвзонг джигиттæ. Æз финддæс пионери исахур кодтон, бæхбæл бадун хуарз цæмæй зононцæ, уобæл. Уалдзæги мах письмо ниффинстан маршал Ворошиловмæ:

„Мах не'нккæтей дæр фæндуй, джигиттæ куд исуæн, е. Мах хъæбæр берæ уарзæн Советон Цæдеси маршалтæ æмбал Ворошилови æма æмбал Буденныйи. Мах уотæ фæндуй, цæмæй Цæгат Кавкази пионертæ Ворошиловæн бацæттæ кæнонцæ лæвар—исгъомбæл ин кæнонцæ хуарз æфсæддон бæх. Мах байархайдзинан, цæмæй еугуремæй хуæздæр бæх мах отряд исгъомбæл кæна, уобæл“.

Мæн ку фæффæрсунцæ:

— Баразби, æнхуæцемæй амондгундæр дин ци бон æй?

Уæд æз фæззæгъун:

— Мæ царди берæ амондгун бонтæ ес, æма ма еци амондгун бонтæ уодзæнæнцæ никки фулдæр. Фал мæ бонти хуæздæр бон æй, æз Сталини хæццæ ци бон дзубанди кодтон, еци бон.

Е адтæй Кремли галауани. Цудæй фонсдарæг-стахановонти еугурцæдесон унаффи æмбурд.

Æз бадтæн зали цæгаткавкази делегæтти хæццæ. Мæ уæле—цохъа, хъæма. Уæхæн дарæс мæбæл фæууй алли хатт дæр. Уалинмæ мин дзурди барæ равардтонцæ. Трибунæ хъæбæр бæрзонд адтæй, æз бадæнбæл ислæудтæн æма радзурдтон æнхуæцемæн дæр, махмæ пионертæ бæхтæмæ куд зелунцæ, куд сæ гъомбæл кæнунцæ, уой туххæй.

— Æма дæбæл цал анзи цæуй,—бафарста мæ æмбал Сталин.

— Мæнбæл цæуй æртиндæс анзи.

— Лæггаг дæ ду!—загъта æмбал Сталин, æма мин еугурæй дæр исæмдзæгъд кодтонцæ.

Æз мæ дзурд ку фæдтæн, уæд райстон æмбал Сталини къох, уæдта раздзæугутæн се 'нхуæцей къохтæ дæр.

Е æй мæ тæккæ хуæздæр бон. Æмбал Сталин мæмæ æ медбилти худтæй. Æма æмбал Сталин æ медбилти ку фæхходуй, уæд алке дæр игъæлдзæг кæнуй.

Баразби Хамгоков—лæвæрд ин æрцудæй орден „Кади нисан"

## Зæронд царди нивтæй.

Еунæгæй байзадæй Даро æ седзæрти хæццæ. Хъæбæр сæ æрæлхъивта царди уæзæ,—Даройæн æхе дæр, æ седзæр сувæллæнтти дæр. Царди мæтæ си бацудæй Дарой, æ цæстити суг урамун нæбал фæразта. Фæццудæй станцæмæ. Æ æдзард лæг Бесæмæ ма æ миздæй ци 'мбалдæй, уой райста. Бацудæй фæстæмæ, æ цæсти сугтæ калгæ. Иннæ бон фæццудæй Даро дæллаг станцæмæ, Сакрой туканмæ. Æрдæг иронау, æрдæг гурдзиагау загъта Сакро Даройæн цалдæр рæвдауæн дзурди. Исбарста ин еу меркъæ нартихуар, райста ин æ аргъ, æхца ниввардта лагъзи æма бабæй райдæдта æ рæвдауæн дзурдтæ. Æ рагъи Даро æрбахаста нартихуари дзæкъолæ. Æнгъæлмæ имæ кастæнцæ е стонг сувæллæнттæ.

Райдæдтонцæ куддæртæй цæрунтæ седзæргæс уосæ Даро æма æ дууæ седзæр биццеуи.

Уалдзæг истухгинæй. Фæгъгъар æй. Цъæх радардтонцæ хонсæрттæ. Райгъал бабæй æй дуйне. Райгъал æнцæ адæм дæр, рацудæнцæ сæ хæдзæрттæй æндæмæ. Сæ уæлхæдзæрттæй кастæнцæ алли 'рдæмæ еци хорæфсæст бонти. Мет цæгæтти тадæй бонæй-бон зингæдæр.

Кул сæ хæсдзæнæй, цæмæй сæ хæсдзæнæй æ дууæ минкъий сувæллоней,—еци гъудити нихъулдæй Даро. Бæдолæ цъеутау агорунцæ етæ алли бон хуæруйнаг, гъæлæсхæлеуæй. Хумгæнди гæппæлтæ... Хуасгæрци гæппæлтæ...

Ӕнæ гал, æнæ бæхæй ци бакæндзæнæй?.. Равардта сæ æмбесбæл. Цуппар—фондз пути хъæбæр хуар. Дууæ—ертæ бæкъуæли хуасæ. Ке фагæ 'нцæ?

Царди мадзæлттæ агурдта Даро, гъудий бацудæй.

## Сидзæргæс.

Халон баргъæвст сындзыл...
Уад тымыгъ хæссы...
Сау айнæджы рындзыл
Нары хъæу хуыссы...

Даргъ æхсæв фыдбонæй
Цард удæн хуыздæр...
Рухс цæуы кæронæй,—
Бадынц ма кæмдæр...

Иу зæронд æскъæты,—
Гас хъæуы уæлдай,
Аззади фæсфæды
Ацы бæстыхай,—

Ма дис кæ йæ бадтыл!—
Цуайнаджы уæлхъус
Архайы йæ артыл
Иу саударæг ус.

Артдзæсты кæрæтты
Фæныкмæ æнгом
Бадынц сывæллæттæ,—
Чи бæгънæг, чи гом...

Уазал æмæ стонгæй
Бирæгъ дæр тæрсы,—
Удхæссæг æввонгæй
Ахæмты хæссы...

„Ма кæут, мæ хуртæ,—
Дзуры сæм сæ мад,—
Афыцой хъæдуртæ...
Абадут æнцад!.."

Митæйдзаг æхсæлы
Мары фæздæгæй...
Цæсты сыг æзгъæлы
Агмæ сусæгæй...

Хъуырмæ схæццæ хъарæг:
„Дудгæ фæбада
Зæйы бын нæ дарæг,
Мах чи фæсайдта!..

Фондзæй уæ ныууагъта
Иу ныййарæгæн,
Мады зæрдæ скъахта,—
Царæфтыд фæдæн!..

Зондæй мыл фæтых дæ,
О, мæ лæджы хай,—
Сидзæртæй фæлыгътæ
Ингæнмæ тæргай!..

Буц хъæбул дæм дзуры,—
Сфæлмæцыд йæ мад...
Махæн дæр дæ цуры
Сцæттæ кæн бынат!"

Цæсты сыг æзгъæлы
Агмæ сусæгæй...
Митæйдзаг æхсæлы
Мары фæздæгæй...

Бафæллад кæуынæй
Бинонты кæстæр,—
Къонайыл æрфынæй
Адæмы хуыздæр!—

Иууылдæр дæ адыл
Тулдзысты, фæлæу!—
Стонг æмæ фæлладыл
Тых хуыссæг кæм нæу!..

— О, гыцци, кæд уыдзæн?
Райс-ма, цæй, дæ аг!—
„Абадут!.. фæуыдзæн
Алкæй дæр йæ фаг“...

Аг кæлы йæ былтæй,—
„Хъæдуртæ“ фыцынц...
Алы ран тымбылтæй
Сидзæртæ хуыссынц...

Стонг æмæ кæуынæй
Лæг куы сфæлмæцы,
Тарф у уæд йæ фынæй,—
Маст æм нал хъуысы.

Лыстæнмæ сæ хаста
Мад йæ хъæбулты,
Æдæрсгæ сæ нуæрста
Алы бызгъуырты...

Скодта сæ рæбынæй,
Дæлфæдтæм æрбадт...
Гъæй-дæ-гъа! Кæуынæй
Нал æфсæст сæ мад!

Сидзæртæн хъæдуртæ
Се'хсæвæр хуыдта,
Афтæмæй сын дуртæ
Цуайнаджы фыхта:

Афыцын æфсоны
Байрох уа сæ хæрд...
Стонг æмгъуыд нæ зоны,—
Иу сайд ын æгъгъæд!..

## Советон силгоймаг.

Силгоймæгтæн Октябри революци æрхаста сæребарæдзийнадæ. Алцæмæй дæр син равардта нæлгоймæгти хæццæ æнхузон бартæ. Еци бартæ нур финст æнцæ Сталинон Конституций. Силгоймæгтæн урух фæндаг ес ахур кæнунмæ. Силгоймæгтæй нæмæ берæ мингæйттæ ес инженертæ, дохдиртæ, ахургæнгутæ, профессортæ, тæхгутæ, агрономтæ, колхози сæрдартæ æма æндæр уæхæнттæ.

Махмæ берæ силгоймæгтæ æвзурст æрцудæй ССР Цæдеси Сæйраг Советмæ, уæдта республикти Сæйраг Советтæмæ депутаттæй. Советон силгоймаг активон косæг æй паддзахадæн унаффæ кæнуни гъуддаги.

Гермайнаг фашисттæ æрбалæбурдтонцæ нæ советон бæстæмæ. Советон бæсти нæлгоймæгти æмрæнгъæ æрбалæборгути нихмæ исистадæнцæ нæ силгоймæгтæ дæр. Райдæдта карз тугъд Фидибæстæ багъæуай кæнуни сæраппгонд. Мингай силгоймæгтæ рандæнцæ тугъди будуртæмæ санитаркитæй, дохдиртæй æма партизанти отрядтæмæ. Миллионтæ бацудæнцæ фабриктæмæ, заводтæ-

мæ æма советон косæндæнттæмæ косунмæ. Етæ æрлæудтæнцæ кустбæл, тугъдмæ ка рандæй, еци нæлгоймæгти бæсти. Сæ лозунг адтæй: „Алци дæр—фронтæн, алци дæр—уæлахездзийнадæн!“

## Лизæ—партизанкæ.

Гитлеронтæ гъæумæ нæма балæбурдтонцæ. Лизæ бацудæй æ райгурæн хæдзарæмæ. Цалдæр минутти мæрадзебæл æй æ мади хæецæ.

—Мæ уарзон мадæ,—загъта Лизæ.

—Æз цæун партизантæмæ. Ка'й зонуй, ци фæууй, куд фæууй, мæлæт некæмæн хатир кæнуй, ести еунæг æз ку нæ дæн. Мах, советон адæм, алцæмæн дæр бафæраздзинан, фал уæддæр фашисттæн нæ косдзинан. Мæн туххæй мæтæ ма кæнæ.

Мадæ æ кизги æ хъури никкодта æма ин загъта фæндараст.

Лизæ райдæдта нæуæг цард—партизанти цардæй цæрун.

## Силгоймаги цард фиццаг æма нур.

Фиццаг рæстæги силгоймаг бинонти æма дзилли æхсæн цардæй фудцардæй. Æ райгурд ин нимадтонцæ æлгъистбæл. Кизги скъолай ахур нецæбæл нимадтонцæ. Киндзи-еу æй рарвистонцæ æвæндонæй.

Рауæйæ-еу æй кодтонцæ ирæдбæл. Киндзи фæццуди фæсте ба-еу æ цард фæцæй никкидæр зиндæр. Бинонтæн се'нхуæцемæн адтæй кæстæреуæггæнæг. Хæдзари гъуддаги нæ цудæй фарст. Æ лæг ин æлдареуæг кодта.

Гъезæмари цардæй æма нецæййаг æгъдæуттæмæ гæсгæ на'дтæй силгоймагæн адæми æхсæнмæ рацæуæн. Цох адтæй æхсæни кустæй æма цардæй.

Еци æфхуæрд æма зин цардæй ракодта силгоймаги советон хецауадæ. Равардта ин æнхузон бартæ нæлгоймаги хæццæ. Советон Цæдеси ци бартæ ес силгоймагæн, уæхæн бартæ нурма силгоймагæн æгас дуйней некæми ма ес.

Силгоймаги бартæ советон хецауадæ хъæбæр гъæуай кæнуй. Еци бартæ æнхæстгонд цæмæй цæуонцæ, уомæ ба цæстæ дарунцæ тæрхондонæ, прокурорадæ æма бунæттон организацитæ.

Кизги скъæфт, ирæд есун, æвæндонæй лæгмæ лæмæрд бундзарæй исæвд цæунцæ.

Алли рауæн дæр силгоймаги куст гъæуайгонд цæуй закъонмæ гæсгæ. Зин куститæмæ'й нæ уадзунцæ.

Мизд есуй нæлгоймаги æнхузон.

Сувæллон игуруни рæстæги силгоймаг кустæй уæгъдæгонд фæууй, еруни агъоммæ дæр æма уой фæсте дæр, æ мизд цæуй, уотемæй. Æ сувæллонæн ин 9 мæйей дæргъи дæдтунцæ æнхус æхцайæй.

Скъолатæмæ урух фæндаг ес силгоймагæн, æхсæни куститæмæ дæр уотæ.

Колхозти, фабрикти æма заводти медæгæ æй хъазауатонæй æма соцерисæй косæг. Социалистон царди знаг —фашистти нихмæ карз тох кодта тугъди будури æма алли рауæн дæр кæнуй.

Райгъал æй хонхаг силгоймаг. Е æрлæудтæй социализм аразгути рæнгъити.

## Куд уæйæ кодтонцæ сувæллæнтти.

Е адтæй раги, паддзахи дзамани. Æрбацудæнцæ-еу гъæутæмæ æлхæнгутæ мæгуртæмæ, кæцитæ сæ тухстæй, сæ хуаргъæуагæй арази адтæнцæ сæ сувæллæнтти кумæ дæр фæндуй радтунбæл. Æлхæнгутæ сæ-еу сайдтонцæ, дæснидзийнадæбæл сæ исахур кæндзинан, зæгъгæ.

Сувæллæнтти сæ ниййергутæ лæвардтонцæ æрмæст нин сæ къæбæрæй æфсадæнтæ, зæгъгæ. Æлхæнæг-еу æрæмбурд кодта сувæллæнттæ 10—15 æма сæ-еу фæлласта горæтмæ. Уоми сæ-еу байурста дзабургæнгутæбæл, курдтæбæл æма хуйгутæбæл. Сæудегер-еу райста алли сувæллони туххæй дæр туман, æма бабæй-еу сувæллæнттæ æмбурд кæнунбæл нæуæгæй зелун райдæдта.

Æлхæнæг ма-еу рафарста уæйгæнгути:

—Хæстæг ин нæйес ами?

—Ма тæрсæ,—загъта-еу сæудегер,—ами син неке ес, еунæг æнцæ, бустæги дæр дæ барæ æнцæ.

# Су-Ми.

## I.

Минкъий Су-Ми æй китайаг. Су-Мийæн æ фидæ æй косæг. Су-Ми æхуæдæг дæр нур æй косæг.

Су-Ми ниффæлдадта циллей къубæрттæ фицгæ дони.

Циллей къубæрттæй уой фæсте райхалунцæ цилле. Тæвдæ донæй къохтæ нимпулдтæнцæ. Сæ цъарæ нисъкъудтæ'й æма æстъихсуй.

Минкъий Су-Ми фæллайгæ хъæбæр кæнуй, фал уæддæр косуй. Фабрикæн ес æхе закъонтæ: нæ кссис,— уæд дæ никхуайдзæнæнцæ.

Су-Ми æй æстонг, æнæхснад. Хæдзари ба æ мадæ—сæйгæ, æ фидæ—æгуст. Ес си къуар сувæллони.

Æ мадæ ку рамардæй, уæд бунтон мæгури бон искодта Су-Мибæл. Су-Мий фидæ бацудæй фабрики хецаумæ æма ин дзоруй:

—Тухст дæн, куст агорун...

—Æма мæн ци гъуддаг ес?—фæрсуй æй хецау.

—Æдзæллаг дæн, æма сувæллæнттæ судæй мæлунцæ.

Бахудтæй фабрики хецау æма дзоруй:

—Æма уотæ æнгъæлис, сумах судæй ку ниммæлайтæ, уæд бæстæ фесæфдзæнæй?

Су-Мий фидæ ин загъта:

—Мæхе мæлæтбæл нæ тухсун, фал сувæллæнттæ...

Уонæбæл ресуй мæ зæрдæ. Сувæллæнттæн къæбæр амал кæнун гъæуй. Су-Мий райсæ дæхецæн дæс анземæ, æрмæст мин æхца раздæр радтæ.

Никки бабæй бахудтæй фабрики хецау.

—Дæ фурти уæйæ кæнунмæ гъавис? Ци кæнуй, уомæн гæнæн ес!

Бафедудтонцæ.

Су-Мийбæл цудæй айдагъ авд анзи, фал æй машинæбæл бафтудтонцæ. Су-Ми гъæуама исарстайдæ машинæ.

Су-Ми-еу æхсæви цъæхæй æрбацудæй фабрикæмæ.

Цæугæ ба-еу ракодта, бустæги талингæ ма-еу ку адтæй, уæд. Су-Мийæн хуæруйнаг æ фагæ н'адтæй, нæ ин адтæй фагæ хуссуни фадуат. Бон изæрмæ-еу косунæй

ниффæллаидæ. Хъæбæр бæлдтæй Су-Ми æ фагæ фæххуссунмæ, фал кæми æфтудæй æ къохи: косгæ-косуй, фунæй гæнæн нæйес,—уæд нæмгæ кæнунцæ.

II

Адтæй уалдзæг. Хор сувæллæнтти сайдта гъæунгæмæ. Рандæй Су-Ми дæр æ машини разæй. Фабрики тургъæ адтæй цъифæ æма æнод, фал си уæддæр кастæй хор, думдта денгизæй уалдзигон рæуæг думгæ. Æнод фабрики фæсте цъифæ тургъæ Су-Мимæ фæккастæй цъæхцъæхид дзæхæрай хузæн. Бурæуи рази хормæ хустæй еу усдур дзæргъæ. Су-Мий зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй: хормæ хуссуй æма'й неке гъигæ даруй.

Су-Ми æрхустæй бурæуи рази. Хуссæги фудæй мардæй Су-Ми, æма уайтагъд рафунæй æй. Тургъæ гъæуайгæнæг, Хо, зæгъгæ, æ ном, фæууидта минкъий Су-Мий дзæргъи фарсмæ хусгæ. Хо исиста Су-Мий æма'й бахаста къантормæ. Æ сæр фескъундзæнæй фур надæй, уотæ æнгъæл адтæй Су-Ми. Æ гъостæ артау сугъдæнцæ хецауи къохти буни. Æ кусти рæстæг ку фæцæй, уæд ма'й бауорæдтонцæ, фунæй ке бацæй, уой туххæй ма æртæ сахатти куд бакоса уæлдай, уотæ. Никки дæр ма æртæ сахатти æнæ хуссæгæй... Нæбал бафæразта Су-Ми. Æрхаудтæй машини рази æма мæрдон фунæй бацæй.

Сæумæ фабрики хецауæн ку загътонцæ, æзинæ Су-Мий машини усдур цалх æхемæ баскъафта, зæгъгæ, уæд лæг æхе фенцъулдтæ кодта æма бафарста:

—Æма ма æгас æй?

—Нæ, хецау, уайтагъд рамардæй.

—Цæй, неци кæнуй,—загъта уæд фабрики хецау,—æ харзи бæрцæ мин бакуста, зиан неци фæдтæн!

## Ванькæ Жуков.

Ванькæ Жуков, фараст анзиккон биццеу, лæвæрд æрцудæй ахур кæнунмæ цулухъгæнæгмæ.

Еу хатт, хецау æма е'хуæрститæ ку рандæнцæ, уæд Ванькæ райста хецауи скъаппæй чернилæ, ручкæ изгæ

пъерой хæццæ. Скъудтæ æма æнцъулдтæ гæгъæди æ рази æрæвардта æма райдæдта финсун.

Финсуни размæ, тæрсгæй, ракæститæ кодта дуар æма къæрæзгитæмæ.

Гæгъæди æвард адтæй бадæнбæл, æхуæдæгга лæуд-тæй æ зонгутæбæл.



„Мæ уарзон фиди-фидæ Константин Макари фурт —финста е,—финсун дæмæ. Нæйес мин фидæ дæр æма мадæ дæр, æрмæст ма мин еунæг ду байзадтæ“.

Ванкæ нийнæфтæй, ниттулдта пъеро чернили æма райдæдта идарддæр финсун:

„Æзинæ бабæй мæ нимморæ кодтонцæ, сувæллони авдæни уозгæй æнæбари ке бафунæй дæн, уой туххæй. Хесдæр косгутæ мæбæл ходæгæй мæлунцæ, хецау ба мæ нæмгæ кæнуй, цæбæл фæххуæст уа, уомæй, хуæруйнаг ба мин неци ес. Сæумæ мин радтунцæ сор къæ-бæр, рæфтадбæл—каси змæнст, изæрæй дæр сор къæ-бæр. Хуссун ба мæ кæнунцæ сени сæ сувæллон ку фæккæуй, уæдта æгириддæр хуссæг нæ фæууинун, фал фæууозун авдæнæ.

Мæ уарзон фиди-фидæ, фæттæрегъæд мин кæнæ,

фæххонæ мæ ардигæй нæхемæ, гъæумæ. Нæбал æй мæ бон. Корун ди, фæлласæ мæ ардигæй, кенæ ба рамæлдзæнæн".

Ванькæ æ билгæ фæззулун кодта, æ сау тумбул къохæй æ цæститæ расæрфта æма искудтæй.

„Исцо мæмæ, мæ уарзон фиди-фидæ,—идарддæр финста Ванькæ.—Фæттæрегъæд мин кæнæ æнамонд седзæрæн, фæххонæ мæ ардигæй. Ами еугурæй дæр нæмгæ кæнунцæ, хуæрун дæр мæмæ хъæбæр цæуй, фал ами куд æнкъард æй, уомæн зæгъæн дæр нæйес, æдзох кæугæ кæнун. Салан зæгъæ Аленæйæн, зулундзаст Егоркён æма бæхтæрæгæн, фал мин мæ фæндур макæмæн радтæ. Дæ фурти фурт Иван Жуков. Мæ уарзон фидифидæ, æрцо мæмæ".

Ванькæ цуппар тухти бакодта æ финст гæгъæди æма'й ниввардта, раздæр къаппеккæй ци конверт балхæдта, уоми. Рагъуди ма кодта еу минкъий, ниттулдта пъеро æма ниффинста адрес:

„Гъæумæ мæ фиди фидæмæ". Æхе ранихта, рагъуди кодта æма ма бафтудта:

„Константин Макари фуртмæ".

## Лæскъдзæрæн.

(Аргъау)

Раджы уæйыгмæ лæскъдзæрæн
Иу мæгуыр лæг цард.
Нал уыд мæгуыр лæг йæ сæрæн,
Удхарæй йæм мард.

Адæммæ кæм нæу фыд-зæрдæ
Иу цæстон сæтой!—
Хоры къутуйау йæ тæнтæ,
Бинаг был—кæфой.

Фос цæуæт кæнын нæ уагъта,—
Алыбон хæргæ!
Цæй ма,—лæг ын иу хатт загъта,—
Ахицæн мæ кæ!

Хорз, мæ хур, кæд дæ нæ фæнды,—
„Цу!—дæ фæндаг раст!..“
Лæскъдзæрæг дæр ма кæм уæнды,—
Уромы йæ маст.

Кусы та... хуыцау æй зоны,
Цас ма йæм фæци...
Атъæпп уа, цы фийау хоны
Амондджын йæхи!—

Махон дзы йæ сæфт ыссардта,—
Байсысти йæ туг!
Иу бон хизæнæй æртардта
Йе'фсæст фосы дзуг.

Уæйыг дæр кæцæйдæр ссыди,—
Артау сыгъд йæ сæр,
Къæхтыл ма тыххæй хæцыди,—
Банызта кæмдæр!

Дзурын ма зынæй фæразы...
Бухъытæ кæнгæ,
Загъдæмхæст фийауæй хъазы:
—Хорз лæг дæ, бæргæ,—

Дзуры йæм,—фæлæ кæд уарæм,
Уæд дзæбæх, нывыл...
Туг кæрæдзийæ нæ дарæм,—
Байхъус мæм чысыл!

Алы'рдæм дæр æй куы барай,—
Ай нæ хуыздæр хос:
Кæд ды дзырд мæ дзырдмæ арай—
Дæу фæуæд мæ фос!

На уæд фосæй дæр æнæ хай,
Хизгæ дæр лæвар...
Хорз,—зæгъы, уæдæ цы зæгъай!—
—Хорз, фæуæд дæ бар!

Уæйыг бахудти фыр цинæй...
— Иу, уæдæ, мæ хур!
— Иу—хуыцау! Хуыцауы динæй
Арвмæ хауы дур.

— Кæд дыууæ, дыууæ та?—загъта,
— Сау дыууæ цæстæй
Хорз фийау дзæгъæл нæ уагъта
Иу дæ нæл фыстæй.

— Кæд æртæ, æртæ цы давы?
— Фынг æртыкъахыг—
Уазæгæн йæ фæллад сафы,
Зианджынæн—йæ хъыг.

— Уæд цыппар та дын цы сидынц?
— Кæд цыппар фырты
Афæдзæн йæ куыст æрвитынц,—
Базон-ма сæ ды!

— Фондзæн та дæм дзуапп бæргæ
нæй!—
— Фондз фырты мæн дæр
Хизынц хин æмæ кæлæнæй,—
Чи сæ у хуыздæр?

—Кæд æхсæз сæ сæр мæ дзырдтæн?
— Æз æхсæз хатты
Фос байуарынмæ бæллыдтæн,
Не 'сразы дæ ды!

—Дзырд кæддæриддæр дзырд сайы,—
Авдæн исты зæгъ!
— Авд сæры уæйыгыл зайы,—
Зондæй та—къæдзæх!

— Цæй-ма, цæй, уæдæ мын астæн
Исты дзуапп ыссар!
— Аст азы дæ фосмæ кастæн,—
Айс сæ ныр,—хæлар!..

—Барæй дæм лæмæгъ лæууыдтæн,—
Фараст та цы уыд?
— Фарæстæмы ам нæ уыдтæн,—
Ахæтын мæ хъуыд...

— Ох-хай! демæ æз нæ фæдæн,—
Радзур-ма, лæгау!..
— Терк-Турчы бæстæ—мæ хæтæн
М 'амæдтаг—рæгъау.

— Денджыз дæр ма лæг кæм ласы!—
Цуавæр уыд дæ бæх?
— Мæн къуылых дзынга фæразы
Гъе-ри-гъа, дзæбæх!

— Хорз бæх уыд, кæд байсыст сæрды
Денджызæн йæ дон!
— Атæхæн нæ уыд йæ сæрты
Цæргæсæн йæ бон.

— Иуæй-иу лæппын цæргæсы
Карчы цъиу бырсы...
— Карчы цъиу бæргæ нæ хæссы
Галы мард пыхсы!

— Макæ, ма,—мысты йас рæуæд
Афтæ уæззау нæу!
— Мысты уæныл ма æрцæрæд
Даредзанты хъæу!

— Иу кæркдон хъæуыл нымайы
Къулыбадæг ус!
— Ау!—кæркдоныл ма фæллайы
Иу зылдæн тæрхъус?!

— Ох-хай-гъе! тæрхъус—лæппыныл
Афтæ ма фæхуд!..
— Уастæн, баззайой йæ быныл
Даргъ кæрц æмæ худ,

Уастæн, ма ’стæфса сæ хъармæй
‘Гас нæртон зымæг,—
Чи сæ сарæзта йæ цармæй,—
Нарты Уырызмæг!

— Нартæ се‘мгæрон куыд уадзынц
Ахæм къаннæджы?
— Раст йæ уæлфадæй куы уасынц,
Фараст уасæджы.

Уый сын уæд сæ хъæр нæ хъусы—
Ахæм Къаннæг у!
— Ау! æмæ цы диссаг у, цы
Кæд къуырма лæг у?!

— Авд хохы фæстæ мæгатæ
Хос куы фæкæрдынц.
Авд дæлдзæхы бын дзынгатæ
Сынæр куы фæцæгъдынц,

Адæмæн сæ уæд фæдзуры
Уыцы лæг ныр дæр!..
Кæд мæнгæй зæгъын,—мæ цуры
Цавд дур фест ды дæр!

Йе’лгъыст уæйыгыл æрцыди,—
Раст йæ хуызæн дур
Комхæлиуæй хъен лæууыди
Лæскъдзæрæджы цур.

Фервæзт лæг... йæ фос æртардта...
Ис æм ныр йæ фаг...
Абон дзы мæнæн дæр радта
Иу нард кусæрттаг.

Уымæй æз куыд дæн æнæ хай..
Афтæ мын ды дæр
Адæмы хæрзтæй хуыздæрæй
Се‘рцыдмæ фæцæр!..

# Хуæддзо иуазгутæ.

Сæрди тæрхъостæ рæзæ-дзæхæрамæ нæ фæууайунцæ. Фал син зумæги æнæ бауайгæ нæйес.

Тæрхъостæ зумæг исистонг æнцæ. Етæ агурдтонцæ хуæруйнаг, фал неци иссердтонцæ æма уотемæй бахаудтæнцæ дзæхæрадонæмæ. Дзæхæрадони адтæй æригон фæткъу бæлæстæ. Багæпп сæмæ кодтонцæ тæрхъостæ æма син сæ цъæрттæ æхсинун райдæдтонцæ.

Еу цалдæр бæласемæн сæ гъæдæ бунтондæр бахсидтонцæ.

Ралæудзæнæй уалдзæг. Райгъал уодзæнæй дуйне. Хор æ зинг цæстæй никкæсдзæнæй зæнхæмæ. Базмæлдзæнæнцæ бæлæстæ дæр, сæ едæгтæ косун райдайдзæнæнцæ, зæнхи сойнæ цъирдзæнæнцæ æма'й дæттдзæнæнцæ хæрдмæ, бæласи гъæди кæройнаг фæлтæрбæл сифтæмæ, сифтæ дæр хуæруйнаг æмбурд кæнун райдайдзæнæнцæ æма'й бæласи цъарæбæл æрветдзæнæнцæ урдугмæ, едæгтæмæ. Хуæруйнаг æрхъæртдзæнæй, тæрхъостæ кæми бахуардтонцæ, уой уæнгæ æманиллæудзæнæй. Идарддæр ин фæндаг нæйес. Едæгтæ æнгъæл кæсдзæнæнцæ, фал хуæруйнаг нæ зиндзæнæй. Бахускъæ уодзæнæнцæ едæгтæ æма бæласæ фесæфдзæнæй.

Куд багъæуай кæнун гъæуй бæласæ тæрхъосæй?

Колхозонтæ бавзурстонцæ бæлæстæн сæ зæнгитæ гъæмпæй тохун, фал тæрхъостæ еци баст æнцонæй ихалдтонцæ. Никки ма гъæмпи бабурдæнцæ миститæ дæр. Бæласи цъæрттæ хуардтонцæ миститæ æма тæрхъостæ. Уæд колхозонтæ бæлæсти алли фарс ниввардтонцæ нæзи къалеутæ æма етæ фæййагъаз æнцæ. Тæрхъостæ тарстæнцæ нæзий содзинттæй æма нæбал æвналдтонцæ бæлæстæмæ. Иннæ колхоз ба рæзбун-дзæхæрай алли фарс усдур горен исаразта. Тæрхъостæ горени алли фарс разелунцæ, гæппитæ кæнунцæ, фал рæзбун-дзæхæрамæ бацæун сæ бон нæй. Уой фæрци бæлæстæ æнæ гъигæдардæй байзадæнцæ.

---

Ци зиан хæссунцæ тæрхъостæ гъæууон хæдзарадæн?

## Уалдзæг æрцæуй.

Меттæ тайунцæ, æма дæнттæ игъæлдзæгæй уайунцæ. Думгитæ гъар хæссунцæ. Будуртæ сау дарунцæ, фæззегæнттæ æма гъæдтæ ба цъæх. Гоппой цъеутæ хумгæнттити зарун байдæдтонцæ. Колхозонтæ цæттæ кæнунцæ муккæгтæ æма машинттæ. Рæвдзæ цæуй сæ куст.

## Уалдзæг ралæудтæй.

Минкъий Бесæгъур æ хуссæни райгъал æй. Фарсбæл рауидта хори туптæ.

Тарстхузæй тагъд-тагъдæй æ дзауматæ ракодта. Æ киунугутæ раскъафта æма скъоламæ фæууайуй.

Мадæ иннæ уатмæ Бесæгъури къæхти гъæр райгъуста. Æ фæдбæл рауадæй. Дзоруй имæ:

—Бесæгъур, æнæ хуæргæй ку фæццæуис? Мæнæ дин æйкитæ æма æхсир рафицон. Бахезæ æма бахуæрæ.

—Нæ, нана, байрæги мин æй. Скъолай бахуæрдзæнæн,—загъта Бесæгъур æма рараст æй. Бахъæрттæй скъоламæ.

Бакастæй къæразгæй къласмæ.

—Ци дессаг æй а?—загъта Бесæгъур.

Фарсбæл сахат ин амонуй, скъоламæ йе'нгъудæй сахат раздæр ке æрбацудæй, уой. Бесæгъур балæдæрдтæй æ рæдуддзийнадæ. Фæстаг финддæс бони адтæнцæ мегъæ бæнттæ. Нæбал рагъуди кодта Бесæгъур, уалдзæг æрдæмæ бæнттæ даргъдæр ке кæнунцæ, уой. Хори туптæ фарсбæл сæ зумæгон бунат райивтонцæ.

## Уалдзæги куститæ.

Нæ колхозонтæ еци æмгуппæй косунцæ, ка будурти, ка дзæхæрати, ка рæзæдæнтти.

Будурти трактортæ фæлдахунцæ гъæздуг зæнхæ.

Колхозонтæ хецæн бригæдтæй косунцæ соцерисæй, æз хуæздæр æма æз тагъддæрæй. Таунцæ рагуалдзигæнди хуартæ æма халсартæ: зæтхæ, мæнæуæ, æпхæ æма таугæ кæрдæгутæ; æртæсифон æма хъæдорхуасæ.

Хецæн бригæдтæ бабæй косунцæ дзæхæрай.

Халсартæй уазалæй ка нæ тæрсуй, уæхæнттæ бал аразунцæ. Етæ ба æнцæ къумбул, æпхæ æма басгæрдæг.

Берæ куст ес рæзæдæнтти дæр. Нæуæг бæлæстæ аразунцæ. Ка си ес, еци бæлæстæн ба сæ уæлдай æма сæ хускъæ къалеутæ лух кæнунцæ. Сæ алли фарс син къахунцæ, фæлмæн кæнунцæ, зæнхи уомæл цæмæй ма исуса, уой туххæй.

Къирæй син цæгъдунцæ сæ зæнгтæ. Бæлæсти пурф кæнунцæ хуасæй, цæмæй фесæфонцæ бæласæн знаггадæ кæнгутæ.

## Парижи коммуни бон.

1871 анзи уалдзæги Франци усдурдæр горæт Парижи косæг адæм исистадæнцæ гъæздугути æма хецауади нихмæ.

Бартæ райстонцæ сæ къохмæ.

Берæ нæ раходта Парижи коммунæ. Е адтæй айдагъ 72 бони, фал берæ хуарз гъуддæгтæ искодта фæллойнæгæнæг адæмæн.

Скъолай нæбал уагъта дини гъуддаг ахур кæнун. Дзиуæрттæ æма саугинтæн сæ зæнхитæ байста. Косæг адæми къохмæ сæ равардта. Ка фæллигъдæй, еци буржуазий фабриктæ равардта косгути къохмæ. Уæхæн дзурд рацудæй, цæмæй косгутæ талингæ æма уомæл пъадвалтæй баледзонцæ гъæздугути хæдзæрттæмæ.

Берæ хуарз гъуддæгтæ ма исаразтайдæ Коммунæ, фал капиталисттæ, зæнхгинтæ æма саугинтæ Коммуни нихмæ сæ тухтæ æрбаеу кодтонцæ.

Коммуни адæм, æд силгоймæгтæ, æд сувæллæнттæ сæ цард исуæлдай кодтонцæ. Тох кодтонцæ бустæги бæгъатæрæй.

Фал сæбæл тогцъиртæ фæттухгиндæр æнцæ. Æма уæд райдæдтонцæ сæ маст есун.

Гъæздугутæ хъæбæр бафхуардтонцæ косæг адæми.

Коммунартæй хъæбæр берæ цагъди фæцæнцæ, иннетæй ба—ке ахæстони бакодтонцæ, ке ба рарвистонцæ идард, зин цæрæн бæстæмæ.

## Уалдзæг.

(Скъуыддзаг „Чи дæ?“-йæ).

Хур арæхдæр тавы,
Сулæфы зæхх.
Сæгъ хъæмпæй нæ давы,—
Нæ хуссæрттæ—цъæх,

Фæмил вæййынц хæхтæ,
Фæбур вæййы дон.
Æртæхынц нæм мæргътæ,
Фæтынг вæййы бон.

Фæзыны гæлæбу...
Зынг фесты зæрдæ...
Гъе, мардзæ, нæ лæппу!
Цы фæдæ, кæм дæ?!

*Къоста.*

## Фиццаг ауæдзæ.

Нæ колхоз федар кæнуй. Æ машинттæ æнцæ цæттæ. Рæвдзæ'нцæ æ еумæйаг фонси бунæттæ дæр.

Гъæздугути байзайæгкæгтæ ма еуæй-еу хатт ардауæн дзурдтæ фæккæнунцæ къумти, фал сæмæ игъосæг нæйес. Колхозонтæ сæ куст кæнунцæ.

Хумæ кæнунмæ рацæуни размæ бони исаразтонцæ æмбурд. Колхозонтæ еугурæй дæр адтæнцæ уоми. Колхози сæрдар æмбурд байгон кодта æма загъта:

— Нæ куститæ нури уалæнгæ рæвдзæ æма бæлвурд æнхæст кодтан. Фал нин нур дæр ес æнхæст кæнуйнаг агъаззаг куститæ. Етæ æнцæ уалдзигæндæ—раггонд æма нæути фæлдæхтгонд. Машинттæ цæттæ 'нцæ. Бавналæн хумæ кæнунмæ.

Колхози сæрдар æ цубур радзурд фæцæй. Æ фæсте колхозонтæй дæр еу къуар радзурдта.

Æмбурд сæрдари радзурдмæ гæсгæ унаффæ рахаста, хумæ кæнунмæ рæвдзæ ке февналдзæнæнцæ, уой туххæй.

Дуккаг бон колхозонтæ будурмæ рацудæнцæ, сæ кустмæ бавналдтонцæ. Еу æрдигæй трактор тур-тур кæнуй æма заманай сойнæгун зæнхæ фæлдахуй. Æ фæсте мæргътæ уайунцæ æма золкъитæ едзунцæ. Минкъий идарддæр фæлмæн конд зæнхæбæл тауæн машинæ æ куст кæнуй. Æвзаргæ нæмгутæ зæнхæбæл тауй.

Уонæй минкъий идарддæр хумæ кæнунцæ хуæрзхаст колхозон бæхтæй. Готондарти игъæлдзæг зард идардмæ зæлланкæнуй.

Уонæй идарддæр ба, къулдунтæмæ хæстæг тракторти бригадæ хумтæ фæлдахуй.

Бæхæй ласгæ готæнттæ сæ нифс кæмæ нæ хастонцæ, еци зæнхитæ сау радарун кодтонцæ трактортæ.

## Зæрватыкк.

Зæрватыкк—æнæ хъыг,
Æнæ маст цæрæг!
Дæ зарæг—нæ дарæг,
Нæ уалдзæг кæнæг!
Хъæлдзæгæй, æвзыгъдæй
Фæхæтай фæрнæй,—
Нæ хæхты, нæ бæсты,
Æлдар кæмæн нæй!

*Къоста.*

## Рæзæ-дзæхæрай æнхусгæнгутæ.

Бæлæстæн берæ зиан хæссунцæ алли хузон листæг хелгутæ. Уонæй еуетæ хуæрунцæ бæласæн æ сифæ, иннетæ ин æхсинунцæ æ цъарæ, кенæ æ едагæ, иннетæ ба хуæрунцæ бæласæн æ къубарæ. Етæ еугурæй дæр зиан кæнунцæ бæласæн.

Адæймагæн еци знаггадæгæнгути нихмæ тохи æнхусгæнæг æнцæ цъеутæ.

Етæ тæхунцæ рæзбун-дзæхæрай бæлæстæмæ, хъæбæр берæ хуæрунцæ еци листæг хелгутæй, уæлдайдæр уалдзæг, бæдæлттæ ку рауадзунцæ, уæд. Уомæ гæсгæ цъеути астъæнттæ ихалун нæ гъæуй. Цъеутæ хæссунцæ усдур пайда гъæууон хæдзарадæн. Исбæлвурд кодтонцæ,—цъеутæ фулдæр ци рæзбун-дзæхæрати цæруй, уоми фулдæр ке æрзайуй рæзæ.

Сувæллæнттæ дæр нæ ironх кæнунцæ рæсугъд рæзи. Етæ зонунцæ, бæлæстæмæ нур ку нæ базелонцæ, уæд син сурх-фазæ адгин фæткъутæ не'рзайдзæнæй, æма æнæзийнадæй косунцæ рæзбун-дзæхæрадæнтти. Сæ лухтæ син исæрдæнæй байсарстонцæ. Сæ бундзæфхæдтæ син ниххафтонцæ æма сæ къирæй исцагътонцæ.

Бæлæсти буни сифтæ æрæмбурд кодтонцæ, идарддæр сæ фæххастонцæ æма сæбæл арт бандзарстонцæ. Бæлæсти алли фарс искъахтонцæ. Талатæбæл бузуртæ истухтонцæ.

Уотæ базилдæнцæ рæзбун-дзæхæрамæ, уæдта ин æ дуар федар нихгæдтонцæ, фонс имæ куд нæбал цæуонцæ æма бæлæстæ куд нæбал сæдтонцæ, уотæ.

Цъеути æртæхунмæ бæлæстæбæл кæнунцæ астъæнттæн кълеткитæ.

## Саумæлгъитæ.

I

Рæсугъд уалдзигон сæумæ... Хор сурх-сурхидæй истулдæй фæсрагъæй æма цъæх будурти райтигъдта æ сугъзæрийнæ тунтæ. Бæстæ райгъал æй. Сæумон думгæ идардæй æрбахæссуй трактори гув-гув.

Мæргътæ тæхун байдæдтонцæ гъар бæстæй. Фиццагдæр фæззиндтæнцæ саумæлгъитæ. Се'ртæхун афонæмæ син скъоладзаутæ бацæттæ кодтонцæ сæ зæронд кълеткитæ, æрауигътонцæ нæугутæ дæр.

Изæрæй 10 мартъии скъоладзаутæй кадæр фæгъгъæр кодта: „Кæсетæ, кæсетæ—саумæлгъитæ!“ Æцæгæй, саумæлгъитæ бадтæнцæ бæрзонд гæди къалеутæбæл. Нимайун сæ райдæдтонцæ: „Еу, дууæ... фондз, дæс, финддæс“... Еци изæр саумæлгъитæ нæ дæр заргæ кодтонцæ, нæ дæр гæппитæ. Цума сæ тухтæ æмбурд кодтонцæ идард балций фæсте, уойау сæхе дардтонцæ. Дууæ боней дæргъи етæ бæрæг кодтонцæ æма сгарстонцæ сæ фариккон зонгæ бунæттæ. Уæдта райдæдтонцæ цæрæнтæ аразун.

Сæ фари астъæнттæй сорун байдæдтонцæ тæхгæ цъеути. Дессаг æй, тæхгæ цъеути куд фæссорунцæ, е. Саумæлгъитæ æнкъæйттæй фæббадунцæ сæ фариккон

астъæнтти сæрмæ æма æнæ мæтæй дæгъал-мугъул кæнунцæ кæрæдзей хæццæ. Хаттгай сæ еугай цæститæй золайевæй æдзинæг каст никкæнунцæ бунмæ—астъонæмæ.

Зин бунати фæууй астъони бадæг тæхгæ цъеу. Æ хийнæйдзаг къембур стæнмæ радаруй астъони тумбул цъасæй æма'й фæстæмæ баскъæфуй. Хъæбæр ку исистонг уй, уæд æнæбари ратæхуй астъонæй. Куддæр тæхгæ цъеу ратæхуй, уотæ саумæлгъæ дорау æхе æргæлдзуй бунмæ, астъонæмæ фæммедæг уй, æма астъонæ уой бауй, хæдзари хецау исуй .саумæлгъæ. Тæхгæ цъеуи хæдзарадæн ралæууй кæрон.

Саумæлгъитæ сæ астъæнттæ гъæуай кæнунцæ радугай: еу астъони фæббадуй, иннæ ба хуæруйнаг агорæг тæхуй.

Саумæлгъæ æ астъонæмæ хæссуй алли хузон аразæн дзаумаутæ: гъунатæ, бæмпæги гæппæлтæ, пакъутæ, гъæмпитæ, хускъæ кæрдæгутæ. Саумæлгъæ астъонæ арф кæнуй, цæмæй имæ тикиси къах ма хъæрта, кенæ ба халони даргъ къембур. Медæгмæ син балæсæн нæйес: астъонæмæ бацæуæн цъасæ минкъий æй—фондз сæнтиметремæй фулдæр нæй.

## II

Зæнхæ тагъд расор æй. Бæрзи дзæбæх тæфгæнагæ къомбохтæ рахæлеу æнцæ. Будуртæ хумгонд цæунцæ, дзæхæрадæнттæ къагъд æма хæмпосгонд. Цæй бæрцæ рахелуй æма рахауй зæнхæй алли хузон къудур кæлмитæ, золкъитæ, гъонцъиртæ, хъæндилтæ. Еусдур дессаг æй!

Етæ еугурæйдæр æнцæ саумæлгъити хуæруйнаг. Уæ зæрдæй, еу саумæлгъæ цæйбæрцæ ниццæгъдуй сæрди æндæргъцæ еци дзæхæрай знаггадæгæнгутæй?

Ку сæ исбарæн, уæд сæ уæзæ рауайдзæнæй саумæлгъæн æхе уæзæй æртæ сæдæ хатти фулдæр.

Бон изæрмæ саумæлгъæ фæразуй æнæ æринцойнæй змæлун, ратæхæ-батæхæ кæнун.

Уалдзæг саумæлгъæ æхецæн хуæруйнаг нæ агоруй нæдæр уæлдæфи, зæрбатгути хузæн, нæдæр бæлæстæбæл, гъæдкъуæрау.

Уомæн æ хуæруйнаг æй зæнхæбæл æма зæнхи.

Адæймаг æхе сабур ку дара, уæд си саумæлгъитæ нæбал фæттæрсунцæ, хæстæг цæун имæ байдайунцæ.

Бавзаретæ ма сумах дæр саумæлгъитæн уаллæнттæ гæлдзун, фиццаг идардæй, уæдта хæстæгæй-хæстæгдæр.

Куд фæстæмæ саумæлгъитæ уотæ исахур уодзæнæнцæ æма уин хуæруйнаг уæ къохтæй есдзæнæнцæ.

Саумæлгъи зарунмæ игъосун гъæуй сæумæ раги. Сæумæй, уæлдæф минкъий куддæр фæгъгъар гæсгæ уй, уотæ саумæлгъитæ рабадунцæ бæрзонд бæласи къалеутæбæл æма райдайунцæ сæ зартæ.

Адæймагæн хъæбæр æхцæуæн æй сæ зард.

---

1. Радзоретæ, куд фæддарунцæ саумæлгъитæ сæхе фиццаг бонти, гъар бæстæй ку'трæхунцæ, уæд?
2. Ка кæнуй саумæлгъитæн астъони бунæттæ?
3. Куд тох кæнунцæ саумæлгъитæ тæхгæ цъеути хæццæ астъæнттæбæл?
4. Цæмæй æфсадунцæ саумæлгъитæ сæхе?
5. Ци пайда æнцæ саумæлгъитæ адæмæн?

---

**Берæ зиан хæссунцæ гъæууон хæдзарадæн алли хузон золкъитæ. Цъеугæ еци золкъити фехсуйун кæнунцæ æнæ нимæдзæ берæгай.**

**Сувæллæнттæ! Ма ихалетæ цъеути астъæнгтæ. Ма маретæ син сæхе дæр!**

## Сауцъиу.

Нæ сауцъиу, нæ уарзон
Æгас нæм æрцу,
Æрбакæс, дæ ахстон
Хæдзарау рæвдз у.

Æртæх æм, æрцæр дзы,
Нæ уалдзæджы хай,
Æнусмæ дæ царды
Ды арфæйаг уай.

Æскодтам хæларæй,
Мах ахстон дæуæн
Æмæ дзы зæлангæй
Дæ зарджытæ кæн!



## Узун.

Цудтæн еухатт нæ дони билæбæл, æруидтон къотæри буни узун. Узун дæр мæ фæууидта, æхе æрбатумбул кодта. Мæ цулухъи финдзæй æй ра къуæрдтон, фал неци, æрмæст æ судзинттæй цулухъ ракъуæрдта.

— А, уотæ кæнис! — исдзурдтон æз.

Æма'й цулухъи финдзæй донмæ расхустон.

Уайтагъд е æхе рахæлеу кодта æма билæмæ фæннакæ кæнуй. Райстон лæдзæг, узуни си мæ ходæмæ æрбатултон æма' й æрхастон нæхемæ. Исфæндæ кодтон узуни мæхемæ дарун, уадзæ ма—миститæ ахæсса. Æривардтон синдзгун кубулойнæ зæнхи астæу æма аргъаунбæл исбадтæн.

Аргъаугæ-аргъаугæй бафунæй дæн, газет мæ къохтæй зæнхæмæ æрхаудтæй.

Тар фунæйгæнагæ нæ дæн. Еу афони мæ гъоси цæй-

дæр сдуф æрцудæй. Раасугътон спичкæ, уомæй цирагъ æма рауидтон, узун хуссæни бунмæ куд фæммедæг æй. Газет стъоли разæй зæнхи астæумæ æрбафтудæй.

Цирагъ содзгæ ниууагътон; мæхуæдæг дæр нæ фунæй кæнун, гъуди кæнун: „Газет æй цæмæн багъудæй?“

Уотæ тагъд узун хуссæни бунæй рауадæй, газети фалæмбулай зелæнтæ кæнуй, æ хъум-хъум цæуй; куддæртæй газети еу кæрон æ судзинттæбæл æркодта æма дин газет къуммæ фæххæрхæр кæнуй.

Тагъд рæстæгмæ узун газетæй астъонæгонд ракодта.

Цирагъ ба фу кодтон.

Мæ гъоси бабæй цæуй цæйдæр сдуф. Цирагъ раасугътон, æма куд æнгъæлетæ? Узун фæууайуй, æ судзинттæбæл фæткъу фæддавуй. Бауадæй астъонæмæ, æргæлста фæткъу æма фæууайуй дуккагмæ къуммæ: къуми цъилобибæл фæткъутæ æвæрд адтæй. Бауадæй узун фæткъутæмæ, ратулдта æхе сæ размæ æма фæстæмæ фæууайуй, дуккаг фæткъу æ судзинттæбæл фæддавуй. Уотемæй узун цæрун байдæдта мæ хæдзари.

---

Ци агъаз æнцæ узунтæ?
Куд искодта узун æхецæн астъонæ?
Ци пайда æй узун адæймагæн?

---

**Узун хуæруй миститæ, сæтæлгутæ, алли хузæн золкъитæ æма гъæууон хæдзаради æндæр знаггадæгæнгути.**

Ма маретæ узунти.

---



## Цауæни.

Гъæдрæбун игуæрдæни хизтæй бæхти къуар. Тар гъæдæй сæ усдур арс æристæфтæй. Гъузгæй сæмæ фæд-

цæуй. Е сдур дзæмбутæ арæхсгай фæлмæн æвæруй зæнхæбæл: тæрсуй хускъæ къуæцæлти састи къæрц бæхти гъоси æрцæунæй.

Гъæди кæрони, арсæй бæхти 'хсæн, ести усдур цургъд лæууй. Бæхтæ арæх сæ сæртæ хæрдмæ исдарæ-исдарæ кæнунцæ, смотунцæ, фал сæ финдзи неци цæуй: думгæ арси 'рдæмæ кæнуй. Уинун ба'й ести цургъд нæ уадзуй.

Арс ести цургъдбæл сосæккæй фæззелæн кæнуй; бæхтæмæ æхе ласуй. Æваст цургъдæй минкъий, нæзи гуркъой асæ, цъеу спæррæст кодта: æ къембур циргъ, æ гурæ æнгози хузæн, æ думæг ба хъел. Арси сæрти нillæг æрбатахтæй.

Арс æхе æргæлста, гъунабæл нитътъæпæн æй; цъеу æй уæддæр æруидта æма зæлланг цъест фæккодта.

Скъот бæхти гъоси æрцудæй. Бæхтæ се 'рух фæххаттонцæ, арси рауидтонцæ. Ниууастонцæ, фæллигъдæнцæ.

Арс рамæстгун æй, фæггæпп кодта, цъеу ахæссунмæ фæцæй. Листæг цъеу мистау æ сагæхти æхсæнти ратæррæст кодта æма бæласæмæ истахтæй. Ахæссæй цо ду!

Арси цауæн фæдздзæгъæл æй.

## Куй.

Адæймаг ма гъæддаг сирди цард ку кодта, уæд æ цард фæххуæздæр æма фенцондæри туххæй байдæдта гъæддаг куйи æрмахур кæнун.

Куй æ бауæри кондæй, æ миутæй æма æ цардæй бирæгъи хузæн æй. Будури сæ фæууингæй адæймагæн бирæ хæттити зин базонæн фæууй, куй æй, æви бирæгъ.

Куйтæ бирæ агъаз æнцæ адæймагæн: гъæуай кæнунцæ хæдзæрттæ, колхозти фусти дзогтæ, цæунцæ цауæни; цæгат уазал бæстити ба сæ бæхти бæсти дæр ефтиндзунцæ дзонугъти уæргътæ ласунмæ æма есгумæ цæунмæ.

Тугъди рæстæги ба куй никки хъæбæрдæр æнхус дæттуй адæймагæн. Фал куй тæссаг æй, ку исæрра уй, уæд, уæдта куййæй адæймагмæ æрбацудæнцæ губуни кæлмитæ дæр.

Куйтæ се смотæнтæй смаг хъæбæр хуарз лæдæрунцæ. Цауæни куй смагæй уайтагъддæр сирди фæд иссе-

руй, балæдæруй. Фийау-куй идардмæ дæр базонуй берæгъ ке æрбацæуй, уой, адæмæй, нæма базонунцæ, уотемæй. Хуæздæр смотунæн куййæн агъаз æй æ финдзи уомæл. Егарæн æ къæхтæ æнцæ листæг æма даргъ, уайунмæ рæвдзæ куд уа, уотæ. Æ гурæ фæуууй нарæг, æнцондæр ин куд уа, уайгæй, уæлдæф игæрдун, уотæ. Æ дæндæгутæ æнцæ циргъ æма федар: ставд стгутæ дæр си æрлистæгутæ кæнуй.

Куйтæ игъосгæ дæр кæнунцæ хуарз, уæлдайдæр ба хъелгъостæ, сæ гъости цъæстæ игон ке'нцæ, уой фæрци.

Ци гъуддагæн æй гъæунцæ, уомæ гæсгæ адæймаг рагæй ардæмæ куйтæн сæ конд æма сæ уиндæ æйивта æма си алли хузи куйи муккæгтæ равзурун кодта.

## Марходарæг.

Лæг кæрдзынæй дæр æфсæды
Гутоны фæстæ.
Рагæй нал фæци нæ гæды
Урссаджы хъæстæ.

Зæрдæ нал агуры хъазын,
Аргъæуттæй фæцух,
Удхæссæг ын фестад зарын,
Хъыг кæны æдзух.

Амар æй, фæлтау, фыр надæй,
Акъах ын йæ цæст,
Фесаф æй бынтон, æгадæй, —
Бафсад æй æрмæст!

Йе стонгæн бæргæ нс цары
Иу нæртоны хос,
Фæлæ йæм фæндаг нæ ары, —
Аскъуыйа йæ бос! —

Галы фиу... Йæ бын мæхъийау
Фондз уæрдæхæй баст,
Бурбурид æсси фæткъуыйау,
Афæдзваг у раст!

Йе рагъ афасти фыр нæрстæй,
Хус æсмаг хæссы...
Гъе, ныр дæр та йæм цъынд цæстæй
Стонг гæды кæсы...

Куыдз дæлдæр хуыссы йæ цуры,
Унæргъы, хъæрзы...
Бахудт æм æмæ йæм дзуры:
„Скастæ та йæм, цы?"

Гæды фестъæлфыд... Фыр мæстæй
Аныхта йæ сæр,
Ракаст йе знагмæ мæрддзæстæй,—
„Гъе, зæронд сæлхæр! —

Загъта: „Ма тæрс, æз мæ цардæн
Базыдтон æгъдау!
Ма тæрс, гуыдынхъус, æз нал дæн
Мархохор, дæуау!.."

*Къоста.*

## Гъæуайгæнгутæ.

Габо цардæй Горæти кæрони. Е æ хæдзарæ некæд æхгæдта, есгумæ-еу ку цудæй, уæд. Æма'й æхгæнгæ дæр цæмæн кодтайдæ,— ку имæ адтæй ахур гъæуайгæнгутæ—дууæ аргъунахъ куйи.

Еу хатт æрæздахтæй сæхемæ æма уинуй: бадæнгæбæл бадунцæ дууæ давæги, сæ размæ бадунцæ дууæ куйи.

— Гъи, бадетæ, мæ хæлæрттæ?—фæрсуй сæ Габо.

— Бадæн. Æртæ сахаттей бæрцæ бадæн, æма нæ аци фидбилизи куйтæ фезмæлун дæр нæ уадзунцæ. Медæгмæ нæ æрбауагътонцæ—нæ рæйдтæнцæ. Нур ба нæ дзиппæмæ февналун дæр нæ уадзунцæ. Зæгъæ син æма нин тамаку думуни барæ радтонцæ.

— Милиций бадумдзинайтæ. Исистетæ æма разæй цотæ, айдагъ ледзуни фæндæ ма искæнетæ, ниттондзæнæнцæ уæ. Дзиппæмæ равналун (ка'й зону, кæд уæмæ хуæцæнгарз ес), кенæ уæ ледзун нæ бауаддзæнæнцæ куйтæ: уотæ ахур æнцæ.

— Ду гъæуай кæнæ ами! — загъта Габо куйтæй еуемæн,—ду ба мæ хæццæ рацо!—æма æ хæццæ ракодта дуккаги, уотемæй еци дууæ давæги æркодта милицæмæ.

## Æхсæрсæттæг.

Æхсæрсæттæг хæдзардзин æй. Е зумæгмæ алци дæр исцæттæ кæнуй æма зумæг æ гъар хæдзари, бæласи мурай æфсесæй æхецæн аргъæуттæ кæнуй. Хор бони æндæмæ рацæуй. Бæласи цонгбæл дзæбæх бадæн искæнуй. Уордæмæ тæрситæ, æхсæртæ рахæссуй, дæндагæй сæ сæттуй æма сæ хуæруй. Ку бафсæдуй, уæд æй æрфæндуй гъазун, æма уæд бæласи къалеутæбæл еуемæй иннемæ гæппитæ кæнуй.



Хаттæй-хатт зæнхæмæ дæр æрхезуй æма уоми дæр ратезгъо кæнуй. Зумæг æхсæрсæттæгæн æ цар фæуууй уорсбун.

## Берæгъ.

Берæгъ цæруй æдзох дæр скъæфæггагæй. Зумæг фонс скъæтæй æндæмæ ку нæбал фæццæунцæ æма гъæддаг сирдтæ сæ бунати ку баримæхсунцæ сæхе, уæд берæгъ стонгæй, уазалæй истухсуй æма неун байдайуй, уæлдай дæр æхсæвигон.



Берæгътæй еу ку нинцеуй, уæд имæ иннетæ æрбамбурд унцæ. Ку баберæ унцæ, уæд фæннифсгундæр унцæ æма адæммæ, гъæутæмæ лæборун байдайунцæ.

# Стонг берæгъ.

(Аргъау)

Уæлвæзи будури хизтæнцæ фулитæ, уотемæй сæмæ кæцæйдæр берæгъ фæззиндтæй æма син загъта:

— Нуртæккæ уæ хуæрдзæнæн!

Фулитæ хъæбæр фæттарстæнцæ, фал ма загътонцæ берæгъæн:

— Раздæр ни ке хуæрдзæнæ?

— Уобæл уæхуæдтæ бафедауетæ!

— Цæй, мадта, мах догъи рауайдзинан æма ни фæстаг ка байзайа, уой-еу раздæр бахуæрæ.

— Хуарз, рауаетæ!

Фулитæ фæйнердæмæ фæццудæнцæ æма сæхе рауагътонцæ берæгъмæ æма'й ниггуппитæ кодтонцæ.

Берæгъæн æ фæрстæ нимморæ'нцæ æма дæлбилæмæ ратулдæй. Фæссадæй еў дзæвгарæ, уæдта исевгъудта хонсармæ. Хонсари хизтæнцæ уæситæ, æма бабæй син берæгъ уотæ зæгъуй:

— Хуæргæ уæ кæнун!

Уæситæ имæ дзорунцæ:

— Уо, дæ рун бахуæрæн, зарун ма нæ уæддæр бауадзæ.

— Цæй, низзаретæ,—загъта берæгъ.

Уæситæ ниббогъ-богъ кодтонцæ. Гъæу фæффæдес æнцæ. Берæгъæн бабæй æ фæрстæ нихxуастонцæ, уотемæй райервазтæй. Фæссадæй бабæй дзæвгарæ, уæдта исевгъудта гъæдæмæ.

Гъæди хизтæй согдзауи хæрæг, бацудæй имæ берæгъ æма ин загъта:

— Ду ба мин кумæ ервæздзæнæ?! Хуæргæ дæ кæнун нуртæккæ!

— О, дæ рун бахуæрон, ду мæ аци уæззау уæргътæй ку фæййервæзун кæнисæ, æма æз дæ фæхъау ку фæуинæ! Айдагъ мæнæ мæ зæбæти еу зæгъæл ес, æма дæ хъури ку фæббада.

— Æма ин раласæн нæйес?

— Цæмæннæ, уæгъдæ'й.

— Мадта радарæ дæ сæфтæг.

Хæрæг идæрдтæбæл фæххаста æ сæфтæг æма си берæгъи сæрæн агъаззаг цæф никкодта. Берæгъ мæскъæмæ ниттулдæй æма уоминиммардæй. Абони дæр мæнн æ мард золкъитæ хуæрунцæ.

---

Радзорæ аргъау.

## Уайдзæф.

Коммæгæсы ма цæв,—
Мастæн æй хæсдзæн;
Хивæндмæ дæ уайдзæф,
Худæгау кæсдзæн...

Бирæгъмæ та раджы
Арс кæмдæр хæцыд...
Дзуры йын: дæ руаджы
Фесæфтис нæ цыт...

Алкæмæ лæбурыс...
Арæхстджын — дзыхæй,
Афтæмæй нæ курыс —
Архайыс тыхæй!..

Кад к'уаид нæ сæртæн
Ахæм фыдгуыбын,
Уæд дæ хузæн сырдтæм
Нал уаид æппын!

Нæ, фæлæ нæ кадæй
Мах нæ ивæм цæл,—
Мах фæрсджитæ надæй
Никуы вæйынц цъæл.

Фосæн æз зымæг дæр
Нал цæуын сæ фæд...
Ахæм цард дæумæ дæр
Худинаг кæсæд!

—„О,о! бирæгъ загъта,—
Ма рох кæ дæ дзырд"...
Арсы уым фæуагъта,—
Мехъ кæмдæр фæцыд...

*Къоста.*

# Тигр.

Тигр цæруй тæвдæ бæститы. Тигр æй усдур æма тухгин. Усдур фидбилизтæ кæнуй е фонсæн дæр æма адæмæн дæр.

Еу хатт мæ фидæ цауæнæй æрбаздахтæй æма æ хæццæ æрбахаста тигри бæдолæ. Цудæй ибæл 6 мæйи. Æ сæр адтæй усдур, адтæй ин тумбул цъæхбун цæститæ. Æ тæрних адтæй фæтæн, гъостæ ба—цубур. Ном ибæл исæвардтан Цуци.

Бинонтæ хуссунмæ рандæнцæ. Уой медæгæй ниуагътан галингæ уати.



Æвеппайди Цуци диванæй рагæпп кодта, уати къумти рауайæ-бауайæ кæнун байдæдта, уæдта нигъгъæр ласта. Фидæ имæ бацудæй. Æхе уатмæй æрбакодта.

Сæумæ мах исфæндæ кодтан тигри куйти хæццæ балимæн кæнун. Куйтæбæл тигри тæфæ ку исæмбалдæй, уæд ралигъдæнцæ. Айдагъ къæбула нæ фæттарстæй æма æ хæццæ гъазун байдæдта.

Цуци-еу хæдзарæмæ æнцад бацудæй, баз-еу ку иссердта, уæд-еу æй раскъудтæ кодта æма-еу пакъутæ ниххæлеу кодта. Адтæй ма ин гъазæн—сгæлладæ дзабур. Уати къумти-еу æй рагæлдзæ-багæлдзæ кодта, цума ин мистæ адтæй, уойау.

Цуцимæ хуарз кастæй бæлæстæмæ хезун. Зæнхæмæ еу æхе гъавæгау ниллæг æруагъта æма еци-еу гæпп искодта бæласæмæ.

Гъомбæл кодта Цуци. Усдур тигри миутæ кæнун байдæдта. Хæдзари ин уæгъдæй дарæн нæбал адтæй. Ести фидбилиз исаразунæй си тас адтæй.

Уæд æй мæ фидæ зоопаркмæ равардта.

## Домбай æма робас.

(Æмбесонд)

Домбай базæронд æй, сирдтæ ахæссун æ бон нæбал адтæй. Хийнæдзийнадæй цæрун фæндæ искодта: лæгæти медæгæ исхуссидæ æма æхе иссæйгæ кодта. Сирдтæ



имæ уордæмæ сæйгæфæрсæг цудæнцæ, фал си фæстæмæ неке здахдæй. Домбай сæ ахæста æма сæ хуардта.

Уæд дин имæ робас дæр фæрсæг æрбацудæй. Бацæуæни лæууй æма домбаймæ дзоруй:

— Куд æй дæ нези хабар?

Домбай имæ фæстæмæ дзоруй:

— Лæгъуз. Медæгмæ рацо.

Робас ин дзуапп равардта:

— Фæдтæй бæрæг æй дæ нези хатт: берæ сирдтæ дæмæ бацудæй, фал уонæй фæстæмæ неке раздахтæй.

## Робас.



Робас гъæди зелуй,
Рагон астъонæ еруй.
Æ бæдæлттæмæ седуй.
Сехуар син даруй.

## Робаси аргъау.

Рагима-раги цардæй мæгур робас. Исфæндæ кодта робас æхе исгъæздуг кæнун. Иссирдта нæмуг æма æрдæг. Ниввардта сæ голлаги. Голлагæ ниддумдта æма'й бабаста. Æ рагъиј багæлста æма фæццæуй.

Бахъæрттæй еу гъæумæ. Кæронккаг хæдзари æрфусун кодта, тургъæмæ бацудæй; æ голлагæ кæркити астæу æривардта, æхуæдæгка хæдзарæмæ бацудæй. Дзубандибæл фæцæй хæдзари хецауи хæццæ.

Еу афони робас æндæмæ рауадæй, кæсуй—æ голлагæ кæркити къæхти буни. Кæркитæ нæмуг æма æрдæг рахуардтонцæ. Робас гъæр кæнун байдæдта:

— Уæ кæркитæ мин мæ нæмуг бахуардтонцæ! Нур ма ци кæнон, куд кæнон!

— Ау, мах неуазæги куд багузаввæ кæндзинан. Куд бауадздзинан æй зиан кæнун! Цо, кæркитæй сæ нарддæр æма хуæздæри дæхецæн нийахæссæ æма' й хæссæ!—загъта хæдзари хецау. Робас бацийнæ кодта, раахæста нарддæр æма хуæздæр карки, голлаги æй февардта. Голлагæ æ рагъи байвардта æма рацудæй. Цæуй æма кæсуй, еу хæдзари тургъи берæ фулитæ лæууй.

Робас фулити астæумæ бацудæй. Карк син се 'хсæн æривардта, æхуæдæкка хæдзари хецауи хæццæ дзубан-

дибæл фæцæй. Цалинмæ дзубанди цудæй, уæдмæ фулитæ карки сæ къæхти буни ниммардтонцæ. Робас карки мард ку рауидта, уæд лæбурдтитæ кæнун байдæдта:

— Мæ карк мин уæ фулитæ ниммардтонцæ!— Хæдзари хецау фæттæрегъæд кодта робасæн, æма имæ дзоруй:

— Ци лæбурдтитæ кæнис дæ карки туххæй? Бацо æма хуæздæр фур дæхецæн æрахæссæ.

Куд нæ бацийнæ кодтайдæ робас! Бауадæй, фулити хуæздæри раахæста æма'й голлаги райвардта. Исиста голлагæ æма фæццæуй. Цæуй, цæуй æма уинуй, еу хæдзари тургъи лæууй берæ усдур нард галтæ. Робас галти астæумæ бацудæй; æ голлагæ фури хæццæ галти 'хсæн ниууахта, æхуæдæгка хæдзарæмæ бацудæй æма дзубандитæбæл бабæй фæцæй. Цалинмæ хæдзари хецау робаси хæццæ дзубандитæ кодтонцæ, уæдмæ хъал галтæ сæ сиутæй фури ниррæхуститæ кодтонцæ. Фур ниммардæй, мадта ци кодтайдæ!

Робас, фури мард ку рауидта, уæд гъæр исиста:

— Уæ галтæ мин мæ фур ниммардтонцæ. Нур ма ци кæнон!

Хæдзари хецау робаси хъæбæр мæстгунæй ку фæуудта, уæд ин загъта:

— Ма маст кæнæ дæхецæн. Цо æма галти хуæздæр дæхецæн ракæнæ. Куд нæ бацийнæ бабæй кодта робас. Бауадæй, галтæн сæ хуæздæр æма нарддæри раахæста, голлаги æй рацавта, æ рагъмæй багæлста æма фæццæуй.

Надбæл бауадæй æлдаратæмæ. Æлдаратæмæ адтæй æртæ рæсугъд кизги. Алли кизгæ дæр æ фарсбæл минкъий хъæма дардта.

Æлдаратæ исиуазæг кодтонцæ робаси. Æ гал ин скъæти бакодтонцæ, æхе ин иуазæгдонæмæ бахудтонцæ. Кизгуттæ. Робасбæл цийнæ кодтонцæ, хуарз хуæруйнæгтæ ин бахуæрун кодтонцæ. Ку æрихсæвæй, уæд ин сæхе рази æрхуссæн кодтонцæ.

— Мадта аци кизгуттæй есге æнæ рахонгæ нæйес,— æхе нимæр баунаффæ кодта робас.—Фал куд?

Ку исхустæнцæ, уæд робас æхе исфунæйгæнæг кодта. Кизгуттæ бафунæй æнцæ. Уæд робас фестадæй. Рæсугъддæр кизги хъæма исласта. Рацудæй æма скъæти гал

равгарста. Фæстæмæ бацудæй; хъæма тогæйдзагæй ниццавта кæрдбадзи, æхуæдæгка исхусдæй.

Сæумæ робас рагацау рауадæй скъæтмæ, е'вгарст гали сæргъи ислæудтæй æма гъæр кæнуй:

— Мæ гал мин кадæр равгарста! Ци ма кæнон! Кадæр мин мæ гал равгарста.

Уæд æлдар рацудæй æма загъта:

— Ме уазæги æз æфхуæрун нæ бауадздзæнæн. Исбæрæг кæнетæ, гал ка равгарста, уой!

Уæд робас бауадæй кизги хъæма фелваста æма'й рахаста æлдармæ. Æлдар, тогæйдзаг хъæма ку рауидта, уæд рамæстгун æй æма загъта робасæн:

„Цо æма кизги дæхецæн хонæ“

Робас куд нæ бацийнæ кодта; кизги февардта голлаги, голлагæ е'ккой бакодта æма фæццæуй.

Гъæуæй дзæвгарæ ку рацудæй, уæд робас зарун байдæдта:

— Нæмуг æма æрдæгæй—кæрконæг!
Кæрконæгæй—фуронæг,
Фуронæгæй—галонæг,
Галонæгæй—кизгонæг!
Рæсугъд кизгæ мæ голлаги!—æма никкастæй кизгæмæ
Цæуй, цæуй æма заруй:
— Нæмуг æма æрдæгæй—кæрконæг!
Кæрконæгæй—фуронæг,
Фуронæгæй—галонæг,
Галонæгæй—кизгонæг!
Рæсугъд кизгæ мæ голлаги!—æма бабæй никкастæй кизгæмæ.

Еу афони робас бахъæрттæй фийаутæмæ. Æрфусун кодта робас фийаутæмæ. Фийаутæ хъæбæр бацийнæ кодтонцæ робасбæл. Робас æ голлагæ æд кизгæ æндегæй фæууагъта, æхуæдæг ба медæгмæ бацудæй. Робасæн фингæ æривардтонцæ, æма минасæ кæнуй. Кизгæ ба голлаги кæуй.

— А ци хабар æй?—загъта лæппо фийау
Голлагæй кæун ку цæуй.—
Никкастæй голлагæмæ—æма си—кизгæ.

Лæппо кизги фелваста голлагæй æма си куйи къæбула февардта. Уæдмæ робас минасæгонд фæцæй.

Раарфæ кодта фийаутæн. Голлагæ е 'ккой ракодта æма фæццæуй. Еу дзæвгарæ ку рацудæй, уæдта бабæй зарун байдæдта.

— Нæмуг æма æрдæгæй—кæрконæг!

Кæрконæгæй—фуронæг

Фуруонæгæй—галонæг, галонæгæй—кизгонæг!

Рæсугъд кизгæ мæ голлаги! Голлагæмæ никкастæй... Къæбула робаси къембурмæ фæллæбурдта æма ин æй ратудта. Уотемæй робас æнæ къембурæй фæллигъдæй. Къæбула ба фæстæмæ рафардæгæй. Уони æрцудмæ ба сумах дзæбæхæй цæретæ!

## Адæймаги бауæри хæйтти буцæу.

Адæймаги бауæри хæйттæ фæббуцæу æнцæ æма нæбал агъаз кодтонцæ кæрæдземæн.

Къæхтæ загътонцæ: „Цæмæ гæсгæ гъæуама хæссæн мах еугур бауæри? Равзарæд æнæ мах цæрун".

Къохтæ дæр загътонцæ: „Мах дæр нæ фæндуй иннетæн косун".

Ком бахъур-хъур кодта: „Æнæ зунд уодзæнæн, æнæ ести лæвар, хуæруйнаг хуæрзæуууилдæй ахсæнæн ку дæдтон цæмæй æй е цæттæй, æхе уæлгоммæ рауадзгæй, фица. На, æз ин ихуæрст нæ дæн. Цæрæд æнæ мæн, куд зонуй, уотæ".

Цæститæ дæр дес кодтонцæ, цæмæн гъæуама кæсонцæ æгас бауæри туххæй, цæмæн гъæуай кæнонцæ алли минут.

Уотæ нихъхъаугъа æнцæ бауæри хæйттæ æма кæрæдземæн нæбал агъаз кодтонцæ. Ци 'рцудæй уой адæбæл?

Къæхтæ ке нæбал цудæнцæ, къохтæ ке нæбал кустонцæ, ком ке нæбал æуууилдта, цæститæ ке ницъцъундæ 'нцæ, уой туххæй еугур бауæр æнæ змæлгæй фæлмæцун, лæмæгъ кæнун байдæдта æма мæлунбæл иссæй. Бауæри еугур хæйттæн дæр сæ гъуддаг æрлæгъуз æй; никки дæр фæллæгъуздæр адтайдæ сæ гъуддаг, афойнадæбæл ку нæ балæдæрдтайуонцæ се 'нæзунд фæндон, уæд.

На, атемæй цæрæн нæйес,—рагъуди кодтонцæ бауæри хæйттæ æма бафедудтонцæ. Райдæдтонцæ фиццаги

хузæн косун, кæрæдземæн агъаз кæнун,—æма еугур ба-уæр дæр фæррæвдзæй, æрдзæбæх æй æма исхъаруæгин æй.

*Бацеутæ.*

1. Дууæ мадемæн фæйнæ фондз фурти,—сæ еугуремæн дæр еу ном.
2. Еу дзоруй, дууæ кæсунцæ, дууæ ба игъосунцæ.

## Фонси незтæ.

Госæма æнкъардæй, сæргубурæй уадæй. Нагъуæ'й рауидта къæразгæй. Фæууорæдта æй.

— Ци кæнис, ци, Госæма? Ци æнкъардæй фæуадис?

— Куд нæ уон æнкъард? Æзинæ нæ гъог туппу-рæй æрцудæй æргъауæй, æхсир нæбал æркодта, абони ба æргъаумæ дæр нæбал ракумдта. Æнкъардæй тургъи нихъхъан æй, хуæргæ дæр неци кæнуй. Нæ биццеу фон-си дохдирмæ рандæй æма некæцæй зиннуй.

Фал Госæмай биццеу Темболат уайтагъд дохдир æрбалæууун кодта.

Дохдир гъоги фæууидта, хуастæ ин равардта. Гъоги туппур æрбадтæй.

Госæмай исцудмæ гъоги тухуолæфт фæссабурдæрæй.

Дуккаг бонæ фæскомцæдеси кирæ исаразта гъæуæн усдур æмбурд. Æмбурди исæвардта фонси дохдири до-клад, фонси незти туххæй.

Дохдир дзурдта:

— Фонсбæл фæууй алли хузæн незтæ. Зæгъæн: комнез, талæу, мангъау, сасæ æма æндæр уæхæн незтæ.

Стор ку фæссæйгæ уа, уæд æй хезунмæ скъæрун нæ гъæуй. Афойнадæбæл цæун гъæуй дохдирмæ, цæмæй нез ма рахæлеу уа иннæ фонсбæл, уой туххæй.

Фонси незтæй еуетæ адæмæн дæр хъæбæр зиан æнцæ. Бафтуйунцæ бинонтæбæл дæр. Уомæ гæсгæ, фонси сæйгæй ку балæдæрай, уæд цæун гъæуй дохдирмæ.

---

Госæма æнкъард цæмæн адтæй?
Кæмæ фæддзурдта Темболат? Ка исдзæбæх иодта гъоги?

## Куд конд æй стори бауæр.

Стор фулдæр хуæруй будури кæрдæг æма хуасæ. Еци хуаллагæй æй хуæрун гъæуй берæ. Уомæ гæсгæ æ ахсæн дæр æй усдур. Стори ахсæн конд æй цуппар хаййемæй. Хуæруйнаг æрдæг æууилдæй стор ранихъуæруй ахсæни усдурдæр хаймæ—уæцъæфмæ. Хуæрд ку фæууй, уæд æрдæг æууилд кæрдæг (хуасæ) минкъийгай фæстæмæ рагæлдзуй гъæлæсмæ. Хуæрзæууилд æй кæнуй—синæр цæгъдуй. Æууилд кæрдæг рауадзуй ахсæни минкъийдæр хæйттæмæ. Уоми æрдæг фунх исуй æма рандæуй ахсæни цуппæрæймаг хаймæ.

Уоми хуæруйнаг исцæттæ уй æма уордигæй рандæуй хæлæрттæмæ.

Цæттæ кæрдæги сойнæ хæлæрттæ сæхемæ цъирун райдайунцæ. Кæрдæг тонун ин æнцондæр цæмæй уа, уой туххæй гъогæн е'взаг æй дирзæг. Раззаг дæндæгутæ æнцæ циргъ æма тъæпæн.

Гъог æ финдзи фæрци базонуй кæрдæгæн æ хуарз.

Гъоги тæвдæ бони гъæуй хорæй гъæуай кæнун. Гъоги бауæри арæзт уин бæлвурддæр радзордзæнæй ахургæнæг, кенæ зоотехник.

---

Цал хайемæй конд æй стори ахсæн?

Ци хузæн æй гъоги æвзаг? Ци уавæр дæндæгутæ ес сторæн?

## Гъоги кæвдæс.

Рагон дзамани гъогмæ хуарз нæ зилдæнцæ. Æ рази ин-еу æнæ кæвдæсæй хуаллаг никкалдтонцæ. Гъог-еу æ къембур хуæруйнаги рауагъта, агурдта си-еу дзæбæхдæр комидзаг, уомæ гæсгæ-еу хуаллаг нихxæлеу æй. Хуаллаг-еу фагуси хæццæ исхæлæмулæ'й гъог ба-еу æстонгæй байзадæй æма мæллæг кодта.

Нур гъогмæ цæуй хуарз зилд колхозти æма совхозти фермити. Хуаллаг ин дæдтунцæ кæвдæсти.

Гъог нард æма æхсиргун цæмæй уа, уой туххæй ин æ бунат гъæуй гъар æма кæдзос дарун.

Гъогæн дæдтун гъæуй зумæг, минкъий гъаргомау ка уа, уæхæн дон. Е амал ку нæ уа, уæд æй донмæ æскъæрун гъæуй бонæрæфти; гъогæн изæрæй æгæр æрæги дон ма дæттæ.



Гъогæн хуаллаг дæттæ эрæхдæр, афойнадæбæл, бонæ æртæ хатти. Хуаллаг дæттæ кæвдæси. Уæд гъог уодзæнæй хуæрзхаст æмакæндзæнæй фулдæр æхсир.

Гъогмæ куд базелай, пайда дæр уотæ раттдзæнæй.

---

Куд зилдæнцæ гъогмæ рагон дзамани? Ци фадуæттæ аразун гъæуй, гъог берæ æхсир цæмæй кæна, уой туххæй.?

## Цæргæс.

Тогдзух мæргътæй еуетæ тæхунцæ бонæ, иннетæ ба æхсæвæ. Бонигон тæхæг тогдзух мæргътæй еу æй цæргæс. Е æ астъонæ кæнуй тар гъæди, кенæ бæрзонд къæ-



дзæхбæл. Адæммæ цæргæс хæстæг нæ цæуй æмæ сæ æхемæ дæр хæстæг нæ уадзуй. Е цæруй æскъæфæггагæй, хуæруй æрмæст фид. Нæ'й хуæдмæлхуар мæргътæй.

Цæргæс хуæргæ ци кæнуй, уомæ гæсгæ æй æ бауæри конд дæр. Тогдзух мæргътæ бæрæг æнцæ сæ биринкъи æма сæ къæхти кондæй. Уонæн сæ биринкъæ æй федар, циргъ æма бунмæ къæдзæ. Уæхæн биринкъæй æнцон æй фид тонун. Цæргæсæн æ къæхтæбæл ес даргъ æма къæдзæ нихтæ. Етæ ин агъаз æнцæ маргъ, ке нæ сирд ахæссунмæ æма скъæфунмæ.

Ескъæфæггаг уæззау хуали бæрзондмæ исесунæн ба ин ес усдур æма тухгин базуртæ.

---

Куд арæзт æй тогдзух мæргъти биринкъæ?

## Беркут-цæргæс.

Беркут-цæргæс æй цæргæсти усдурдæртæй. Æ хузæ æй тарбун бор. Æ дæргъæ æй метри бæрцæ. Æ биринкъæ æй федар, æ нихтæ æнцæ циргъ. Еу базури кæронæй инней кæронмæ ес дууæ метри.

Силæ цæргæс бæдæлттæ рауадзунмæ исбадуй мартъий. 35 боней фæсте фæззиннунцæ бæдæлттæ. Цалинмæ бæдæлттæ астъони медæгæ ирæзонцæ, уалинмæ сæ ниййергутæ цауæн кæнунцæ æма син астъонæмæ хуæруйнаг хæссунцæ. Сæ цæуæти разæй 30—40 километремæй идардæр нæ тæхунцæ. Берæ маргъ æма сирд ниццæгъдунцæ. Еу хатт еу астъони рази иссердтонцæ 40 тæрхъоси æма 400 гъæддаг бабузи стгутæ.

Цæргæс цæруй 100 анземæй дæр фулдæр. Бæдолæ цæргæстæ адæймагбæл исахур унцæ. Фал гъæддаг цæргæс æзнæт æй. Цæргæси гъæрæй сирдтæ æма мæргътæ сæхе римæхсун байдайунцæ.

Цæргæс минкъий сувæллони дæр фæххæссуй. Сауæнгæ ма гъомбæл адæймагбæл дæр æхе æруадзуй.

Еу хатт беркут-цæргæс æхе ниццавта тускъабæл. Тускъай гъæрмæ фæффæдесæй æ хецау æма цæргæси фæссурдта. Тускъай нард фæсонтæй цæргæс æхе еуварс фехста, нæл тикиси фелваста æма бурæубæл æрбабадтæй. Цæф тускъа гъæр кæнуй, тикис уасуй.

Лæг хæдзарæмæ бауадæй. Топп раскъафта. Цæргæс топп ку рауидта, уæд лæгбæл æхе ниццавта æма си æ нихтæ ниссагъта. Æртемæй дæр гъæр кæнунцæ, агорунцæ æнхус. Æрбауадæнцæ синхонтæ, æрахæстонцæ цæргæси æма ’й исбастонцæ.

Цал анзи цæруй цæргæс? Ци зиан хæссуй беркут-цæргæс?

## Мæнгæ лæг.

Еу мæнгæ лæг-еу адæми хъæбæр ходун кодта æ игъæлдзæг дзубандитæй. Е ’нсувæр имæ бахицæ кодта. Еу бон е дæр исфæндæ кодта мæнгæ дзубанди радзорун. Нихæсмæ рацудæй æма дзоруй:

— Мæнæ хуарз адæм! Дессаг уин радзорон? Абони гъæди еу саг фехстон æма фат исæмбалдæй æ гъосбæл, æ сиуи кæронбæл æма æ фæстаг къахбæл! Уæдта уоï фæсте ба арвæй къæбулай рæйун фегъустон.

Адæм æнхузонæй исдзурдтонцæ, мæнгæ дзубандитæ кæнис,—зæгъгæ. Уæд адæми астæуæй æ мæнгæ дзорагæ æнсувæр фестадæй æма дзоруй:

— Гæр, æма уæмæ е цæй бæрцæбæл дессаг фæккастæй? Саг фæстаг къахæй æ гъос нихта, æма ибæл фат уотемæй исæмбалдæй.

— Æма уæд арвæй ба ци къæбула рæйдтæй?—дзоруй адæмæй кадæр.

— Е дæр дессаг нæ’й. Цæргæс кæцæйдæр къæбула рахаста, æма е рæйдтæй.

Ка ходун кодта адæми?
Ци бакодта мæнгæ дзорагæ лæг?
Ци бакодта мæнгæ дзорагæ лæги æнсувæр?

## Инкубатори куст.

— Нана, мæ дзауматæ ма мин тагъд рацæттæ кæнæ станцæмæ цæун. Нæ колхози машинæ уоми æртиккаг бон лæууй,—загъта колхозон æригон лæхъуæн, сæ хæдзарæмæ цурд бауайгæй.

— Ци уавæр æй, фæдес æй? Исонмæ бахезæн нæ йес? Е ци уавæр машинæ’й, уотæ тагъд кæмæ кæнис?

— Дессаги машинæ, нана, цъеутæ уадзæн!

— Цъеутæ?! Машинæ цъеутæ уадздзæнæй?! Е ба куд? Нæ дæ лæдæрун. Æнæ каркæй уадздзæнæй?—дестæ кæнуй мадæ.

— Æнæ каркæй, нана, æнæ каркæй. Махмæ карк рауадзуй 12—15 цъеуи, еци машинæ ба рауадздзæнæй хъæбæр берæ цъеутæ.

— Цитæ дзорис, ци?

— Дес ма кæнæ, дæхуæдæг æй фæууиндзæнæ.

— Æма сæ уæд гъомбæл ба ка искæндзæнæй? Карк æйкитæ æрæфтауй, фæббадуй сæбæл, цъеутæ рауадзуй æма сæ хæссуй, гъомбæл сæ кæнуй. Фал машини цъеутæ ба ци фæууодзæнæнцæ?

— Цъеутæ рауадзун усдур гъуддаг нæ'й, нана,—загъта æригон лæхъуæн æ мадæн.—Карк æйкитæбæл бадуй, гъар сæ кæнуй. Айдагъ е æй æ куст. Ку сæ рауадзуй, уæд сæ еугурей гъомбæл дæр не 'скæнуй, се'мбес фесæфунцæ. Ес уæхæн маргъи муккаг, кæци æйкитæбæл бадгæ дæр нæ кæнуй. Нивværуй сæ зменси, æма зменси тæвди фæрци æйкитæй цъеутæ рацæуй.

Машинæй уагъд цъеути ба гъомбæл кæнуй гъардæттæн машинæ. Машинæй рауагъд цъеутæ фæуунцæ федардæр æма гъæдтугъдæр.

---

Ци фæууидта колхозон æригон лæхъуæн?
Ци радзурдта æ мадæн?

## Марихани сагъæс.

Марихани кæркитæ алли бон не'фтудтонцæ æйкитæ. Е син хуæруйнаг берæ дæттун байдæдта, кæд æйкитæ фулдæр æфтауиуонцæ, зæгъгæ.

Еу бонæ Марихан хæдзари фарсмæ бадуй æма сагъæс кæнуй:

— Бæллах нæ'й, мæ кæркитæн мæ хуар бахуæрун кодтон, уотемæй си пайда нæ уинун, нефтаунцæ æйкитæ.

— Æз ахургæнæги бафæрсдзæнæн, нана, е алци дæр зонуй,—загъта Марихани лæхъуæн.

Дуккаг бон лæхъуæн æ мадæн радзурдта, зумæг кæркитæ æйкитæ фулдæр цæмæй æфтауонцæ, уой туххæй ци кæнун гъæуй, уой.

### Ци кæнун гъæуй, кæркитæ зумæг æйкитæ цæмæй æфтауонцæ, уой туххæй.

1. Дæ кæркитæ незæй гъæуай кæнæ.
2. Кæркдонæ кæдзос дарæ.
3. Кæркдонæ гъар дарæ.
4. Алли бон дæр кæркитæн кæдзос дон дæттæ.
5. Бонæ син æртæ хатти хуæруйнаг дæттæ: сæумæ—хуар, сехуарбæл—сор хуаллаги змæнст, изæрæй—хуар.
6. Кæркдони бæлæгъи зменсæ æма фунук никкæнæ, цæмæй си кæркитæ сæхе æвдолонцæ, уой туххæй.

## Уалдзæг.

Быдыртæ дидинæг калынц,
Хъæд дæр æфтауы сыфтæр.
Дæттæ нæ арф кæмттæй уайынц,
Хъуысы æхсæрдзæнты хъæр.

Мæргътæ æртахтысты балцæй,
Быдырты кæрдæг фæцъæх.
Булæмаргъ зары зæлангæй,
Фийæуттæ зарынц дзæбæх.

Цъититæ хæхтыл æрттивынц,
Уалдзыгон хур сæм кæсы.
Цъæх нæууыл сабитæ хъазынц,—
Уалдзæг сын амонд хæссы!

## Дони зелдогъ

Еу суг, дуккаг, æртиккаг, цуппæрæймаг—баеу унцæ æма си рауайуй минкъий цæугæ дон. Цæугæ дæнттæ æфсадунцæ донæй адæми, фонси, зайæгойти, зелун кæнунцæ курæнтти цæлхитæ.

Минкъий цæугæ дæнттæ кæрæдзебæл бафтуйунцæ æма си рауайуй усдур цæугæ дон. Усдур цæугæ дон æ берæ къабæзти хæццæ бафтуйуй кенæ фордбæл, кенæ кæлуй цадæмæ, кенæ ба раст денгизмæ. Денгизти, цадти, дæнтти дон хори тæвдæй исусуй. Исусгæ дони тулфæ хæрдмæ цæуй, мегътæ кæнуй. Еци мегътæ думгæ алли 'рдæмæ хæссуй. Мегътæ ку исбæрзонд унцæ, уæд уазалæй тулфæ дони 'ртæхтæ фестуй. Æртæхтæ хаунцæ зæнхæмæ къæвда, ех, халасæ кенæ мети тъæфилти хузи.

Зæнхи рагъаруй дон. Фæстæмæ си равзуруй сауæдæнттæ, сугтæ, минкъий æма усдур цæугæ дæнттæ, кæцитæ кæлунцæ фордтæмæ, цадтæмæ æма денгизтæмæ. Уордигитæй ба дон исусуй... Уотемæй дон æнæ æринцайгæ зелдогъ кæнуй æрдзи медæгæ.

---

*Радзоретæ.*

1. Адæм куд пайда кæнунцæ донæй?
2. Ци куст кæнуй хор?
3. Ци куст кæнуй думгæ?
4. Дон куд зелдогъ кæнуй æрдзи медæгæ?



## Мудибиндзитæ сгаруни.

Мæнæ райгъалæй мудибиндзæ.Гъунтъуз къæхтæй цæститæ расæрфта. Базмалдæнцæ е'мбæлттæ дæр. Ракастæнцæ къæразгæй.

Уинунцæ: хор ирд кæсуй, алкæми дæр рохс æма гъар.

Ралæстæнцæ æма фæткъубæласæмæ фæттахтæнцæ.

Æгæр раги æрбатахтæнцæ: фæткъуй дзæгæргутæ ма къомбохти римæхст адтæнцæ.

Батахтæнцæ мудибиндзитæ балимæ, фал уобæл дæр еунæг дзæгæрæг дæр нæма ес.

Стонг биндзитæ сæхемæ тæхунмæ гъавтонцæ, уотæ тагъд къотæри буни саудар дидинæг—фиалкæ рауидтонцæ. Фиалкити къосгондтæ адгиндонæй идзаг адтæнцæ. Мудибиндзитæ сæхе бафсастонцæ æма сæхемæ фæттахтæнцæ.

---

**Бакæсетæ**: куд райгъал æнцæ мудибиндзитæ?
**Радзоретæ**: кæми агурдтонцæ муд мудибиндзитæ, æма'й кæми иссердтонцæ?

## Гъæдтаг мудибиндзитæ.

Еухатт фæццуттæн гъæдæмæ бабамæ. Е мæмæ дзоруй: „Нийахæссай мин еу дæс мудибиндзи“—„Цæмæн дæ гъæунцæ?“—фæрсун æй.

— Уæдта'й фæууиндзæнæ.

Тæрфи фæррауай-бауай кодтон, нийахæстон мудибиндзитæ. Гъуди кæнун: „Ци син кæндзæнæй баба?“

Баба ба райста минкий бæтман; ниввардта си муди къæрт, биндзитæ имæ бауагъта æма ин æ сæр бабаста гетени гæппæлæй.

Дес кæнун æма фæрсун:

— Муд син, баба цæмæн дæттис? Фæлтау æй мæнæн равардтайсæ.

— Багæдзæ кæнæ минкъий, мæ хор! Биндзитæ нин се'хæс уæлдайгунтæй бафеддзæнæнцæ.

Райста баба бæтман, æма гъæдæмæ ра'ндæ ан. Цæ-

уæн. Баба биндзитæ еугай уадзун байдæдта, æхуæдæгка кæсуй, ци‘рдæмæ тæхунцæ, уомæ. Баба дзоруй:

—Биндзитæ мудæй бафсастæнцæ, нур баси алке дæр æхе бæласæмæ тæхдзæнæй.

Биндзити фæдбæл цæуæн. Уайтагъд баба исдзурдта: „Бæласæ хæстæг æй“.

Рагъар кодта листитæбæл къалай гæппæл, муди къæрт ибæл ниввардта. Куддæр муди смаг рахæлеу æй, уотæ дуйне биндзитæ æрбамбурд æй: еу инней фæдбæл муди смагмæ тахтæнцæ. Сæ бæласæ син æруидтон.

Баба райста бæласи хурфæй цути‘рдæги бæрцæ муд.

---

Мудибиндзитæ ци дæттунцæ адæймагæн?

## Хæлаур æма мудибиндзæ.

Рохс уæлдæфи, раст дони æмбугъулай сæрмæ, ферттивта зинги стъæлфæгау хæлаур. Рауагъта æ тунæ дони сæрти еу бæласи цонгæй иннæ бæласи цонгмæ, райтигъта идæрдтæбæл æ хизæ. Æхе баримахста æма гъæуай кæнуй.

Игъæлдзæг заргæ хорæфсæст рохс уæлдæфи æрбатæхуй мудагор мудибиндзæ. Тæхгæ-тæхгæй æвеллайди бахаудтæй мудибиндзæ хæлаури тунæмæ. Æ уæзæй хæлаури туни халæ дæлæмæ-дæлæмæ æрцæуй.

Хæлаур дæр æй рауидта. Бауадæй мудибиндзи тæккæ размæ, æ хуæт аллифæрсти бакафта. Сæ дууей уæзæй хизи халæ æмбугъулаймæ æрхæстæг æй. Мудибиндзæ фæстаг рæуигъдæй æхе ратудта хизæй, истахтæй уæлæмæ, хæлаур ба раст æмбугъулай исмедæгæй.

Дони цæхъал хæлаури рауурста æма‘й фехста идæрддæр дæлæмæ.

*Цомакъ.*

## Ка фæууодзæнæй фиццаг.

И цъæх уалдзæг, тæмæн калгæ,
Нæ бæстæмæ фæззиндтæй.
Нæ будуртæ нæ ирд хорæн
Фæббозæнцæ æ тунтæй.

Сæ фур цийнæй æрттевунцæ
Нæ уорс хуæнхтæ, нæ цурд дон.
Хъаурæгинæй нæ сау гъæдтæ
Идзулунцæ сæ фæндон.

Бакæсетæ,—и даргъ фæзтæ
Идзаг æнцæ адæмæй:
И хумгæнгутæ косунмæ
Æрцудæнцæ æнгурфæй.

Нæ колхозон бæгъатæртæ,
Сæ хуымгæндти, æнæ хъор,
Хуарæрзадæн æвæрунцæ
Æнæфезмæлгæ бундор.

Æрзайдзæнæнцæ мæнæутæ,
Æрласдзинан нæ тиллæг,
Усдур кувдти, цийнæгæнгæй,
Æрветдзинан нæ фæззæг.

Нæ фондзанзон цуппаремæ
Фæууодзинан æнхæстгонд,
Нæ адæмæн нæ рохс бæсти
Ивулдзæнæй сæ амонд.

Нæ фæллойнади Геройтæ
Нæ дзиллитæн—фæнзуйнаг,
Æрцудæй нин кусти рæстæг!
Ка фæууодзæнæй фиццаг!

## Мудибиндзити куст.

Махмæ рагæй зонунцæ мудибиндзити куст, фал абони дæр ма беретæ сæ биндзити дарунцæ бæтмæнтти медæгæ. Муд есун ку исфæндæ кæнунцæ, уæд мудибиндзити бæтмæнттæмæ хъуæцæ баскъæрунцæ æма сæ ниммарунцæ.



Мудибиндзити кустæн нæ бæстæ мæгур нæй. Алли хæдзарæн дæр ес биндзитæ дарæн. Æцæг сæ гъæуама фиццаги дарди хузæн мабал кæнæн, фал гъуддаг исæвæрæн, ахурадæ куд амонуй, уотæ. Мудибиндзити, бæтмæнтти бæсти, дарун гъæуй асиккити медæгæ (кæсæ хузæмæ колхозтæ сæ куд дарунцæ, уотæ, уæд мард нæ цæудзæнæнцæ сæ биндзитæ.

Мудибиндзæ кæнуй бедзæ. Бедзи къосбуни мудибиндзæ æфтауй æйкитæ. Æйкитæй рацæуй кæлмитæ, етæ исунцæ биндзитæ. Биндзитæ æмбурд кæнунцæ дидингути адгин сойнæ æма ругæ. Уонæй биндзитæ кæнунцæ муд æма бедзæ. Муди биндзитæ сæрди дæргъи искæнунцæ берæ муд.

## Хæфсæ.

Уалдзæги гъармæ хæфситæ дæр рабурунцæ. Изæрæй сæ гъæр фегъусуй идардмæ.

Хæфситæ фулдæр цæрунцæ дони. Бони тæвди дони бадунцæ, фал зæнхæ уомæл ку фæууй, уæд сор зæнхæмæ дæр рацæунцæ. Етæ хуæрунцæ алли листæг цæрæгойтти, зæгъæн: уаруни золкъити, гъонцъирти, листæг кæсæлгити, æма æндæр уæхæнтти. Хæфсæ хуæрагæ'й. Е исафуй берæ листæг знаггадæ кæнгути æма уомæй агъаз æй фæллойнæгæнæг адæмæн.

Уалдзæги хæфсæ ку райгъал уй æзумæгон тарф фунæйæй, уæд дони билæмæ хæстæг ракалуй æйкитæ (еугæф). Етæ кæрæдзебæл ниццæфсунцæ æма къуар бони уотемæй фæллæунцæ. Хор сæ гъар тавуй. Æйкитæй рацæуй хæфси бæдæлттæ. Етæ нæма фæуунцæ хæфси хузæн. Фæуунцæ усдур сæргин æма фæтæн даргъ думæггинтæ.

Етæ цæрунцæ æрмæст дони. Хуæрунцæ зайæгойти. Къуар бони ку рацæуа, уæд сæбæл разайуй раздæр фæстаг къæхтæ, уæдта раззаг къæхтæ.

Къæдзелæ минкъийæй минкъийдæр кæнуй, уæдта бунтондæр фесæфуй. Уотæ утъирæй рацæуй хæфсæ.

## Социалистон арæзтадæн ци дæттуй гъæдæ.

Колхозонтæ æрбаластонцæ хирхæйфадæн заводмæ гъæдтæ фадунмæ. Уоми сæ зæнхæмæ ракалдтонцæ. Æфсæйнаг вагонеткити (минкъийгомау уæрдунти) сæ коcгутæ æмбурд кæнунцæ хирхитæмæ.

Гъæдти дæргъæ‘рдæмæ æма цæхгæрмæ рафадунцæ алли хузæнттæ.

Аци гъæдæрмæг æрвист цæуй алли ‘рдæмæ, кумæ гъæуй, уордæмæ. Кæнунцæ си фæйнæг, рейкъитæ, стъарапелтæ, хъайвантæ æма æндæр уæхæнттæ. Гъæди лухдзæгтæ зурнæй зелунцæ æма си алли рæсугъд дзаумаутæ кæнунцæ.

Бæлæстæн сæ къалеутæй ба гъæди медæгæ амайунцæ сардзинтæ согтæн.

Еци сог арт кæнунæн цæуй къирæ содзæн æма агори содзæн гарнатæмæ, скъолатæмæ æма хæдзæрттæмæ.

Гъæдæй ма кæнунцæ гæгъæди. Мах хъæбæр гъæуй гæгъæди, уæлдай дæр нæ бæсти алли рауæн дæр скъолати ци берæ фæсевæд ахур кæнуй, уонæн.

Гъæдæй ма никки дæр химион заводти есунцæ химион элементтæ. Уонæй кæнунцæ хуарæнтæ, адæймагæн æма фонсæн хуастæ, микробтæ марæн хуастæ æма æндæр уæхæнттæ.

Гъæдæ ма берæ агъаз æй зæнхи медæгæ уомæладæ урамунмæ. Гъæдæ берæ ци бæстити уа, уоми цæугæдæнттæ æваст нæ ивулунцæ, уалдзæг мет тайун ку райдайуй, уæд. Уоми дони рахаст анзи дæргъи æй æнхузондæр. Уомæ гæсгæ гъæдæ агъаз кæнуй хуарæрзадæн, уæдта усдур цæугæдæнттæбæл наутæй цæунмæ дæр.

## Нанай радзурд.

— Нана, цæмæн кудтæ уæдæйти? Уæдта дæ кæуи фæууагътай æма дæхе цæттæ кæнунбæл фæдтæ... Радзорæ ма. Радзорæ-ма мин,—нæбал æма нæбал уагъта бицщеу æ фиди мади.

— Игъосæ, мадта. Адтæй мин фурт—е адтæй дæ

фидæ. Игъæлдзæг, зарагæ адтæй. Æдзох дæр адæми сæребарæ царди зартæ кодта.

Косгутæ'й берæ уарзтонцæ. Нæ хæдзарæмæ арæх цудæнцæ. Ци кæнун гъæуй, уой син амудта.

1 Майи бони имæ рагигомау е 'мбæлттæ æрбацудæнцæ. Фегъосун ин кодтонцæ, æмбурди'й дзорун ке гъæудзæнæй, уой. Рандæй. Дæ мадæ дæр сурх къохмæрзæн æрбабаста æма æ фæдбæл цæун фæндæ искодта. Уалинмæ ду райгъал дæ. Кæун байдæдтай. Фæххаста дæу дæр æ гъæбеси.

Гъæди æрæмбурд æнцæ. Гъæуайгæстæ æрæвардтонцæ. Дæ фидæ бæласи цонгмæ исхизтæй æма уордигæй дзурдта. Пъæлицæ еци сахат фæззиндтæй. Гæрæхтæ кæнун райдæдтонцæ адæми. Дæ фиди дин бæласæй топпи фатæй (нæмугæй) æргæлстонцæ. Дæ мадæ фæццæф æй. Дæу ба, дæ зæнгæ саст, уотемæй æрхастонцæ.

Æнæ дарæгæй байзадан. Дæ мадæ райдæдта косун заводи. Фуд кустæй си куста. Берæ си нæ бафæразта. Чехоткæй фæссæйгæй æма рамардæй. Мах байзадан мæгурæй. Зæрондæй 12 анзи бонгай фæккустон. Фал Советон хецауадæ ку фæззиндтæй, уæдæй фæстæмæ мах мæгур нæбал ан.

Абони мах бæрæгбон æй, æма æз мæхе уомæн цæттæ кæнун. Æз æма ду дæр цæудзинан гъæунгæмæ, демонстрацимæ. Игъæлдзæгæй заргæ цæудзинан косгути хæццæ. Абони æй усдур цийни бæрæгбон Советон Цæдеси фæллойнæгæнгутæн æнхуæцæмæн дæр.

## Май

(З а р).

Зæрди бунæй къабæзти 'дзаг
Хъури кæнун дæу, Май!
Дæ фæззинд нин—усдур цийнаг,
Дзæбæхæй мин цæрай.

Уолæфунмæ ду рæугутæ
Ку равардтай æрдзæн,—
Идзулд æнцæ нæ цæргутæ,
Уонæн æнкъай æз дæн.

Ду равардтай гъæди цъеутæн
Низзарунмæ гъæлæс!
Уони зармæ нæ биццеутæй
Ку феронх æй сæ къæс.

Дала-фæндур—зæрбатугæн,
Борæмæлгъæн—хæтæл,
Хори тунтæн сæ рацудæн—
Цъæх будуртæ—хæтæн.

Нæ тар гъæдæн кæрци бæсти—
Цъæх даритæй фæлуст...
Æхседдзæнæй нæ хъал бæсти
Нæ адæмæн сæ куст.

Даргъ ауæдзæ—фæтæн хумтæ
Фæлхъевдзæнæй готон...
Нæ зæронд лæг æ рист сунтæ
Райваздзæнæй фæндон.

Нæ сабийтæн нæ цъæх фæзи
Сæ гъазæн уат—сæ уарзт...
Æ уедæгтæн бæрзонд нæзи
Райхалдзæнæй сæ баст...

Нæ рæсугъд Май, нæ уарзон Май,
Æгас цæуай, æгас!
Дæу фæрци нур нæ фонси хай
Æй хуаллагæй æдас!

Нур хезунцæ цъæх æрдозти
Сурх æргъæуттæ сæдтæй—
Ду фейафæ нæ колохзти
Сæ уалдзæгмæ цæттæй.

Зæрди бунæй—къабæзти дзаг
Хъури кæнун дæу, Май!
Дæ фæззинд нин—усдур цийнаг,
Дзæбæхæй мин цæрай!

## Уалдзæг.

Еунæг дæр нæ бухстæй зуймон ехæнæн.
Мæгур лæг нæ гæлста æ бузуртæ.
Фæззиндтæй нæ уалдзæг дуйнейти нивæн,
Æ фарнæй нихходтæнцæ булуртæ.

Нæбал гъæунцæ нур уæззау кæрцитæ,
Нæ хуймон искафуй уæгъд курæти.
Æскъунунцæ донæй федар мæскъитæ.
Сæ метдон ма уайуй сæ цæгæтти.

Сæ хонсарæй фийау бæласи бунæй
Æ хæтæлæй цæгъдуй æ фустæбæл.
Фæйервазтæй алке зиндони зинæй,
Æрæнцадæй дзенет нæ бæстæбæл!

Æвзестау æрттевуй рæзи дзæгæрæг,
Низзарунцæ уоми берæ мæргътæ,
Ходæзмолæй дзоруй мæтъæл зæрдæ лæг,—
Нæ уалдзæг, нæ уалдзæг, ци дзæбæх дæ!

## Уотæ кæнун гъæуй.

Минкъий Хæмæт абони акъоппи еунæгæй байзадæй. Æ мадæ кумæдæр рандæй. Фидæ нур дууæ къуæрей бæрцæ некæцæй зиннуй. Немуци хæццæ тох кæнуй. Фал Хæмæт уобæл дес нæ кæнуй. Е зонуй, пъæлицæ ин æ фиди ке агоруй, æма хуарз æй, æ фидæ ке некæцæй зиннуй, е. Хæмæти фидæ æй коммунист.

Хæмæт фегъуста къæхти гъæр. Акъопмæ бацудæй æртæ немуцаги.

— Ду еунæг дæ, биццеу?
— О.
— Кæмий дæ мадæ?
— Рандæй.
— Дæ фидæ ба?
— Е дæр кумæдæр рандæй.
— Кумæ рандæй?

Хæмæт сив дзуапп равардта, нæ зонун, зæгъгæ.

— Æз дæ ахæстонæмæ фæлласдзæнæн,—дзоруй бæрзонд лæг.

Хæмæти зæрдæ исгупп-гупп кодта. Фал зæгъгæ ба неци кодта.

Хæмæти фæххудтонцæ, исбадун æй кодтонцæ автомобили æма'й фæлластонцæ.

Сахатти 'рдæгмæ е бахаудтæй кæдзос, рæсугъд уатмæ.

Æрбадун æй кодтонцæ. Æ комкоммæ бадтæй лæг пъæлицæйаг форми.

— Цал анзи дæбæл цæуй? Дæ ном ци хуннуй? Скъолай ахур кæнис?

Хæмæт дзуаппитæ равардта.

— Хуæрун дæмæ нæ цæуй?

Хæмæт хуæруйнаг байагурдта.

2—3 минуттей фæсте Хæмæт зæрдиуагæй ростæ кодта. Æвеппайди æй æнцад æма тагъдгомау фæрсуй пъæлицæйаг:

— Дæ фидæ ба кæмий? Хæмæт змæлгæ дæр нæбал кæнуй.

— Кæми'й дæ фидæ?

Неци дзоруй Хæмæт.

— Кæми'й дæ фидæ, зæгъгæ, дæ ку фæрсун æз?!

Хæмæт нигъгъосæй, неци дзоруй.

Уати адтæй æнцад, фарсбæл сахатти цъинк-цъинк игъустæй.

Кадæр бацудæй уатмæ æма, Хæмæти амондæн, фæдздзурдта пъæлицæйагмæ. Пъæлицæйаг исхъур-хъур кодта æма рацудæй уатæй.

Еу къуар минутти фæййевгъудæй. Некебал зиндтæй уатмæ.

Хæмæт дуар фегон кодта. Рацудæй. Дуармæ лæуужæг салдæттæ имæ сæ гъос нæ бадардтонцæ. Хæмæт ледзунмæ фæцæй, ниффардæгæй.

Сахатти æрдæги фæсте адтæй сæ хæдзари, æ хуссæни. Бафунæй кæнунмæ'й берæ нæбал гъудæй, фал æвеппайди фестадæй æма хуссигъæлдзгутæй фæрсуй æ мади:

— Æццæйнæ, коммунистæн нимодзæг уæн æцæгæй нæйес?

Хæмæт зонуй, коммунисттæ уæхæн рæстæги ке неци исгъæр кæнунцæ, ци фæнди зин ку уа, уæддæр.

Хæмæт зонуй, хуарз ке бакодта, уой, æма æ зæрдæ игъæлдзæг æй. Медбилти ходгæ бабæй æрхустæй æма уайтагъд рафунæйæй.



Хузæмæ гæсгæ исаразетæ радзурд.

## Сæрд.

Хур судзы... Уырыдзы
Хæрынæн бæззы...
Чи хъæдæй рæгъæдæй
Сырх мæнæргъ хæссы,

Чи халсарæй кæмтты
Æргъæмттæ бæтты...

Хуыскъæлæй, æхсæрæй
Кæм цæуынц рæтты!

Цæвæгæй, мæхъитæй
Æхсырфæй цæттæ,
Хорз байрай, мæ бæстон,
Кæмдæриддæр дæ!

---





Хузæмæ гæсгæ исаразетæ радзурд.

## Е кæд фæууй?

Бон фæддаргъ уй.
Маргъ райгъалуй
Мет тайуй...
Е кæд фæууй?





Хор тухгин тавуй
Хуари нæмуг хъæбæр
кæнуй.
Мос арæзт цæуй...
Е цума кæд фæууй?

Хори тавд фæммин-
къийдæр уй.
Сифтæр фæббор уй.
Мегъæ æрвтæ æмбæр-
зуй...
Е цума кæд фæууй?





Бон ниццубур уй.
Ех дон бамбæрзуй
Зæнхæ мети буни хус-
суй...
Е нæмæ цума кæд
фæууй?




Хор ци'рдиги искæсуй, е хуннуй Искæсæн (хорискæсæн).
Хор ци'рдиги ранигулуй (рафтуйуй), е хуннуй Нигулæн.
Де'ргом искæсæн æрдæмæ ку раздохай, уæд рахез фарсæй уодзæнæй Хонсар, галеу фарсæй ба—Цæгат.

## СÆРГÆНДТÆ.

Фарс

Советон Цæдисы Гимн . 3
Скъоладзау—*Хозиты Я.* . 4
Бибо скъолай . . . —
Æнхæсткæнуйнаг . . . 5
Чиныг—*Хъæммæрзион* . —
Цубур æма Гъолон . . 6
Нæуæгдзаути рацуд—*Хъазбегти Хъ.* . . . . . 7
Бæгъатæр . . . . —
Сæрдæ—*Багъæрати Созур* 8
Хелагæ . . . . . —
Сæумон хори тунтæ . . 9
Кæсалгæ ахæссунмæ . . 11
Соцерис . . . . . 12
Сæрддон сах уарун гъæди 13
Хосгæрдæг—*Дзалаты М.* 14
Бæгъатæртæ . . . . —
Дууæ 'мбали. . . . 15
Æргъау . . . . . —
Фæззæг . . . . . 16
Фæззæг—*Хъазбегти Хъ.* . 17
Сувæллæнтти рæвдауæндонæ—
Рæвдауæндони агъаз мадтæлтæн. . . . . . . 18
Æрра фийау—*Къоста.* . 19
Мæргътæ тæхунцæ . . 20
Бирæгъ æмæ хърихъупп—*Къоста* . . . . . . . 21
Цъиу æмæ сывæллæттæ—*Къоста* . . . . . 23
Фæззæг колхози . . . 25
Æрæгвæззæг . . . 26
Тиллæги бон . . . —
Колхозон бригад—*Цырыхаты Михал..* . . 27
Хуарз æнсувæр . . . —
Фурттæ (аргъау) . . . 28
Хæлар æнсувæрдзийнадæ хъазардæрæй гъæздугдзийнадæй . . . . 29
Дууæ фæткъуй . . . 30
Галхæфсæ . . . . 31
Æрæгвæззæг будури . . 31
Гъæди . . . . . 32
Мичурини скуæлхтдзийнæдтæ . . . . 33
Гъæуайгæнæг . . . 35
Фæззигон изæр колхози . —
Мæгур лæг . . . . 36
Мæгуыры зæрдæ—*Къоста.* 38
А-лол-лай!..—*Къоста.* . 39
Зæронд дзамани . . . 40
Октябри революци . . 41
Хъобангом . . . . 42
Беслæни Маисон комбинат. 43
Трактор . . . . . 44
Тракторти завод . . . —
Курд—*Багъæрати Созур.* . 45
Адæмти æнсувæрдзийнадæ 46
Лохдир сæйги уинуй . —
Сæйгæ ахургæнæгмæ . 47
Сæйгæдæнттæ æма санаториити агъаз . . . 48
Сæумæ—*Хъазбегти Хъ.* . 49
Денгизи билæбæл—*Гулути Æнрей* . . . . —
Нæ сауæртæ . . . 50
Цъæйи курорт . . . 51
Зумæг . . . . 52
Фиццаг мет . . . 53
Гурæн къолæ . . . 54
Ехбæл æма метбæл . . —
Уазал бæстити . . . 55
Мети буни . . . . 56
Фæндæгти арæзтадæ . . 57
Турксиб . . . . —
Цæликк . . . . . 58
Дигори канал . . . 59
Мæскуй номбæл канал . 60
Уæлдæфон флот . . 61
Ополченицти марш . . 63
Павлик нæ тæхгутæн куд фæйнагъаз æй . . 64

Радио . . . . . . . 65
Уыциу-уыциутæ—*Хозити Я.* . . . . . . . . 66
Челюскинонтæ . . . —
Тогæйдзаг хуцаубон . . 68
Ленин . . . . . . . 69
Владимир Ильич Ленин . 71
Косгути æмбал . . . . 73
Иосиф Виссарионивич Сталин . . . . 75
Авдæни зар . . . . 77
Мах æвзарæн советтæмæ . 79
Сталин—дзилли амонд . —
Сталинон Конституци . 81
Нæ Райгурæн бæстæ . . —
Ци конд æрцудæй Ленини фæдзæхститæмæ гæсгæ 83
Советон Æфсад . . —
Хъæбатырты зарæг—*Сурков А.* . . . . . . . . . 84
Зарæ мæлгъæ—*Хъазбегти Хъ.* . . . . . . . 85
Цуппар æнсувæри . . . 86
Арæн гъæуайгæнгутæ . . —
Дууæ æмбали . . . . 87
Бæх æнæмæнгæ гъæуй . 88
Мамлакат Нахангова . . 90
Æнхуæцемæй амондгундæр бон . . . . . . . —
Зæронд царди нивтæй . . 92
Сидзæргæс—*Къоста* . . 93
Советон силгоймаг . . . 94
Лизæ—партизанкæ . . . 95
Силгоймаги цард фиццаг æма нур . . . . —
Куд уæйæ кодтонцæ сувæллæнтти . . . . . 96
Су-Ми . . . . . . . . 97
Ванькæ Жуков—*Чехов* . 98
Лæскдзæрæн—*Къоста* . 100
Хуæддзо нуазгутæ . . . 105
Уалдзæг æрцæуй . . . 106
Уалдзæг ралæудтæй . . —
Уалдзæги куститæ . . . —
Парижи Коммуни бон . . 107
Уалдзæг—*Къоста* . . . 108
Фиццаг ауæдзæ . . . . 108
Зæрватыкк—*Къоста* . . 109
Рæзæ-дзæхæрай æнхусгæнгутæ . . . . . . . —
Саумæлгъитæ . . . . 110
Сауцъиу—*Баситы М.* . 112
Узун . . . . . . . 113
Цауæни . . . . . . 114
Куй . . . . . . . 115
Марходарæг—*Къоста* . . 116
Гъæуайгæнгутæ . . . . 117
Æхсæрсæттæг . . . . 118
Берæгъ . . . . . . —
Стонг берæгъ . . . . 119
Уайдзæф—*Къоста* . . . 120
Тигр . . . . . . . . 121
Домбай æма робас . . . 122
Робас . . . . . . . 123
Робаси аргъау . . . . —
Адæймаги бауæри хæйтти будæу . . . . . . . 126
Фонси незтæ . . . . 127
Куд конд æй стори бауæр . 128
Гъоги кæвдæс . . . . —
Цæргæс . . . . . . . 129
Беркут-цæргæс . . 130
Мæнгæ лæг . . . . . 131
Инкубатори куст . . . —
Марихани сагъæс . . . 132
Уалдзæг—*Абайты Л.* . . 133
Дони зелдогъ . . . . —
Мудибиндзитæ сгаруни . 135
Гъæдтаг мудибиндзитæ . —
Хæлаур æма мудибиндзæ 136
Ка фæууодзæнæй фиццаг—*Гулути Æндрей* . . . —
Мудибиндзити куст . . 137
Хæфсæ . . . . . . . 138
Социалистон арæзтадæн ци дæттуй гъæдæ . . 140
Нанай радзурд . . . —
Май *Т. Бесати* . . . . 141
Уалдзæг *Бæгъæрати Созур* 143
Уотæ кæнун гъæуй . . . —
Сæрд—*Къоста* . . . . 145
[illegible] . . . . . 146

Редактор *Хæмицати А.*
Техникон редактор *Дзгойти А.*
Корректор *Саукуйти М.*

*Мухурмæ лæвæрд æрцудæй 3/VIII 1948 анзи. Мухурон сифтæ 9,375 Рауагъдади № 209. Заказ № 2269 Тираж 1500. ЕИ04150*

*

ЦÆГАТ ИРИСТОНИ АССР-и ПОЛИГРАФИЙ УПРАВЛЕНИЙЫ ТИПОГРАФИ.

*Дзæуджыхъæу, Дзанайти Ивани гъæунгæ, 20.*

Аргъ 3 с.